

ISSN 2088 0812

MAJALAH UMUM BERBAHASA JAWA KRAMA

GITIS BASA

NGGAYUH UTAMANING BASA MRIH LUHURING PAKARTI



Adicara Tingkepan (Mitoni)



Kunjungan Y3ss Dhateng Balai Bahasa Provinsi
Jawa Timur Lan Kantor Redaksi Jaya Baya



BALAI BAHASA
JAWA TIMUR



Isinipun Majalah



2



4



12



35



37



39



46



47

Atur Sapala Kabudayan	1
Adicara Tingkepan (Mitoni)	
J.F.X. Hoery	2
Ndhudhah Nilai Luhur Basa Jawi	
Kange Mucalaken Pakartining Generasi Mudha	
Ismunawain	4
Pawarto	
Kunjungan Y3ss Dhateng Balai Bahasa Provinsi Jawa Timur Lan Kantor Redaksi Jaya Raya	
Emi Sudarwati	12
Pelatihan Maca Geguritan 824 Peserta	
Emi Sudarwati	14
Cariyos	
Dumadosipun Dam Bagong	
St. Sri Emyani	16
Cerkak	
Sanggane Mitra	
J.F.X. Hoery	19
Nyidham Bandhosa	
Nono Warnono	21
Kalimput Pedhut Kidung Asmarandana	
St. Sri Emyani	23
Bu Lis	
Emi Sudarwati	25
Dolan Menyang Candhi Penampihan	
Zuly Kristanto	27
Geguritan	
J.F.X. Hoery	29
Nono Warnono	30
Sri Emyani	31
Keliek SW	32
Eksi Sekarini	33
Panimin Sastrodikoro	34
Papan Wisata	
Ngungak Pesisir Pangasan Ingkang Taksih Prawan	
Sri Isminiistuningsih, S.pd.	35
Guwa Ngerit Ingkang Taksih Ngregem Misteri	
St. Sri Emyani	37
Tetembungan	
Empan-mapaning Tembung	
Imam Riyadi	39
Pitutur Luhur	
Pitutur Luhur	
J.F.X. Hoery	43
Daharan	
Asem-Asem Bandeng	
Istirah	46
Wawancara	
Finalis Guru Inspiratif Nasional	
Nggagas Pelatihan Maos Geguritan	
Tumuju Rekor Muri 2021	47

ISSN 2088 0812

TITIS BASA

MAJALAH UMUM BERBAHASA JAWA KRAMA

PENANGGUNG JAWAB

Asrif

REDAKTUR

Dalwiningsih

DEWAN REDAKSI

Darmono Saputro (Javanologi Surabaya)
Amir Mahmud (Balai Bahasa Jawa Timur)

DESAIN GRAFIS

Okky N.

SEKRETARIAT

Rahmidi

ALAMAT REDAKSI

Balai Bahasa Provinsi Jawa Timur
Jalan Siwalanpanji II, Buduran, Sidoarjo 61252
Telepon/Faksimile 031-8051752
Pos elektronik: dalwiningsih@yahoo.com

Majalah Titis Basa nampi seratan kadosta cariyos, pangarsa, gegujengan, tetembungan, geguritan, lan naskah sanesipun ingkang wonten sesambetanipun kaliyan basa lan budaya Jawa. Redhaksi sampun sarujuk kaliyan isinipun lan kanton nerbitaken kémawon.

ATUR SAPALA

Assalamu`alaikum wr. wb.

Sugeng pinanggih malih para maos. Kados pundi pawartosipun sedherek Titis Basa sedaya, redhaksi ngaturaken pamuji mugi kita sami pinaringan kasarasan ugi pangayomanipun Gusti Inggang Maha Agung, aamiin. Alhamdulillah, bingah sanget majalah Titis Basa saged terbit malih ing taun 2021 menika.

Ing mangsa pandemi utawi pageblug ingkang dereng sirna ngantos wekdal menika, mangga kita sareng-sareng tetep njagi lan nerapakan protokol kesehatan ing kegiatan saben dintenipun.

Redhaksi boten kirang-kirang tansah ngaturaken agenging panuwun kaliyan para kadang ingkang sampun nyerat lan kintun naskah amrih nguri-uri majalah basa Jawa krama menika.

Sumangga para sutresna basa lan budaya Jawi, redhaksi aturi kintun naskah ing alamat posel ingkang sampun katulis ing sisi kiwa atur sapala. Pangajengipun redhaksi, mugi majalah Titis Basa saged maringi munfangat kanggè kita sedaya. Nuwun.

Wassalamu`alaikum wr. wb.

Adicara Tingkepan (Mitoni)

*Milai Jaman Prabu Jayabaya ing Kediri,
Tingkepan saking tembung Niken Satingkep.
.J.F.X. . Hoery -*

Salebeting bebrayan Jawi, kathah adat upacara wilujengan (slametan) ingkang kaleksanaan tumrap kulawarga saha masyarakat. Tumrap kukuban kulawarga, ing antawisipun adicara tingkepan utawimitoni.

Adicara tingkepan inggih punika adicara mengeti kulawarga ingkang mbobot sepindah ngancik wanci pitung wulan, sarana dipun dusi toya kembang setaman saha slametan.

Miturut buku YATMOYOGA ingkang kaserat dening R.M.Ng. Soemoatmoko ing Surakarta ingkang terbit warsa 1930, adicara tingkepan punika wiwit jaman Kediri, rikala ingkang ngasta pusaraning praja Prabu Jayabaya. Ratu gung binathara ingkang sekalangkung kasusrasa saha waskitha, kuncara awit saking ramalan-amalanipun tumrap bumi Nusantara umumipun lan bumi tanah Jawi mliginipun.

Niken Satingkep.

Nalika semanten wonten pawestri nama Niken Satingkep garwanipun Raden Sadiya. Niken Satingkep menika saben warsa ngandhut, nanging putranipun saben lair tilar donya mboten ngantos umur. Kedadosan makaten ngantos rambah kaping sanga (9).

Kulawarga wau sakalangkung sisah, kados-kados sampun mupus anggenipun kepengin momong putra. Ngantos piyambakipun gadhah niat badhe sowan dhateng nagari, matur dhateng Sang Prabu Jayabaya, nyuwun barokah amrih saged gadhah putra langgeng gesangipun, kangge nglajengaken trahipun.

Gilinging tekad, Raden Sadiya saha Niken Satingkep siyos sowan dhateng kedhaton. Kelampahan kekalihipun katampi sang Prabu, dinangu sedyanipun sowan ngabiyantara. Niken Satingkep lajeng matur menapa ingkang dados lelampahanipun, anggenipun mbobot sampun kaping sanga, nanging anakipun sadaya mboten wonten ingkang purun dipunemong. Awit saking menika, piyambakipun nyuwun dhawuh pangandikanipun



Sang Prabu, punapa ingkang kedah dipunlampahi amrih saged momong anakipun ngantos dhewasa saged nglajengaken taleripun.

Mireng aturipun Niken Satingkep, Sang Prabu ingkang hambeg tresna asih dhateng kawulanipun saha kasusra, pirsasaderengipun winarah

lajeng dhawuh dhateng Niken Satingkep.

Sepisan, Niken Satingkep ing dinten **Budha** saha **Tumpak** (Rabu lan Sabtu) saderengipun surya angslup kadhawuhan adus wuwung toya narmada (banyu suci) ingkang medal saking sumber, ngangge siwur enggal ingkang klapanipun mboten dicukil, kanthi memuji nyuwun kanugrahaning Hyang Widhiwasa.

Kaping kalih, supados mendhet cengkir gadhing kalih ingkang rinangga gambaripun Bathara Kamajaya saha Bathari Ratih.

Kaping tiga, sabibaripun adus wuwung, gantos pengangge ingkang enggal. Lajeng ngangge kendhit (Sak menika setagen) saking **ron tebu tulak** (tebu ireng) tebu ingkang uwit saha ronipun cemeng. Kendhit menika mangkenipun kapotong dening Raden Sadiya tanpa sanjang menapa-menapa, lajeng Raden Sadiya enggal-enggal ngungkuri Niken Satingkep saha nebih tanpa pamit.

Cengkir gadhing kalih wau kacepeng, lajeng katempelaken madharan mengandhap, kados-kados Niken Satingkep nglairaken.

Makaten dhawuhaipun Sang Prabu Jayabaya. Raden Sadiya saha Niken Satingkep lanjeng munjuk atur, nyuwun pamit.

Sareng sadaya katindakaken, let sawatawis wulan Niken Satingkep mbobot. Watawis sedasa wulan, Niken Satingkep mbabaraken. Ibu saha putra sehat, wilujeng ngantos dhewasa.

Inggih saking nami Niken Satingkep punika, adicara mitoni utawi mengeti mbobot pitung wulan kasebat tingkepan

Tingkep ing bebrayan Jawi.

Adicara tingkep tumrap bebrayan Jawi ngantos sakmenika taksih lestantun kanthi uba rampe jangkep. Saderengipun dipunwontenaken slametan (kenduren) dipun wontenaken adicara siraman. Nalika ingkang putri siraman, garwanipun ngagem busana kejawen jangkep nyengkelit keris.

Toya ingkang kangge siraman, kasebat kembang setaman, toya ingkang kaparingan maneka warni sekar, Siramipun saran dipun grujug dening para pinisepuh. Dene ingkang siram lungguh dhingklik ingkang dipun lemeki **ron apa-apa** (mrih slamet ora ana apa-apa), **ron alang-alang** (amrih ora ana alangan) **ron kluwih** (amrih bayine besuk dadi wong linuwih), **ron dhadhap sreng** (amrih uripe adhem, tentrem)

Wanci siraman jam 11.00, menika wonten kapitadosan bilih rumiyin para widadari jam 11.00 mandhap dhateng bumi saperlu siram

Sasampunipun rampung siram, lajeng dipunwedhaki lulur, wedhakupun kadamel saking pitung bahan, inggih menika glepung beras, mangir, pandhan, kemuning, mlathi, mawar, kenanga dipun dheplok ngantos alus. Salajengipun dipun damel bunderan alit-alit cacah pitu dipun paringi warni pitu ugi, inggih menika abrit, putih, cemeng, kuning, ijem, jingga, biru. Inggih menika ingkang kangge luluran. Sadaya cacah pitu, filosofinipun tiyang Jawi, pitu menika maksudipun pitulungan.

Kenduren

Lajeng dipun wontenaken kenduri, kanthi uba rampe :

1. Sekul jangkep salawuhanipun
2. Jajan pasar.
3. Jenang abang, jenang putih, jenang abang putih, jenang bara-bara, Jenang abang, bubur uwos dipun paring gendis klapa, Jenang putih, bubur putih sarasan. Jenang abang putih, jenang dipun tumpuk ngandhap abrit nginggil pethak, Jenang bara-bara, saking bahan katul dipun paring gendhis klapa.
4. Karak dipun goreng sangan lajeng dipun paring parutan klapa.
5. Kembang pari, inggih menika uwos ketan dipun goreng sangan dipunparingi parutan klapa.
6. Kue lapis.
7. Tumpeng rombyong
8. Pring sedhapur, inggih menika tumpeng saking glepung uwos.
8. Rujak uni. Menika wonten kapitadosan, bilih rujakipun seger, mbenjang putranipun putri, menawi rujakipun raos cemplang putranipun jaler.

Makaten wontenipun saha lumampahipun adicara tingkepan. Salaras kaliyan kemajenganipun jaman, pados ringkes saha praktis, samenika bacakan makaten utawi kenduri berkatipun sampun diwujudaken kothak utawi wadhah sanesipun. Sesajen sanesipun namung dados syarat saha namung samadya. Nuwun.



Toya kembang setaman



NDHUDHAH NILAI LUHUR BASA JAWI KANGGE MUCALAKEN PAKARTINING GENERASI MUDHA

Dening: Ismunawain
SMP Negeri 1 Ponggok Blitar



A. Purwaka

Jaman globalisasi saget anjalari pagesanganipun manungsa tansaya majeng. Kabukten, budaya-budaya modern (saking manca negari) paring pangaribawa ingkang ageng tumrap pagesanganipun manungsa wiwit saking pagesangan padinan ing griya ngantos dumugi pagesangan teknologi indhustri saha komunikasi. Donyaning pendhidhikan ing wekdal sakmenika sampun benten sanget kaliyan modhel-modhel pendhidhikan jaman rumiyin. Sedaya kalawau nedahaken bilih masyarakat sapunika sampun kapikut dhumateng daya pangaribawanipun budaya modern. Kejawi saking punika manungsa sami rumaos saha ngraosaken bilih pagesangan punika minangka asilipun cipta, rasa, lan karsanipun budaya modern. Sawenehing ewah-ewahan ingkang dumados pranyata boten namung dumados tumrap tatananing gesang ing babagan sosial ekonomi kemawon, ananging ugi sampun rumasuk wonten ing saranduning pagesanganipun manungsa wiwit ing babagan politik, basa, saha budaya. Pasrawungan antawisipun manungsa ingkang ngginakaken basa saget anjalari dumadosipun gesekan tumrap budaya, semanten ugi kosok wangsulipun pasrawungan budaya saget anjalari dumadosipun gesekan tumrap penganggenipun basa. Sedaya kalawau krana daya pangaribawanipun donya global ing salebeting jaman globalisasi.

Ing satengahing kemajengan jaman ingkang tansaya ngrembaka, minangka bangsa ingkang nggadhahi kapribaden sampun ngantos nglirwakaken budayanipun piyambak. Tumrap masyarakat Jawi kejawi sampun ngraosaken kemajenganipun jaman ingkang awujud duginipun budaya modern, nanging sampun ngantos nilarakene basa sarta budaya Jawi ingkang kebak piwucal

utawi tuntunan saha pangaji-aji (nilai-nilai) luhur. Pangaji-aji (nilai-nilai) luhur ing salebeting basa Jawi mujudaken kearifan lokal ingkang kedah dipun lestarekaken. Nglirwakaken kearifan lokal ateges mbalenjani kapribadenipun piyambak saha dipunanggep nilaraken kabudayan warisanipun para leluhur.

Masyarakat Jawi salah satunggaling etnis ingkang rumaos bombong lan mongkog dhumateng basa lan budaya Jawi senajan wekdal punika kathah generasi mudha sampun awis-awis ingkang saget ngecakaken unggah-ungguh basa kanthi trep adhedhasar undha-usukipun, saha kathah ingkang boten paham dhumateng kabudayanipun piyambak. Kepara wonten sawenehing pamanggih, bilih basa lan budaya Jawi dipunanggep budaya kuna saha feodhal ingkang sampunh boten jumbuh utawi boten cocog kaliyan kawontenan jaman sapunikai. Kamangka, jaman sapunika dipunbetahaken sanget pandom panuntun saha pangaji-aji (nilai-nilai) luhur ingkang saget ndadosaken bangsa punika anggadhahi kapribaden ingkang sejatos (pinuji) sarta anggadhahi budi pakarti ingkang luhur. Pramila saking punika perlu dipundhudhah kearifan lokal ing salebeting basa lan budaya Jawi ingkang kebak tuntunan utawi piwucal saha nilai-nilai ing kang adi luhung.

Ing salebetipun mawas kawontenan utawi kahanipun generasi mudha jaman sapunikai ingkang kados-kados sampun meh meh kecalan kapribaden, boten ngertos unggah-ungguh, saha sami nilaraken tata krami, prelu dipunwucalaken nilai-nilai adiluhung budaya lokal lumantar pendhidhikan formal saha nonformal. Sapunika sampun dumugi titi wancinipun dipunwiwiti malih piwucalan budi pakarti sarana ndhudhah pangaji-aji (nilai-nilai) adiluhungipun budaya lokal supados para generasi

mudha boten kerem lan katut dhumateng budaya manca ingkang boten jumbuh kaliyan budaya Jawi. Cendhek inggiling nilai budaya gumantung dhumateng jejeg saha teguhipun masyarakat anggonipun ngecakaken ing salebeting pagesangan (Djasudarma, 2002 ing sajrone Sartini, 2009:28).

Adhedhasar andharan ing nginggil, prelu sanget ndhudhah nilai-nilai adiluhungipun basa Jawi kanggo generasi mudha, amargi ing salebetipun nilai-nilai adiluhung budaya lokal (kearifan lokal) kinandhut tuntunan utawi piwucal budi pakarti kangge pandoming gesang ing satengahing jaman globalisasi.

B. Nilai-nilai Luhur salebeting Basa Jawi kangge Mucal Pakartinipun Generasi Mudha

Ing salebeting jaman globalisasi limrahipun para kawula mudha langkung remen dhumateng gumelaring basa manca katimbang nyinau basanipun piyambak, ingkang purun nyinau saha marsudi basa Jawi kados saget dipunetung ngangge driji. Sejatosisipun basa Jawi punika ngemot sakathahing kawruh ingkang pepak wiwit ajaran subasita, tata krami, basa, sastra, seni, ngantos dumugining kawruh bab kawontenaning ngagesang. Wontenipun para nem-neman boten purun nyinau basa Jawi amargi boten mudheng dhateng panganggenipun basa Jawi ingkang dipunraos langkung angel lan njlimet. Basa Jawi asring kaanggep ketinggalan jaman.

Basa Jawi mujudaken salah satunggalingipun basa dhaerah ingkang paling kathah dipun-ginakaken dening rakyat Indonesia, ananging krana kemajenganipun jaman sarta kathah generasi mudha ingkang sungkan nyinau basa Jawi, pramila panganggenipun basa Jawi tumrap nem-neman sapunika kirang trep. Wekdal sapunika basa Jawi kenging dipunwastani “harta karun” ingkang prelu dipundhudhah malih amargi ing salebetipun basa Jawi kathat tuntunan utawi piwucal kesaenan. Tuntunan utawi piwucal ingkang kinandhut ing salebetipun basa Jawi kedahipun dipunwucalaken dhumateng para generasi mudha supados nilai-nilai luhur (adi luhungipun) basa Jawi saget dipunmangertosi, dipunpahami, saha dipuncakaken ing salebetipun pagesangan ing bebrayan. Kanthi mekaten piwucal kesaenan tilaranipun para leluhur boten sirna saha boten kaendhih dening budaya manca ingkang dereng mesthi cocog kaliyan kapribadenipun bangsa Indonesia.

Inbg salebetipun ngecakaken basa Jawi dipunwucalaken kadospundi caranipun matur dhumateng tiyang ingkang langkung sepuh sarta caranipun pirembagan dhumateng sapepadhanipun utawi ingkang langkung enem. Ing salebeting pirembagan kedah saget ngecakaken unggah-ungguh basa kanthi leres. Watak utawi sipat, tindak-tandukipun utawi tingkah lakunipun

masyarakat Jawi saget dipuntingali lumantar panganggonipun basa Jawi adhedhasar unggah-ungguh. Unggah-ungguh basa mujudaken tata pranatan panganggonipun basa Jawi laras kaliyan tatakrami pasrawungan. Ingkang kedah dipun-gatosaken ing salebetipun unggah-ungguh inggih punika: sinten ingkang ngendikan, sinten ingkang dipunajak ngendikan, punapa ingkang dupun-ngendikakaken, punapa tujuwanipun ngendikan, kados pundi situwasi utawi kawontenanipun, lan sapanunggilipun. Tiyang ingkang saget ngecakaken unggah-ungguh basa kanthi leres ing salebetipun pasrawungan dipunanggep nggadahi watak sarta tindak-tanduk ingkang sae. Panganggonipun basa Jawi kanthi leres saget mahanani dumadosipun pasrawungan ingkang langkung harmonis. Kanthi mekaten basa Jawi mujudaken salah satunggaling srana kangge ndhapuk watak utawi karakter saben-saben tiyang. Saget ngecakaken basa Jawi kanthi trep ateges saget nindakaken pasrawungan kanthi leres, saget mapanaken dhiri pribadinipun piyambak, saha saget ngaosi/ngajeni tiyang sanes utawi sapepadhanipun.

Gonjang-ganjingipun jaman saha morak-marikipun kawontenan ing wekdal sapunika pranyata sampun nalisir utawi nyimpang kaliyan piwucal utawi tuntunan, saha tatanan utawi wewaton ingkang kinandhut ing salebeting budaya Jawi. Miturut sadhengahing budayawan saha para dwija (ing ariwarti Joglo Semar) kahananipun masyarakat ing wekdal sapunika salah satunggal ingkang dados jalaranipun inggih punika kabudayan Jawi sampun nalisir saking wewaton. Saengga bab tatakrami, trapsila, udanegara, tepa sarira, sarta budi pakarti ingkang luhur kados-kados sampun dados barang langka saha awis reginipun. Ingkang sampun dipunandharaken dening KRMP Srihadi Kusuma, satunggaling pengageng Yayasan Kusuma Andrawina, Keraton Kasunanan Surakarta, ngrembakanipun kasus tawuran pelajar, main (judhi), minum (pesta miras), utawa tumindak cidra lumantar korupsi, sedaya kalawau amargi sapunika kabudayan (utamanipun kabudayan Jawi) sampun nilar paugeraning wewaton. Sejatosisipun sedaya ngelmu lan kawruh kababar lumantar basa, sastra, lan budaya Jawi kadosta lumantar gendhing, beksan, ringgit, tatacara, upacara, sarta sedaya pranatan ingkang lumampah ing bebrayan kados tradhisi ingkang dipuncakaken ing keraton. Ajaranipun pepak wiwit piwucal bab gesang padintenan, ngantos kados pundi piwucal bab memayu hayuning bawana. Ing weksal sapunika basa, sastra, lan budaya Jawi prasasat sedaya sampun dipunlirwakaken, ingkang dipunconto utawi dipunkiblat malah kabudayan mancanegari ingkang dereng kantennan jumbuh kaliyan raosing Jawi.

Sinau basa Jawi boten saget dipunpisahaken kaliyan nyinau sastra lan budaya Jawi, mulanipun ing salebeting piwucalan basa Jawi sampun kacakup babagan sastra lan budaya. Ing salebetipun nyinau basa Jawi prelu ndhudhah pangaji-aji (nilai-nilai) luhur ingkang kinandhut ing

salebetipun basa Jawi supados para generasi mudha boten kecalan adeg-adeg (kapribaden, jatidiri) satemah saget celak dhumateng budayanipun piyambak inggih punika budaya Jawi. Para sosiolog sampun ngakeni bilih kasusastran Jawi mujudaken satunggaling sarana kangge nyumurupi saha mangertosi babagan tata krami, unggah-ungguh, saha gegayuhanipun bebrayan agung; sastra Jawi mujudaken peranganipun kabudayan. Robson (1978:6-7) ngandharaken, bilih kasusastran punika peranganipun kabudayan, saha kabudayan punika dumados saking kapitayan, tatacara saha upacara adat, cipta rasa budi karsa, saha sedayanipun gegayuhan bebrayan ingkang tansah dipunwarisaken utawi dipunturunaken dhumateng putra wayah. Supados para generasi mudha boten kecalan lacak, saha saget ngalairaken generasi nem-neman ingkang nggadhahi sifat utawi watak satriya, luhur bebudenipun, wasis, saha wicaksana pramila wiwit sapunika nilai-nilai luhur basa Jawi prelu dipundhudhah saha dipunsinaoni. Ingkang paling wigatos boten namung apal, ananging ugi saget mudheng/paham saha saget ngecakaken ing salebetipun pagesangan saben dintenipun.

Pendhidhikan basa Jawi sasaget-sagetipun dipunarahaken kangge ndhudhah nilai-nilai adi luhung budaya Jawi ing salebetipun pagesangan. Basa Jawi tuwuh ngrembaka minangka jatidhirining bangsa kanthi tetep ngugemi nilai-nilai ingkang adiluhung. Miturut Suharti (1996:151) basa Jawa nggadhahi tigang piguna inggih punika piguna kabudayan, pasrawungan, saha pendhidhikan. Piguna tumrap kabudayan dipunarahaken kangge tujuwan nglestarekaken, ngrembakakaken, saha inventarisasi kabudayan. Piguna pasrawungan dipunarahaken kangge tujuwan sarana sesrawungan ing salebetipun kulawarga saha masyarakat Jawi. Dene piguna pendhidhikan inggih punika kangge tujuwan kultural lan edukatif. Tujuwan edukatif dipunarahaken supados saben tiyang (Jawi) saget ngecakaken basa Jawi kanthi leres lan trep saha kangge mendhet nilai-nilai budaya kangge kaperluwan ndhapuk kapribaden minangka jatidhirinipun bangsa. Tujuwan kultural nggadhahi pangajab lumantar pendhidhikan saget dipundhudhah lan dipuntancepaken nilai-nilai adi luhungipun budaya Jawi kangge ngawekani (nyegati), nyaring, saha milah-milih lumebeting budaya manca. Kangge ngadhepi situasi ingkang sarwi ngrepotaken saha mbingungaken kados wekdal sapunika dipunperlokaken cak-cakan pigunanipun basa Jawi minangka sarana pendhidhikan. Pendhidhikan ingkang kinandhut ing salebetipun basa Jawi inggih punika pendhidhikan budi pakarti luhur saha watak utami.

1. Ndhudhah Nilai Luhur ingkang Magepokan kaliyan Panembah dhumateng Gusti

Saben manungsa ingkang ngrasuk satunggaling agami mesthi nggadhahi tatacara manembah ingkang benten-benten. Senajan tatacaranipun manembah benten

ananging tujuwanipun sami inggih punika kangge nggayuh kasampurnaning gesang ing tembe wingking miturut kapitayanipun piyambak-piyambak.

Tetembungan ingkang ungelipun “adoh tanpa wangenan, cedhak datan senggolan” mujudaken nilai luhur ingkang nerangaken utawi ngajaraken kapitayanipun manungsa dhumateng Gustinipun, saben manungsa kedah pitados dhumateng wontenipun Gusti Allah. Nalika manungsa boten ngraosaken bilih Gusti Allah punika panggenanipun tebih dumunung ing langit sap pitu ingkang tebihipun boten saget dipunukur (adoh tanpa wangenan), ananging Gusti Allah punika kadhangkala saget dipunraosaken ketingal celak sanget ing lebet manahipun manungsa ewadene manungsa boten wonten ingkang saget nyenggol wewujudanipun Gusti Allah (cedhak tanpa senggolan). Tetembungan (nen-unen) punika prelu dipundhudhah, dipunwucalaken, saha dipuntancepaken dhumateng jiwaniipun para generasi mudha supados tansah mbudidaya purun nyelak saha manembah dhumateng Gusti ngantos saget ngraosaken saha purun ngakeni kaagunganipun saha panguwaosipun Gusti Allah (Pranowo, 2003:276). Kejawi tetembungan kasebat tetembungan ingkang saget dipundhudhah ingkang magepokan kaliyan tatacaranipun manembah dhumateng Gusti inggih punika: (a) manunggaling kawula lan Gusti; (b) golekana tapake kontul nglayang; (c) golekana galihe kangkung; (d) golekana susuhe angin; lan sapanunggilipun.

Unen-unen “manunggaling kawula lan Gusti” ingkang teges wantahipun “manunggale jagad cilik karo jagad gedhe” ngandhut piwucal saben manungsa kedahipun tansah mbudidaya saha ngupadi kanthi saestu sarana tirakat madosi saha manembah dhumateng Gustinipun. Krana purun manembah saha cecaketan dhumateng Gustinipun, manungsa saget ngraosaken kantentremaning gesang. Unen-unen “golekana tapake kontul nglayang, golekana galihe kangkung, lan golekana susuhe angin” menawi dipuntegesi kanthi wantah kados-kados boten klebet ing nalar, pundi wonten tapakipun kontul ingkang nglayang, punapa wonten kangkung ingkang nggadhahi galih, saha punapa wonten angin ingkang nggadhahi susah? Senajan tetembungan utawi unen-unen punika boten klebet nalar, ananging bilih kita pitados dhumateng panguwaosing Gusti Allah samukawis ingkang kados-kados boten kelampahan ananging bilih Gusti Allah sampun ngersakaken mesthi saget kelampahanipun.

Wonten malih piwucal saha wewaler ingkang prelu dipundhudhah saha dipunwucalaken dhumateng para generasi mudha kangge tuntunan ingkang saget mahanani kandelung kapitayan kados ingkang kapendhet saking “Butir-butir Budaya Jawa” kadosta: (a) Pangeran Kang Maha Kuwaos (Gusti Allah, Tuhan) punika

setunggal, anglimputi ing sadhengah papan, langgeng, ingkang nggelar jagad punika saisinipun, dados sesembahanipun tiyang saalam donya sedaya, panembahan ngangge caranipun piyambak-piyambak; (b) Pangeran punika nitahaken sira lantaran bapa saha biyungira, pramila sira kedah angurmati dhumateng bapa lan biyungira; (c) Ing ngalam donya punika wonten kalih warni ingkang dipunwastani bebener, inggih punika leres menggahing Pangeran saha leres saking ingkang saweg kuwaos; (d) Aja sira wani-wani ngaku Pangeran, senadyan kawruhira wis tumeka “Ngadeg Sarira Tunggal” utawi saget mengertosi “Manunggaling Kawula Gusti”; (e) Aja sira wani marang wong tuwanira, jalaran sira bakal kena bendu saka Kang Murbeng Dumadi; (f) Aja lali saben ari (dina) eling marang Pangeranira, jalaran sejatine sira iku tansah katunggon Pangeranira; lan sapanunggilipun.

Salajengipun kangge maringi pandoming manungsa minangka tuntunanipun manambah dhumateng Gusti inggih punika piwucal ingkang dipunwastani Hasta-Sila ingkang dumados saking Tri-Sila lan Panca-Sila (Herusatoto, 2008:126-129). Tuntunan Tri-Sila punika wujudipun: eling, pracaya, saha mituhu. Dene Tuntunan Panca-Sila wujudipun: rila, narima, temen, sabar, lan budi luhur.

Katrerangan ngengingi piwucal Panca-Sila saget dipunjentrehaken mekaten: (a) eling, tegesipun eling lan sadhar kangge tansah ngabekti/manambah dhumateng Gusti Ingkang Maha Kuwaos; (b) pracaya, tegesipun pitados dhumateng wontenipun suksma sejatos lan utusan-Nipun; (c) mituhu, tegesipun tansah setya tuhu nindakaken sedaya prentah-Ipun; (d) rila, tegesipun rasa ati ingkang eklas nalika masrahaken sedaya gadhahanipun dhumateng Gusti; (e) narima, tegesipun nyukuri sedaya peparing saking Gusti. Punapa kemawon peparingipun Gusti dipuntampi kanthi suka renaning manah, boten melikaken darbeking tiyang sanes, satemah boten gadhah raos iri dhumateng tiyang sanes; (f) temen, tegesipun netepi janji utawi pocapanipun piyambak. Punapa ingkang dipunucapaken ing lisan saha ingkang dipunantepi ing manah boten nate dipunblenjani; (g) sabar/momot, tegesipun sabar ngadhepi sedaya pacoban sarta boten nglokro, ananging malah dados tiyang ingkang kiyat/teguh imanipun saha jembar kawruhipun; (h) budi luhur, tegesipun tansah mbudidaya nindakaken gesang kanthi watak/sipat-sipat sae kados sipatipun Gusti Ingkang Maha Mulya, tuladhanipun tresna asih mring sesami, suci, adil, ora mbenten-mbentenaken masalah drajat pangkat, sarta boten nilaraken tatakrama/tata susila; lan sanes-sanesipun.

2. Ndhudhah Nilai Luhur ingkang Magepokan kaliyan Pasrawungan ing Bebrayan Agung

Pasrawungan dhumateng sesami ing salebeting bebrayan agung kedah netepi tatakrama adhedhasar unggah-ungguh ingkang sampun dipuntemtokaken. Ing

salebetipun pasrawungan nilai adi luhungipun basa Jawi ingkang kedah dipun-gatosaken awujud piwucal budi luhur lan watak utami, inggih punika piwucal ingkang dipunarahaken dhumateng pakarti/tumindak ingkang utami. Piwucal budi luhur ingkang kedah dipundhudhah salebeting basa Jawi awujud piwucal kautamen (pitutur luhur ingkang kinandhut salebeting paribasan, bebasan, lan saloka) sarta cak-cakanipun unggah-ungguh basa ing salebeting pasrawungan.

Supados pasrawungan dhumateng sesami ketingal rumaket saha sae dipunperlokaken wontenpun raos urmat-kinormatan, mad-sinamadan, ajen-ingajenan, sarta nggadahi raos tresna asih mring sesami. Piwucal ingkang saget kangge tuntunanipun pasrawungan dhumateng sesami ingkang prelu dipundhudhah lan dipuntancepaken dhumateng jiwaniipun para generasi mudha miturut Herusatoto (2008:130) inggih punika tembung “aja dumeh” saha “aji mumpung”.

“Aja dumeh” mujudaken pandom/tuntunan supados tansah mawas dhiri tumrapipun manungsa ingkang sampun dipunparingi kabegjan saha kanugrahan saking Gusti Allah. “Aja dumeh” ugi mujudaken pepenget supados saben manungsa tansah emut dhumateng sesaminipun. Ing salebetipun kabagyan saget piantuk kaluwihan-kaluwihan lair batin (material spiritual), sampun ngantos tumindak loba lan tamak, sarta sampun ngantos ngliwawaken masyarakat ing sakiwa tengenipun. Ingkang kedah dipunemuti, menawi sedaya kabegjan lair lan batos ingkang sampun dipunraosaken punika asalipun boten namung saking dhiri pribadinipun piyambak kemawon ananging saget ugi amargi saking dayanipun, bantuwanipun, sarta palilahipun masyarakat ing sakiwa tengenipun. Kanthi mekaten tembung “aja dumeh” mujudaken tuntunan tumrap generasi mudha supados tansah mawas dhiri sampun ngantos ngliwawaken lelabetanipun tiyang sanes utawi masyarakat sakiwa tengenipun nalika gegayuhanipun sampun saget kasembadan. Tuntunan saha piwucal ngengingi mawas dhiri kadosta: (a) Aja dumeh kuwasa, tumindak deksura lan deksia marang sapepadha; (b) Aja dumeh pinter, tumindak keblinger; (c) Aja dumeh kuwat lan gagah, tumindak sarwa gegabah; (d) Aja dumeh sugih, tumindake lali karo wong ringkih; (e) Aja dumeh menang, tumindake saweang-wenang; lan sanes-sanesipun.

“Aji mumpung” mujudaken tuntunan tumrap para generasi mudha kangge ngendhaleni dhiri pribadi saking sipat serakah lan angkara murka nalika pikantuk kanugrahan utawi nalikanipun dipunparingi satunggaling jabatan (panguwaos). Miturut ajaranipun tiyang Jawi, gesang punika kenging dipunwastani cakramanggilingan, tegesipun tansah muter kadosdene rodha. Cakra punika satunggaling sanjata gadhahane Prabu Kresna titisanipun Bathara Wisnu raja Dwarawati, wujudipun panah ingkang

pucukipun awujud rodha, menawi panah dipunlepasaken saking busuripun pramila sanjata cakra punika badhe lumusat kanthi cakranipun rodha muter ngener dhateng panggenan ingkang tinuju. Utawi langkung gamblangipun, menawi dipunibarataken kadosdene rodhanipun kreta ingkang saweg mlampah. Nalika puteraniipun rodha manggen wonten ing nginggil dipunibarataken nasibipun manungsa angsal kamulyan (upaminipun nampi panguwaos). Mumpung dados panguwaos, mumpung nggadhahi wewenang lan kalodhangan kangge ngatur samukawis punapa kemawon, sampun ngantos kalodhangan punika dipun-ginakaken kangge kaperluwanipun piyambak lan sampun ngliwakaken kuwajiban. Tuntunan utawi piwulang ngengingi tembung “aji mumpung” ingkang kedah dipunsingkir kadosta: (a) Mumpung kuwat lan gagah, banjur tanpa arah-arah; (b) Mumpung pinter, banjur sembrana lan nerak wewaler; (c) Mumpung kuwasa, banjur tumindak sapa sira sapa inggun; (d) Mumpung sugih, banjur nyenyamah karo wong ringkih; (e) Mumpung menang, banjur nyawiyah hake liyan; lan sanes-sanesipun. Tetembungan iki bisa diwulangake lan ditancepake marang jiwaning para generasi mudha aja nganti tumindak aji mumpung.

Kejawi tetembung ing nginggil ugi taksih wonten unen-unen ingkang kenging kangge tuntunan ingkang magepokan kaliyan pasrawungan ing bebrayan agung, kadosta: (a) Aja adigang, adigung, adiguna; (b) Aja kumingsun; (c) Ciri wanci lelai ginawa mati; (d) Ngono ya ngono nanging aja ngono; (e) Tanggap ing sasmita, ngerti ing semu; (f) Ber budi bawaleksana; (g) Dudu sanak dudu kadang yen mati melu kelangan; (h) Tuna satak bathi sanak; (i) Nguthik-uthik macan dhedhe; lan sapanunggilipun.

3. Ndhudhah Nilai Luhur kangge Pandam Pandoming Gesang

Manungsa gesang kedah ngertos angger-angger saha anggadhahi paugeran, tatanan, sarta pandam pandoming gesang. Pandoming gesang mujudaken lelandhesan kangge maringi tuntunanipun ngagesang ingkang migunani sanget tumrap dhiri pribadi, masyarakat, saha negari. Istilah pandoming gesang miturut Ciptoprawiro (1992) dipunwastani falsafah kejawen. Pandoming gesan manungsa setunggal kaliyan sanesipun boten sami, pramila benten-bentening pandoming gesang punika kadhangkala saget nuwuhaken padudon utawi pasulayan ing salebeting gesang bebrayan. Senajan saben-saben tiyang nggadhahi pandoming gesang ingkang benten-benten, ananging anggenipun ngecakaken ing bebrayan sampun ngantos klentu, tur anggenipun mahami utawi mangertosi saben-saben pandoming gesang kedah leres.

Wontenipun kedadosan bom bunuh dhiri lan kasus terorisme ingkang asring dumados ing wekdal sapunika

amargi taksih kathah tiyang ingkang klentu anggenipun mahami lan ngecakaken pandoming gesang ing salebeting bebrayan. Tiyang ingkang klentu anggonipun mahami dhumateng pandoming gesang – amargi anggenipun mangertosi namung saperangan (boten sawetahipun) -- wekasaniipun nuwuhaken salah paham, bilih dipuncakaken ing salebeting pagesangan saget nuwuhaken bebaya lan kapitunan tumrap tiyang sanes (upamanipun kasus terorisme lan bom bunuh dhiri). Sanadyan para pimpinanipun teroris sampun kathah ingkang kecepeng ewadene kasus terorisme taksih terus wonten amargi ajaranipun sampun kadhung mancep wonten ing manahipun para kawulanipun lan taksih terus sumebar. Krana pandoming gesang ingkang dipunugemi dening para teroris klentu kedahipun ingkang dipuntumpes boten namung para pimpinanipun kemawon ananging pandam pandoming gesang ingkang klentu punika kedah dipunewahi lan dipunleresaken.

Para generasi mudha kedahipun dipunparingi piwucal saking nilai-nilai luhur basa Jawi kangge pandoming gesang. Nilai-nilai adi luhungipun basa Jawi punika kedah dipundhudhah lan dipuntancepaken dhateng jiwaniipun para generasi mudha amrih kenging kangge pandam pandoming gesang. Miturut Hildred Geertz (1961:146) pandoming gesang masyarakat Jawi ingkang paling nemtokaken tatacaraniipun srawung punika wonten kalih. Sepisan, ing salebeting pasrawungan masyarakat Jawi tansah njagi tindak-tanduk lan pakartinipun, kadospundi caraniipun supados boten ndadosaken padudon/pasulayan. Kaping kalih, masyarakat Jawi ing salebeting pasrawungan, pirembugan, lan tumindak tansah nuduhaken watak kurmat dhumateng tiyang sanes. Pandoming gesang miturut Geertz punika dening Magnis-Suseno (1985:38) dipunwastani prinsip karukunan lan prinsip kurmat.

Nilai-nilai adiluhung basa Jawi ingkang prelu dipuntancepaken ing salebeting jiwaniipun generasi mudha ngengingi prinsip karukunan ingkang wonten ing salebeting piwucal basa Jawi (Butir-butir Budaya Jawa) inggih punika: (a) Sing sapa seneng ngrusak katentremaning liyan bakal dibendu dening Pangeran lan diwelehake dening tumindake dhewe; (b) Wong linuwih iku kudu bisa ngepek ati lan ngepenakake atine liyan. Yen kumpul karo mitra kudu bisa ngetrapake tembung kang manis kang pedhes, sepet, bisa gawe senenging ati. Yen kumpul pandhita kudu bisa ngomongake tembung kang becik. Yen ana sangareping mungsuh kudu bisa ngatonake kuwasa pangaribawa kaluwihane; (c) Sing seneng gawe nelangsane liyan iku ing tembe bakal kena piwales saka panggawene dhewe; lan sapanunggilipun.

Nilai-nilai adiluhung basa Jawi ingkang prelu dipuntancepaken ing salebeting jiwaniipun generasi mudha ngengingi prinsip kurmat ingkang wonten ing salebeting

piwucal basa Jawi (Butir-butir Budaya Jawa) inggih punika: (a) Wong kang ora weruh tatakrama udanagara (unggah-ungguh), iku padha karo ora bisa ngrasakake rasa nem warna: legi, kecut, asin, pedhes, sepet, lan pait; (b) Lamun sira dadi wadyabala pamoning nagara, aja sira dhemen kuwasa dhewe. Jalaran yen sira wis ora kasinungan panguwasa maneh, ing tembe bakal ndadekake ora kajening awakira ing tengahing bebrayan. Ngelingana yen sejatine isih ana wong kang bisa ngalahake sira ing babakan apa bae; (c) Sing sapa lali marang wong tuwane presasat lali marang Pangerane, Ngabektiya marang wong tuwa; lan sapanunggilipun.

Sejatosipun taksih kathah tetembungan ing salebeting basa Jawi ingkang saget dipundhudhah lan dipuntancepaken wonten ing jiwani pun para generasi mudha kangge pandam pandoming gesang bebrayan kadosta: (a) Ing ngarsa sung tuladha, ing madya mangun karsa, tut wuri handayani; (b) Rumangsa handarbeni, melu hangrungkebi, mulat sarira hangrasawani; (c) Alon-alon waton klakon; (d) Nglurug tanpa bala, menang tanpa ngasorake; (e) Sepi ing pamrih rame ing gawe; (f) Rukun agawe santosa, crah agawe bubrah; (g) Rawe-rawe rantas, malang-malang putung; (h) Sura dira jayaningrat, pangruwating diyu, lebur dening pangastuti; (i) Yen sira dibeciki liyan tulisen ing watu supaya ora ilang lan tansah kelingan, yen sira gawe kabecikan marang liyan tulisen ing lemah, supaya enggal ilang lan ora kelingan; lan sanes-sanesipun.

4. Ndhudhah Nilai Luhur kanggo Ajak-ajak Nyingkiri Tumindak Ala

Manungsa gesang wonten ing alam donya dipunanjuraken tansah nindakaken kesaenan lan nebihi/nilaraken tumindak sedheng (awon). Wonten tetembungan “becik ketitik ala ketara”, sanadyan amal kesaenan punika wujudipun namung saagengipun woh sawi ingkang ateges namung alit sanget, ananging tetep badhe dipunwales dening Gusti Ingkang Akarya Jagad. Kosok wangsulipun, tumindak awon sanadyan namung alit kados punapa badhe tetep pikantuk piwales. Wonten malih tetembungan para pinisepuh ingkang asring dipunwucalaken dhateng putra wayah, inggih punika “sapa salah bakal seleh”, sanadyan ingkang tumindak lepat punika ratu gung binathara utawi manggalayuda negari paribasanipun, ingkang inggil pangkat pangkat saha drajadipun, mesthi ing tembe badhe seleh utawi kaweleh, kabikak sedaya tumindakipun.

Saderengipun seleh amargi kaweleh, prayoginipun nindakaken kesaenan lan nebihi sipat-sipat awon sageta lumampah sesarengan (salaras). Sampun ngantos nyantuni lare yatim utawi mbangun sekolah saking arta korupsi. Sampun ngantos sodakoh saking arta haram. Paribasanipun, “ngumbah klambi reged kudu nganggo banyu resik”. Menawi ngumbah rasukan reged nganggo

toya reged, rasukan boten badhe resik ananging malah tansaya reged.

Wekdal punika kathah tiyang Jawi ingkang sampun boten preduli malih dhateng paugeran “becik ketitik ala ketara”. Kathah para pangemban pangembating praja satriyaning nagari ingkang kedahipun dados pamomonging kawula dasih pranyata boten saget dados tepa tuladha, malah tumindak culika. Nindakaken korupsi, sogok, andum arta kangge tumbas swara, ngenthit arta proyek lan maneka warni tumindak culika sanesipun. Para kawula boten wigah-wigih nindakaken lampah awon nerak tuntunanipun agami lan negari, sami tawuran lan pijah-pinejahan amung krana bab sepele, tumindak colong jupuk, ngrampok, lan sanes-sanesipun.

Wonten pitutur luhur ingkang ngemutaken dhateng bebrayan Jawi, supados tansah nyingkiri tumindak awon sarta sipat umuk wonten ing pasrawungan pagesangan saben dintenipun. Sipat andhap asor, lembah manah kosok balen kaliyan watak “adigang, adigung lan adiguna”. Adigang, gegambaranipun watak kidang ingkang ngumukaken dumeh playunipun banter, lincah, lan cepet. Adigung, gegambaranipun sipat gajah ingkang ngendelaken menawi awakipun ageng, rosa, lan mesthi menang tinimbang kewan sanesipun. Adiguna, gegambaran sipatipun sawer ingkang ngumukaken dupeh nggadahi wisa ingkang mandi, ganas lan saget adamel pepati. Minangka bebrayan Jawi sampun samesthinipun menawi tansah munjeraken watak andhap asor lan lembah manah. Lamun gadhah kaluwihan sampun dipunangge nyilakaken tiyang sanes. Nalikanipun gadhah panguwaos, sampun ngantos adamel kuciwanipun rakyat utawi andhahanipun. Kanthi nggadahi sifat andhap asor lan lembah manah, minangka pimpinan saget kangge panutan tumrap masarakat wonten madyaning pasrawungan. Minangka tiyang ingkang nggadahi panguwaos, wewenang, kekiyatan, kalenggahan, nyadhari menawi sedaya kalawau namung amanat ingkang kedah dipuntindakaken kanthi sae. Kalenggahan ingkang saya inggil, kaluwihan ilmu ingkang saya jembar, panguwaos ingkang saya ageng, sampun ngantos ndadosaken sifat umuk wonten sangajengipun tiyang kathah. Jalaran sedaya kalawau sipatipun namung gadhuhan saking Gusti Ingkang Maha Kuwaos, pramila menawi sawanci-wanci dipunpundhut malih statusipun badhe wangsul kados wingi uni malih. “Duwenana ngelmune pari, saya tuwa saya ndhingkluk lan saya isi”, tegesipun saya sepuh yuswanipun, tansaya inggil ngekmunipun, tansaya ageng panguwaosnaipun, tiyang kalawau kedah andhap asor, lembah manah, satunggaling gegambaran sikep ingkang dipunlandhesi lan keyakinan menawi taksih kathah kekiranipun.

Kejawi pitutur ingkang sampun dipunterangaken ing nginggil unen-unen ing basa Jawi ingkang perlu

dipundhudhah lan dipuntancepaken dhateng jiwani punika: (a) Aja sira wani marang wong tuwanira, jalaran sira bakal kena bendu saka Kang Murbeng Dumadi; (b) Sing seneng gawe nelangsane liyan iku ing tembe bakal kena piwales saka panggawene dhewe; (c) Aja seneng gawe rusak liyan, jalaran sira bakal kena siku dhendhaning Guru Sejatinira; (d) Aja sira nyacad piyandeling liyan, jalaran durung mesthi yen piyandelira iku sing bener dhewe; (e) Aja sira degsura, ngaku luwih pinter tinimbang sejene; (f) Aja ngumbar hawa napsu lan aja melik darbeking liyan, mundhak sengsara uripe; (g) Aja panasten lan aja seneng gawe gendra, jalaran gawe gendra iku sipating dhemit; (h) Aja seneng mamerake bandha lan ngegungake pangkat, sebab bandha bisa lunga, drajad/pangkat bisa oncat; lan sanes-sanesipun.

C. Caranipun Nancepaken Nilai Budi Luhur Basa Jawi dhumateng Generasi Mudha

Sedaya piwucal utawi pitutur ing salebeting basa Jawi kados ingkang sampun dipunandharaken ing nginggil bilih leres-leres dipunpahami lan dipunmangertosi dening para generasi mudha lajeng dipuncakaken ing pagesangan kinten-kinten para generasi mudha watakipun sae, gampil dipuntuturi, gesangipun guyub rukun, lan nggadhaho raos kurmat dhumateng sesaminipun langkung-langkung dhumateng tiyang ingkang langkung sepuh. Kangge nancepaken nilai-nilai luhur basa Jawi punika pancen boten gampil amargi generasi mudha jaman sakpunika kenging daya pangaribawa ingkang ageng saking kemajenganipun budaya manca ingkang tansaya ngrembaka.

Basa Jawi ingkang kebak piwucal lan pitutur luhur punika sasaget-saget terus dipundhudhah lan dipunngrembakakaken sarta dipuntancepaken ing jiwani punika para generasi mudha minangka generasi penerus lumantar margi punapa kemawon ingkang saget dipuntampi lan dipunpahami. Miturut Murtiyoso (2006:155) margi ingkang saget dipunginakaken kangge nancepaken piwucal budi pakarti luhur basa Jawi dhateng generasi mudha saget lumantar kulawarga, sekolahan, kesenian, paguyuban Jawi, birokrasi, saha medhiya massa.

Kulawarga mujudaken panggenan pendhidhikan sepisanan lan ingkang utami kanggenipun putra. Saderengipun lare nampi pendhidhikan ing sekolahan lan ing masyarakat kedahipun sampun nampi pendhidhikan saking kulawarganipun (rama ibu lan sedaya anggota kulawarganipun). Lumantar rama ibu lare saget ngertos tata krami, sopan santun, suba sita, lan ngertos unggah-ungguh basa. Jejer ing tiyang sepuh saboten-botenipun kedah paham dhateng nilai-nilai luhur basa Jawi ingkang kebak piwucal utawi tuntunan lajeng dipunwucalaken dhateng para putra. Sanadyan tiyang sepuh repot nyambut damel kangge nyekapi kabetahan saben dintenipun, paling

boten kedah saget nglodhangaken wekdal kangge maringi tuntunan dhateng para putranipun sampun ngantos nilaraken nilai adi luhungipun basa lan budaya Jawi. Jejer ing tiyang sepuh kedah saget maringi patuladhan ing salebeting pagesangan saben dintenipun.

Inkang nggadhahi tanggel jawab nggegulang sarta nancepaken nilai-nilai luhur basa Jawi tumrap para siswa ing sekolahan inggih punika guru. Lumantar pamulangan basa Jawi guru kedah saget manggihaken piwucal utai tuntunan kesaenan ingkang awujud basa Jawi salajengipun dipunwucalaken dhumateng para siswa (saget awujud pakulinan sarta patuladhan). Murid boten namung dipunwucal ing babagan kawruh basa kemawon ananging ingkang langkung wigatos dipunkulinakaken tumindak sae adhedhasar tuntunan ingkang kinandhut ing salebeting pitutur-pitutur luhur piwucal basa Jawi.

Kesenian pranyata ugi mujudaken sarana ingkang sae kangge nggegulang lan ndhudhah nilai-nilai luhur basa Jawi lumantar para senimanipun. Para seniman Jawi, khususipun seniman ing seni pagelaran tradhisional (wayang, ludruk, kethoprak, lan karawitan) nggadhahi jejibahan ingkang awrat kangge nglestarekaken lan ngrembakakaken basa Jawi. Basa Jawi ingkang dipunginakaken dening para seniman kejawi dipunginakaken kangge sarana komunikasi (pirembagan) ugi minangka sarana kangge nglairaken ekspresi seninipun. Krana kesenian Jawi punika tujuwanipun kejawi kangge paring panglipur ugi kangge maringi piwucal, pramila paling boten para seniman punika saget ndhudhah nilai-nilai luhur basa Jawi ing salebeting kesenian kasebat ingkang salajengipun dipunlairaken lumantar karya seni dhateng para penonton.

Paguyuban Jawi ugi mujudaken sarana kangge ndhudhah nilai luhur basa Jawi. Limrahipun kegiatan ingkang dipuntindakaken inggih punika nggleluri lan nglestarekaken basa, sastra, lan budaya Jawi. Paguyuban Jawi ingkang ngantos sakpunika taksih gesang inggih punika: Permadhani, paguyuban pambiwara, paguyuban sanggar sastra lan budaya, lan sapanunggilipun. Paguyuban-paguyuban basa Jawi punika kedahipun tansah tumut ndhudhah nilai-nilai adi luhungipun basa Jawi lajeng dipunwucalaken dhateng para generasi mudha.

Inkang dipunwastani birokrasi (ing saleteing pangertosan punika) inggih punika sedayanipun aparat pemerintah (sipil punapadene militer) ingkang nggadhahi tugas mbiyantu lumampahing paprentahan nampi gaji saking pamarentah adhedhasar tugas lan kuwajibanipun. Tiyang ingkang nindakaken birokrasi dipunwastani birokrat. Jejer ing birokrat ingkang nindakaken kuwajiban ing paprentahan paling boten saget paham lan ngertos nilai-nilai luhur ingkang kinandhut ing salebeting basa Jawi. Kanthi mekaten saget dipun-gunakaken sarana

kangge nancepaken piwucal luhur kasebat dhateng generasi mudha. Punapa ingkang dipuntindakaken birokrat ing salebetipun nancepaken pitutur luhur basa Jawi dhateng generasi mudha sagetlumantar patuladhan tumindak sae ing salebetipun gesang ing bebrayan, saget ugi lumantar wewenangeipun sarana maringi sesorah (penyuluhan) dhateng para generasi mudha.

Sejatosipun medhia massa mujudaken sarana ingkang paling ampuh kangge nancepaken nilai-nilai basa Jawi dhateng para generasi mudha. Emanipun, medhia ingkang wonten (cithak, radhio, lan televise) ingkang abasa Jawi limrahipun ingkang ngremeni namung para generasi sepuh. Nem-neman kathah ingkang boten tlaten lan boten remen dhateng medhia ingkang ngginakaken basa Jawi. Sanadyan para nem-neman katahah ingkang sungkan sesambetan kaliyan medhia basa Jawi ananging kedahipun medhia abasa Jawi kedah tansah mbudidaya kados pundi caranipun supados para generasi mudha saget remen dhateng punapa ingkang dipunandharaken lumantar medhia kalawau. Kanthi mekaten nilai-nilai luhur basa Jawi ing salebetipun medhia massa punika dipunremeni lajeng dipunpahami dening para generasi mudha.

D. Panutup

1. Dudutan

Ing salebeting basa Jawi kinandhut nilai-nilai adi luhung ingkang kebak piwucal lan tuntunan gesang ing bebrayan agung. Nilai-nilai luhur ing salebetipun basa Jawi perlu dipundhudhah, dipunonceki, lan dipuntancepaken ing jiwaniipun para generasi mudha minangka sarana kangge mucalaken budi pakarti. Nilai-nilai adi luhung ingkang perlu dipundhudhah inggih punika: (1) nilai luhur ingkang magepokan kaliyan panembahipun dhumateng Gusti Ingkang Maha Kuwaos; (2) nilai luhur ingkang magepokan kaliyan pasrawungan ing bebrayan agung; (3) nilai luhur kangge pandam pandoming gesang; lan (4) nilai luhur kangge ajak-ajak nyingkiri tumindak awon. Nilai adi luhung ingkang sampun dipundhudhah perlu dipunpahamake dhateng generasi mudha supados nggadhahi watak sae, kapribaden pinuji, kapribaden sejatos ingkang kiyat (santosa), luhur bebudenipun, asih tresna mring sesami, sarta saget dados satriya pinandhita. Srananipun kangge nancepaken piwucal budi pakarti luhur basa Jawi dhateng generasi mudha saget lumantar kulawarga, sekolahan, kesenian, paguyuban Jawi, birokrasi, lan medhia massa.

2. Usul lan Saran

Krana kemajenganipun jaman ingkang ageng perbawaniipun dhateng pagesanganipun manungsa ingkang anjalari nilai adi luhungipun basa Jawi tansaya boten dipunkenal dening generasi mudha, pramila:

- (a) Perlu dipun-grengsengaken kegiatan ingkang magepokan kaliyan basa Jawi lumantar margi pendhidhikan kangge ndhudhah nilai adi luhungipun basa Jawi kasebat.
- (b) Kebijakan pamarentah ngengingi kuwajiban mucalaken Basa Jawi ing tataran SD, SMP, lan SMA kedah terus dipunjejegaken.
- (c) Kurikulum piwucalan Basa Jawi kedahipun terus dipunsampurnakake lan leres-leres kenging kangge ndhudhah nilai-nilai adi luhungipun basa Jawi.

Kapustakan

- Ciptoprawiro, Abdullah. 1992. *Filsafat Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka
- Geertz Hildred. 1961. *The Javanese Family. A Study of Kinship and Socialization*. The Free Press of Glencoe.
- Harian Joglo Semar. Kabudayan Jawa Morak-marik Kudu Dibenerake Punjere. Sabtu, 17 September 2011.
- Herusatoto, Budiono. 2008. *Simbolisme Jawa*. Yogyakarta: Penerbit Ombak.
- Magnis-Suseno, Franz. 2008. *Etika Jawa. Sebuah Analisa Falsafi tentang Kebijaksanaan Hidup Jawa*. Jakarta: PT. Gramedia.
- Murtiyoso, Bambang. 2006. *Pemberdayaan Bahasa dan Sastra Jawa: Sebagai Media Pengkayaan Budaya*. Kumpulan Makalah Komisi Pemberdayaan. Semarang: KBJ IV.
- Pranowo. 2003. *Ungkapan Bahasa Jawa sebagai Pendukung Pemebeentukan Kebudayaan Nasional*.
Linguistik Indonesia, 2:269-286.
- Robson. 1978. "Pengkajian Sastra-sastra Tradisional" dalam *Bahasa dan Sastra Tahun IV Nomor 6*. Jakarta: P dan K.
- Sartini, Ni Wayan. 2009. *Menggali Nilai Kearifan Lokal Budaya Jawa Lewat Ungkapan*. Jurnal Ilmiah Bahasa dan Sastra Universitas Sumatera Utara, Volume V Nomor 1 April 2009.
- Soeharto. 1987. *Butir-butir Budaya Jawa*. Hanggayuh Kasampurnaning Hurip Berbudi Bawaleksana Ngudi Sejatining Becik. Jakarta: Yayasan Purna Bhakti Pertiwi.
- Suharti. 1996. *Penerapan Unggah-ungguh Berbahasa Jawa di Sekolah: Upaya Pembinaan Perilaku Bangsa Yang Tangguh*. Kumpulan Makalah Komisi Pendidikan Formal. Semarang: KBJ IV.

KUNJUNGAN Y3SS DHATENG BALAI BAHASA PROVINSI JAWA TIMUR LAN KANTOR REDAKSI JAYA BAYA

Emi Sudarwati



Dina Kamis Paing, 17 Desember 2020. Yayasan Tiga Srikandhi Sejati (Y3SS) sowan ing Balai Bahasa Jawa Timur (BBJT), Kantor Redaksi Jaya Raya lan Sekretariat Komnas Pendidikan Jawa Timur.

Sing melu yaiku drh. Yonathan Raharjo (minangka Penasehat Y3SS lan Pimpinan Penerbit Majas), Emi Sudarwati, S.Pd (Guru Basa Jawa ing SMPN 1 Baureno-Bojonegoro, minangka Ketua Y3SS lan sing duwe TBM Kinanthi Baureno), Lestari (Guru Basa Jawa ing SMPN 1 Balen-Bojonegoro, minangka sekretaris Y3SS lan sing duwe Sanggar Sumilak Balen-Bojonegoro), lan Elisabeth Vitta (minangka bendahara Y3SS lan sing duwe kaprigelan Terapi Gleglek).

Jam 06.30 romongan kuwi budhal saka Bojonegoro, lan tekan ing BBJT watara jam 09.00. Mlebu ing plataran kantor kang edi kuwi, langsung dipapag dening Pak Satpam Mulyana. Kanthi esem nyumanak panjenengane ngaturi kita wijik tangan sadurunge mlebu ing kantor.

Mlebu ing ruang tamu, kapapag dening Resepsionis Aulia Putri kang uga ayu tur nyumanak. Sawise didangu ngenani kaperluan teka ing BBJT, banjur diaturi lungguh ing ruang tamu. Wanita kuwi enggal mlebu matur marang Bu ArySetyorini, S.Pd (Kasubag), ugi didangu ngenani keperluan teka ing

BBJT.

Banjur diterake ing ruang Kepala BBJT, yaiku Bapak Dr. Asrif, M. Hum. Aku diutus presentasi ngenani program kerja Y3SS taun 2021. *Kerja sama* apa wae kang bisa dibantu saka BBJT. Panjenengane uga kanthi grapyak sumanak njlentrehake ngenani program-program BBJT.

Bapak Asrif ndhukung banget program-program kang kaangkah dening Y3SS, ing antarane:

1. *Rapat Kerja Tahunan*
2. *Workshop nulis jurnal*
3. *Webinar nulis esai*
4. *Kemah literasi*
5. *Wisata puisi lan gurit (Rekor MURI)*
6. *Studi bandhing*
7. *Lomba nulis puisi/gurit, cerpen/cerkak, lan esai*
8. *Pelatihan dasar kepemimpinan*
9. *Lomba maca gurit*
10. *Pelatihan nulis cerkak*
11. *Melek huruf hijaiyah*
12. *Bimbingan belajar*
13. *Sepak bola anak*
14. *Buletin Basa Jawa*

15. Kunjungan ing panti asuhan
16. Pelatihan Manajemen lembaga Y3SS
17. Nerbitake Kamus Basa Dialek Bojonegoro
18. Penghargaan Sastra Bocah lan Umum

Program-program kang wis klaksanan wiwit Sasi Oktober nganti Desember 2020 yaiku: *Rapat Kerja Tahunan*, Lomba Maca Geguritan, Pelatihan Nulis Cerkak, Studi banding ing BBJT, Redaksi Jaya Baya lan Komnasdik. Dene sing durung klaksanan, insyaAllah arep katindakake wiwit Sasi Januari nganti Desember 2021.

Watara tabuh 12.30, kita pamit. Amarga arep nerusake lakon ing Kantor Redaksi Jaya Baya. Nanging sadurunge iku, Bapak Ketua BBJT maringi buku-buku kanggo TBM Kinanthi. Y3SS uga ngaturi buku-buku kanggo BBJT. Yaiku buku asil lomba ing TBM Kinanthi 4, kang kanthi irah-irahan Kinanthi Jiwa Sejati. Uga buku-buku liyane kang diterbitake dening Majas Grup.

Kanthi grapyak sumanak, Bapak Asrif ngeterake nganti tekan ngarep gedung BBJT. Malah sadurunge mlebu mobil, kita diajak poto bebarengan ing sangarepe tulisan Balai Bahasa Jawa Timur. Foto mau banjur kaunggah ing *facebook Mitra BBJT*.

Tabuh 12.40 kita ninggalake dalan Siwalan Panji nomer II Buduran Sidoarjo. Banjur nerusake lakon tumuju Kantor Redaksi Jaya Baya kang mapan ing Bungurasih.

Sawise nothok lawang, langsung dipapag dening Ibu Wuwuh Rahayu. Salah sijining redaktur Kalawarti Jaya Baya. Kanthi grapyak sumanak panjenegane ngaturi kita ing ruang ndhuwur. Ngliwati para pegawe ing Kantor Redaksi Jaya Baya

kang yuswane rata-rata wis sepuh. Nanging semangat lan lelabuhan kanggo njaga lestarin Basa lan Budaya Jawa gedhe banget.

Ing ruang ndhuwir ana Pak Widodo Basuki (Pamong Redaksi) lan Pak Ady Suroso (Redaktur, tukang kover lan bagian lay out).

Sawise presentasi ngenani program Y3SS lan apa bisa makarya bebarengan Kalawarti Jaya Baya. Pranyata akeh banget kang bisa kasengkuyung dening Jaya Baya.

Ora lali kita ngenalake Terapi Glegek marang redaktur Jaya Baya. Sing sepisanan diterapi yaiku Bapak Widodo Basuki (53 taun). Panjenengane duwe keluhan ngelu lan pegel-pegel ing enthong-enthonge. Sawise iku banjur Bapak Ady Suroso (67 taun). Uga duwe keluhan kang padha. Alhamdulillah, sawise diterapi Glegek dening Bu Elosabeth Vitta rada kepenak. Ngendikane ana hawa anget kang mlebu ing ragane.

Bu Vitta oleh ilmu bisa Terapi Glegek iki ora sengaja. Nalika panjenengane sowan ing pesarean leluhure. Swargi Ibu lan Mbahe Bu Vitta uga bisa mijet. Mula ora mokal yen keprigelan kuwi saiki nurun.

Watara tabuh 14.30 kita pamit. Amarga kudu nerusake lakon ing sekretarian Komnas Penidikan Jawa Timur kang mapan ing kompleks perumahan Kampus ITS Surabaya. Saliyane njupuk buku-buku kang katemben cinathet ing Rekor MURI uga njlentrehake program Y3SS. Kanthi mangkono, ing tembe mburi bisa golek celah supaya bisa makarya bebarengan. Puji sukur, Pak Kunjung Wahyudi janji bakal ndhukung kegiatan-kegiatan Y3SS.



PELATIHAN MACA GEGURITAN 824 PESERTA

Dening: Emi Sudarwati

Sabtu Paing, 20 Februari 2021. TBM Kinanthi Baureno nganakake Pelatihan Virtual Maca Geguritan. Pesertane akehe 824. Ora mung saka Indonesia, nanging uga saka manca negari. Adicara iki makarya bareng Balai Bahasa Jawa Timur (BBJT) lan Dhinas Pendhidhikan Kabupaten Bojonegoro. Disengkuyung dening Kalawarti Jaya Baya, Exxon Mobil Cepu Limited (EMCL), Kemenag Bojonegoro, PGRI lan APKS, Cabang Dhinas Pendhidhikan Wilayah Bojonegoro-Tuban, Perkumpulan Rumah Seni Asnur (PERRUAS), Madu Jonegoroan-SE Taour lan Travel, Yayasan Tiga Srikandhi Sejati (Y3SS), Penerbit Majas, Sanggar SUMILAK Balen, lan Kami Belajar Menulis (KBM) Bojonegoro.

Nara sumber ing adicara Pelatihan Maca Geguritan yaiku Widodo Basuki, salah sijining redhaktur Kalawarti Jaya Baya. Dene kanggo njurung para peserta, panitia uga ngrawuhake pamaos geguritan saka Universitas Atmajaya Yogyakarta (Yohanes Siyamto), saka Australia (Prof. Dr. George Quinn) lan saka Den Haag Walandi (Dr. Revi Sukatno).

Tujuan dianakake pelatihan Maca Geguritan yaiku: (1) supaya geguritan luwih dikenal lan ditresnani dening para siswa; (2) geguritan luwih dikenal dening Masyarakat Indonesia lan dunya; (3) geguritan tetep dadi warisan Budaya Jawa utawa masyarakat Indonesia, ora mung dikenal dening panggurit utawa sastrawan. Nanging apa kang tinulis dening panggurit bisa diwaca dening wong akeh; (4) kaangkah bisa ngrengkuh Rekor MURI Dunia minangka Peserta Webinar Maos Geguritan paling akeh lan Pamaos Geguritan paling akeh.

Widodo Basuki njlentrehake carane maca geguritan sing apik, bener tur pener kanthi gamblang terang truwaca. Narasumber uga janji bakal nerbitake karya tulis siswa arupa gurit lan crita ing kalawarti Jaya Baya. Nanging olehe kirim kudu nyebutake jeneng lan alamat sekolahe.

Sawise melu pelatihan, kabeh kapurih kirim video maca geguritan. Saben peserta oleh ngirim luwih saka siji video. Geguritan sing diwaca oleh karangane dhewe utawa karangane wong liya. Yen peserta durung duwe naskah geguritan, bisa golek ing kalawarti Jaya Baya. Panitia uga nyepaki pirang-pirang lembar naskah geguritan sing kapethik saka kalawarti Jaya Baya.

Kabeh video maca geguritan bakal diunggah ing chanel you tube TBM Kinanthi. Peserta bisa subscribe, njempol lan mbagekake link you tube mau marang sapa wae. Video sing oleh jempol paling akeh sawise limang dina diunggah bakal oleh bebana kaos saka EMCL. Dene peserta kang paling cepet ngirim video bakal oleh bebana arupa madu Jonegoroan saka SE lan Travel Bojonegoro.

Ora mung peserta loh sing kudu ngirim video maca geguritan. Nanging uga narasumber lan panitia, dikeparengake kirim video maca geguritan. Amarga adicara iki dudu lomba, nanging ngumpulake video pamaos geguritan paling akeh. Mulane saben peserta ora mung ngirim siji video, nanging oleh luwih.

Kanggo ngrengkuh Rekor MURI kuwi, paling sithik panitia kudu bisa nglumpukna sewu video maca geguritan. Dene prabeya kanggo nyengkuyung adicara saka swadhaya peserta, swadaya panitia, sponsor lan donatur.

Donatur ing adicara pelatihan maca geguritan ing antarane: (1) Prof. Dr. George Quinn (Australia), (2) Dr. Revi Sukatno (Den Haag Walandi), lan (3) Yohanes Siyamto, S.Pd (Universitas Atmajaya Yogyakarta).

Dene panitia sing nyengkuyung kanthi gang sare adicara ing antarane:

NO	PEMBAGIAN TUGAS	NAMA	UNIT KERJA
1	Penanggung Jawab	Drs. Dandi Suprayitno, AP, M.Si	Dinas Pendidikan Kab. Bojonegoro
2	Penasehat 1	Drs. Suprayitno, M.Pd	Guru SMKN Sugihwaras
3	Penasehat 2	Aning Wulandari, M.Pd	Pengawas Kemenag
4	Ketua	Emi Sudarwati, S.Pd	Guru SMPN 1 Baureno
5	Sekretaris	Slamet Widodo, S.Pd	Guru MTsN Kepohbaru
6	Bendahara	M. Eriansyah PD	Karang Taruna
7	Seksi Acara	Lasiran, M.Pd	Sekretaris Dinas Pendidikan Bojonegoro
8	Narasumber 1	Dr. Asrif	Kepala Balai Bahasa Jawa Timur
9	Narasumber 2	Widodo Basuki	Wartawan Jaya Baya
10	Pembawa Acara	M. Alim, S.Pd	Guru SMAN Kepohbaru
11	Moderator 1	Lestari	Sanggar Sumilak Balen
12	Moderator 2	Drh. Yonathan Rahardjo	Penerbit Majas
13	Moderator 3	Drs. Hanas Caturiansyah	Guru SMKN Baureno
14	S. Dokumentasi 1	Imam Utomo	Ketua MGMP SMA
15	S. Dokumentasi 2	Nurlila, S.Pd	Guru SMPN 5 Bojonegoro
16	S. Dokumentasi 3	Hanung, S.Pd	Perwakilan MGMP SMP
17	S. Publikasi 1	Oktarina, S.Pd	Perwakilan MGMP SMA
18	S. Publikasi 2	Suheri, S.Pd	Pengurus MGMP SMP
19	S. Publikasi 3	Said Edy Wibowo, M.Pd	Perwakilan Guru Depag
20	S. Perlengkapan 1	Rindha	Perwakilan MGMP SMA
21	S. Perlengkapan 2	Ary Setyorini, S.Pd	BBJT
22	S. Perlengkapan 3	Rubiar	Pendongeng Bojonegoro
23	S. Konsumsi	Elisabeth Vitta, SH	Penerbit Majas
24	Pembantu Umum 1	Ayu, S.Pd	Perwakilan MGMP SMK
25	Pembantu Umum 2	M. Eriza Abikara	Karang Taruna
26	Pembantu Umum 3	Wawan Rudiyanto, S.Pd	Ketua APKS PGRI Bojonegoro
27	Pembantu Umum 4	Ngadenan, S.Pd	Katua KKG Kecamatan Balen
28	Pembantu Umum 5	Surahmad, S.Pd	Anggota APKS PGRI Bojonegoro

DUMADOSIPUN DAM BAGONG

dening: St. Sri Emyani

Enjing menika wonten padhukuhan Bagong sumilak padhang. Amergi, langit mboten kesaput mendhung nggentayung. Sang Bagaskara netranipun saget nembus bantala. Saking pucuking pupus ron-ronan ijem, ebun enjing netes ngresepi sanubari. Amem. Trentrem wonten ing tlatah bumi padesan.

Rara Ayu ingkang saderengipun kausadani dening panjenenganipun Menak Srabah gerah kulitipun. Saderenge temah waloya jati, winastan Rara Amis. Amergi, putri saking kraton Majapahit menika sarandhuning badhan angganda amis. Sasampunipun temah waloya jati, badhanipun sang putri mangambar arum.

Sang Putri, lenggah wonten sanginggilipun palenggahan saking deling prasaja. Sinambi nampi praptanipun keng putra kinasih, inggih menika raden Menak Sopal.

“Kanjeng Ibu...” Jejaka jatmika menika nyembah padaning sang ibu, kebaking trapsila. Inggih dhasar taksih: trahing kusuma. Rembesing madu tedhak turuning ngaluhur.

“Kang nembe prapta iki kaya putraningsun. Lha ya padha pinaringan rahayu ta putraku bocah jatmika, Menak Sopal.”

“Kasinggihan, sedaya pinaringan karahayon. Sembah sungkem putra jengandika dhumateng kanjeng ibu.”

“Iya iya sembah sungkemmu wis tak trima kanthi bombonging ndriya. Terus kok sowanmu ana ngarsaning kanjeng Ibu sajak ngemu wigati ana ing padhepokan Bagong kene. Apa ana ruwet renteng laku lakon kang kudu binengkas ta Sopal?”

Menak Sopal nganseg lenggah dhateng ngajeng jumeningipun keng ibu.. Sabanjuripun, mbuka lathi. Kunjuk atur.

“Inggih kanjeng Ibu. Kawula kalih para kadang wonten ing kadhipaten Trenggalek punika gadhah sedya, badhe nyuburaken papan ulah kridhanipun tetanen. Kadosipun ingkang ewet, toyanipun damel ngoncori papan panggenan tetaneman.”

“Lha menawa tumiba mangsa udan. Banyu rak iya nganti ombor ta Menak Sopal?”

“Ananging, menawi sampun mangsa ketiga, siti nela toya langka. Para paman tani mboten saget ulah kridhaning tetanen palawija kanjeng ibu. Pramila menika, kawula sakanca badhenipun gadhah sedya utama. Sesarengan Saeka praya kalih para kadang tani. Supados, toya saget tinggeng mboten namung mangsa rendheng kemawon/.

Ananging, dumugi mangsa ketiga inggih tetep ombor toyanipun”

“Sedya utamamu kangge kadang tani iku apa putraku Sopal?”

“Impen kawula kalih para kadang tani menika badhe ndamel dam kanjeng ibu.”

“Mbangun dam. Lha gek kali ngendi sing arep kok bendung minangka dam Menak Sopal?”

“Inggih menika lepen Bagong ngriki kanjeng Ibu.”

Cecaturan antawisipun Ibu klawan putranipun menika kandheg. Amergi, peksi perkutut Jemengglung Wulung, angsalipun ninggali keng raka Menak Srabah. inggih keng ramanipun Menak Sopal ngganter manggung. Putri ayu saking kraton menika taksih enget, pangendikanipun ingkang raka. Menawi peksi menika manggung badhe wonten pedamelan utama, ingkang kedah katandangi kanthi lembah manah, ugi kedah ngatos-atos. Supados, gegayuhan ingkang utami saget kasembadan.

“Kapan sedya utamamu iku kok wiwiti makarya Menak Sopal?”

“Inggih pakaryan utami menika sampun kawula wiwiti, wekdal ngepasi dinten Budha Manis kepengker. Ananging kanjeng ibu..?”

“Ananging, kepriye Menak Sopal putraku cah bagus..?”

“Nyadhong saleksa pangaksami kanjeng ibu. Putra jengandika taksih gagar wigar tanpa karya. Dereng kasembadan menapa ingkang sinedya keng putra.”

“Lha ana pepalang apa.?Kok sedya utamamu isih durung kasembadan.” Jejaka jadmika Menak Sopal menika wangsul ngangseg, dhateng ngarsanipun kanjeng Ibu, sarwi nyembah kebak laku utama.

“Pakaryan utami menika dereng ngantos purna, sampun kapalang dening Bajul Seta ingkang tengga lepen Bagong ngrika.”

“Terus putraku nganti panca bakah. Dredah, tandhing tiyasa adu atosing balung kandelung kulit pereting nyawa karo si Bajul Putih?”

“Inggih”

“Apa panca bakah, tandhing tiyasamu kasoran..?”

“Inggih, keng putra kawon tandhing tiyasa klawan Bajul pethak niku kanjeng ibu”

“Iya, iya, iya.. Iku pancen dudu tandhinganmu putraku Menak Sopal” Putri kang wus sepalih yuswa. Ananging, taksih ketawis sulistiya ing warna menika manthuk manthuk. Sajak sampun pana, menapa ta

sedyaning rawuhipun keng putra ?”

“Kadospundi kanjeng Ibu, supados pakaryan utami menika saget kasembadan.”

‘Iya iya. Nyanga pepungkuran. Keng ibu tak menyang sanggar pamujan dhisik ya..?’

“Inggih kanjeng Ibu. Mugi kasembadan menapa sedyaning keng Putra.”

Wonten madyaning sanggar pamujan. Rara Ayu ngeningaken cipta. Mateg aji, sepi angin. Muja praptaning keng raka ya Menak Srabah. Mak jleg..! Priya pideksa ngagem busana sarwa seta nyaket Rara Ayu.

“Ana apa Rara Ayu. Nyeluk jeneng ing sun kanthi mateg aji pameling?”

“Inggih, lepat keng garwa nyadhong pangaksami.”

“Hiya ora apa-apa Rara.”

“Putra kita Menak Sopal nduwe sedya utama. Ananging..?”

“Putra kita nduwe sedya utama. Nanging..., kados pundi panjenengan?”

“Ananging, dereng saget kasembadan pakarya mulia menika keng raka...”

“Masalaha..???”

“Wonten pepalang ingkang ngreridhu pakaryan punika.”

“Sik.. sik.. sik.. putra kita si Sopal nduwe sedya apa garwaningsun?”

“Gadhah gegayuhan badhe ndamel dam, damel mbendung lepen Bagong.”

“Ngapa kali Bagong kok arep kabendung?”

“Supados menawi mangsa ketiga, toyanipun saget omber damel ngoncori papan tetanen damel olah kridhaning para tetanen.”

“Hem.. hem..hem..”Priya sepuh rikma seta menika manthuk-manthuk, kalih ngelus jenggotipun ingkang ugi sampun mabluk warni seta ngantos dumugi jaja.

“Dospundi?” Wanita trah kusuma menika ngutahaken ukara pitaken.

“Terus sing wis wani ngganggu gawe sedyane keng putra kita Menak Sopal iku sapa?”

“Inggih si Baya seta”

“Hem, si Bajul Putih ya?”

“Inggih.”

“Iya iya...Putra kita Menak Sopal supaya menyang tlatah Krandhon. Ana ing papan kono, ana sawenehing Warandha sing kagungan pepasren gajah Putih. Putra kita supaya nyilih., Konen kandha, menawa sing utusan jeneng ing sun. Menak Srabah. Gajah Putih iku kon nggawa menyang ing tuke kali Bagong kana. Mengko, Si Bajul putih bakal isa mbatang sanepanku iki.”

“Inggih dhawuh jengandika kula pundhi.”

“Wis aja kesuwen. Sing prayitna.”

“Swawi kawula dherekaken rumiyin, kembul bujana andrawina wonten wingking kang raka?”

“kembul bujana isa ketemu mburi. Kang baku pakaryan utama, kita leksanakna nganti purna”

“Kasinggihan.” Sapurnaning ukara, priya sepuh iku lap..! ilang saka gelaring netra wantah

Sore sang Bagaskara ancik-ancik redi Jaaas, sakilenipun padhepokan Bagong. Sunaripun endah kencana, nrobos saking ron Sana aking. Dhawah dumateng toyaning lepen Bagong. Ketawis endah, lerap-lerap kencana. Mboten gantalan wekdal, angslup ninggalaken candhikala wonten langit kilen. Candhi tegesipun rerenggan. Kala, sampun mastani. Utawi, inggih rerenggan ingkang medalipun sewekdal-wekdal. Kados wekdal sonten menika. Candhikala katawis endah mrarani manah.

Apa ingkang kadhawuhaken kang raka Menak Srabah, gantos kacritakaken dhumateng keng putra. Mboten wonten ingkang kecicir. Keng Putra ya Menak Sopal mirengaken dhawuhe kanjeng Ibu kanthi mituhu. Amarikelu.

“Kanjeng Ibu.”

“Kepriye putraku bocah bagus Sopal?”

“Terus keng putra kapan bidhalipun dhumateng Krandhon ngayahi karya. Kados ingkang rama dhawuhaken dhumateng kawula kanjeng Ibu..?”

“Saiki ngenteni apa, sesuk ngenteni apa. Mumpung jagade gasik. Dina iki uga ndang budhala ngger putraku Sopal.” Menak Sopal wangsul, ngangseg dhateng ngarsane keng Ibu.

“Menawi makaten kang putra medal pasilan. Nyuwun pamit kanjeng ibu.”

“Iya iya, sun pangestoni. Tinebihna ing rubeda. Muga kasembadan apa kang kasedya Sopal.”

“Inggih sembah nuwun kanjeng ibu.”

Repepeh-rerepeh tindaknya sang apekik. Pindha sato matarangan. Teja sumunar, mertandhani ingkang nembe lumampah sanes priya sawantah. Tan samaring laku, ing ngajengipun Menak Sopal jlug! Wonten tiyang ingkang ngadhang laku. Mandhap saking wit waru.

“He he he..! Mandheg! Mandheg! Mandheg Gus” Priya apawak raseksa ngutahaken swara sora. Sekedhap, Menak Sopal kaget. Sareng sampun radi sawetawis, saget nata jiwa.

“Sapa sira kang kumawani ngadhang lakuku?”

“Jenengku Gendir Penjalin. Penguwasa alas Kedegan kene. Kowe sapa lan duwe sedya apa kok wani-wani liwat wewengkonku?”

“Ho oallah, dadi kowe ta Gendir penjalin paraga laku kiwa kang kondhang minangka: kecu, brandhal dalah rampok ana ing tlatah Kadegan kene.”

“Iya kepara nyata. Balik kowe sapa dasa namau? Apa sedyamu..?”

“Yen takon karo aku jenengku Menak Sopal. Aku arep sowan menyang dununge warandha Krandhon”

“Tak elikne, menawa kepengin slamet. baliya Gus..?”

“Aku ora bakal bali Menawa durung kasembadan apa kang ndak sedya.”

“Hua ha ha ha...!Lha menawa ngono kowe wani karo

aku?!

“Sing medeni apamu?”

“Aku luwih gedhe dhuwur.!”

“Senajan luwih gedhe dhuwur, nabok sirahmu ora ndadak gawe ancik ancik

“Aku sugih japa lan mantra”

“Sugih japa klawan mantra. Aku ora mbeguru marang dhangkamu”

“Babo. kumawani nyangking dhangka. Sing prayitna Gus..!”

“Sepira kadigdayanmu tak ladeni Gendir Penjalin.

Kekalihipun sami panca bakah. Dredah, silih ungkih gantosan ingkang kalindih. Gendir Penjalin ngedalaken piyandel aji Guntur Geni. Menak Sopal egos, nolak kalih kekiyatan aji jaya kawijayan Tirta Samodra.

Kekalihipun gadhah kesekten piyambak-piyambak. Gendir penjalin kados sampun kebrongot. Sibra ngedalaken piyandel pamungkas, inggih menika keris luk sanga ingkang winastan keris Setan Miber. Keris ampuh kagila-gila menika sampun kaliga sedya katamakaken wonten jajanipun Menak Sopal. Endha sekedhik. Keris Setan Miber mboten ngengingi malah ucul mabur dhuwur, uwal saking tanganipun Gendir Penjalin.

Lha dalah, dhawahe si keris malah pas nibani dhadhanipun si Gendir Penjalin kiyambak. Rah muncrat. Priya rikma gimbal menika dhawah nanggor sela gilang sak gajah, Kruget-kruget sekedhap. Mak pet. Pralaya. Ndhepani bantala. Sirna marga layu.

Salajengipun wonten padhepokan Krandhon.

“Ya layak manuk Prenjak ana ing ngarep pendhapa iki mau kok ngganter. Arep ana tamu. Gek iki sapa bocah bagus ingkang nembe ngabiyantara wonten ngarsaningsun?” Makaten sasampunipun Menak Sopal uluk salam, wonten pandhapanipun Warandha Krandhon.”

“Sembah kawula kunjuk. Gunging pangasami, kawula ingkang sampun kumawantun marak dhumaten panjenengan, mboten nyukani cecolok rumiyin nyai.”

‘Iya iya ora dadi ngapa. Sira iku sapa?’

“Kawula Menak Sopal atmajanipun kanjeng rama Menak Srabah.”

“Menak Srabah?”

“Inggih menika keng rama kawula. Nyai Krandhon sampun tepang?”

“Lha iya kenal ta. Keng ramamu iku nate sabeguron karo jening ingsun.”

“Ana parigawe apa lumampah menyang Krandhon kene Sopal?”

Jejaka iku banjur nyariosaken sedyanipun badhe ngampil Gajah kagunganipun nyai Warandha Krandhon. Kanthi sedya utama, minangka sarana mbangun dam Bagong. Mboten kantun kacariosaken ugi dam menika kadamel mbendung toya. supados menawi mangsa ketiga, para among tani mboten kekirangan toya. Syukur, toyanipun ngantos dumugi tlatah Krandhon mriki. Mirengaken crita dalah sedyanipun Menak Sopal ingkang luhur menika nyai Warandha nayogyani. Sarujukipun nyai Krandhon menika, ndamel mongkokipun Menak Sopal.

“Sembah nuwun sanget Nyai Krandhon.”

“Iya iya. Ananging, mbesuk menawa wus pari purna Gajah Putih enggal balekna ya?”

Menak Sopal manthuk sarujuk.

Gancaripun carios, saksampunipun Gajah Putih kabeta minangka sarana wonten tuing lepen Bagong. Pandamelan mbangun dam, saget lumampah kanthi rancag. Dene dam Bagong menika, taksih lestari ngntos dumugi sakniki. Ugi taksih migunani, dhumateng para among tani.

Sacelakipun dam Bagung. Kirang langkung 2,5 kilometer mengaler saking kabupaten Trenggalek, wonten makam ingkang wonten candra sangkala nipun *sirnaning puspita cinatur wulan*. Ingkang artosisipun taun 1490 saka, utawi tahun 1568 masei. *****Nuwun**



Sanggane Mitra

Dening : J.F.X. Hoery

WIS seminggu iki dheweke nggethu ana kamar kerjane. Yen wis tandang gawe ngono iku, ora ana sing wani ngganggu. Iku amarga seminggu kapungkur dipethuki Eko Peye, Ketua Perupa ing kuthane. Dheweke diajak pameran lukisaan lan bengine diisi hiburan musik kroncong kang uga pimpinane Eko Peye.

“Yun, suk awal wulan melu pameran lukisan ya.” kandhane Eko.

“Ana ngendi?”

“Ana platarn omahku”

“Sapa bae sing melu pameran?”

“Kabeh anggota, perupa. Kajaba pameran sing wis dadi, uga gelar lukis.”

“Ana pesertane putri?”

“Lha ing kene ya mung awakmu dhewe ngono sing konsis nglukis.”

“Waduh, aku minder ta, Mas Eko. Kabeh wis senior-senior, njur lukisanku ya mung ngono-ngono kae. Kathik cewek dhewe.”

“Justru putri dhewe iku sing takbutuhake. Kanggo menèhi motivasi karo pelukis-pelukis enom. Mligine pelukis putri ben ana semangate. Sapa ngerti mengko bisa narik minate bocah-bocah putrid liyane, ambyur ing jagading seni lukis.”

“Mengko aku diolok-olok, lukisan ora pakra kok melu pameran. Yen ana sing ngomong ngono, piye.”

“Ora ngarah ta yen kanca-kanca ana sing maido. Kepara malah seneng, ing kuthane dhewe ana pelukis putri.”

Sidane Yuni gelem. Mula, gandheng wektune isih telung minggu, dheweke banjur nggethu arep mamerake karyane sing mutakir. Yen wis ngono iku, dheweke sok nganti lali mangan. Malah yen ana sing mlebu ing ruang kerjane uga ora digatekake.

Kaya ing dina iku, kanca rakete kang wis rong taun pisah lan ora nate ketemu, mara uga ora dadi kawigatene. Krungu klesete wong mlebu, dheweke ora maelu, malah noli wae ora. Katrem anggone njogetake kuwase ing kanvas, Leren anggone njogetake kuwas, banjur nyawang lukisane karo nenglang nenglang ake gulune..

“Mbak Yun, “ suwara alus kang metu saka lambene tamune. Ewosemono, Yuni noli wae ora

apamaneh mangsuli.

Ing batine Yuni, suwarane sapa, aku kaya nate krungu suwara iki. Ana ngendi lan kapan? Dheweke tetep ora noli. Malah bali ngobahake kuwase ing kanvas.

“Sepurane Mbak aku ngganggu. Sampeyan isih eling aku?” ucape tamune karo nyandhak pundhake alon-alon, suprihe ora ngganggu obahe tangan kang nyekel kuwas.

Yuni isih durung mingket saka lungguhe. Isih nguwasake lukisane. Isih durung aweh kawigaten karo tamune.

“Mbak aku butuh pamawasmu, aku butuh pituturmu, kaya biyen. Aku pancen luput Mbak, biyen ora manut karo pituturmu, aku mung nggugu karepku dhewe. Saupama aku biyen nggugu sampeyan, ora kaya ngene dadine,” suwarane serak, banjur keprungu suwara setengah mingseg-mingseg.

Bareng krungu suwara mingseg-minseg, Yuni lagi noli. Iba kagete bareng ngerti tamune, apamaneh tamune banjur ngruket dheweke karo tangise ambrol. Karos diruket, dheweke nyawang kang lagi teka karo alon-alon nduwa awake kang ngruket.

“Lina....?” ucape.

Sing disebut jenenge, saya banter tangise. Mula Yuni banjur banjur nyelehake kuwase, nyandhak tangane Lina, Dwi Marlina jeneng jangkepe, dituntun diajak lungguh ing kursi. Yuni isih nyawang, durung nerusake gunem utawa takon, amarga Lina isih kamisesegen. Batine Yuni kebak pitkon. Kancane sing biyen katon ceria, saiki katon pucet.

Lina kancane runtang runtung dhek semana, sadurunge pisah. Kanca raket, bebasan ana ngendi ana Yuni mesthi ana Lina. Nanging dumadakan Lina lunga, ninggalake dheweke, ninggalake wong tuwane, ora ana sing dipamiti.

“Iki mau saka ngomah apa saka ngendi? Menyang ngendi awakmu sasuwene iki. Dakkabar-kabarake, ora ana kanca sing ngerti.” pitakone Yuni rada nrecel.

Lina ngelapi luhe kang dumlewer. Nyawang menyang mitrane sing wis meh rong taun ora ketemu. Ing batin Lina, ngucap ngalem mitrane iku, isih gemati marang dheweke kaya biyen, ora ana owah-owahan.

“Sasuwene iki awakmu menyang ngendi, Lin? Aku nate teka omahmu ngaruhake, Ibu Bapak ngendika awakmu lunga ora pamit lan ora nate ngabari ana ngendi dunungmu. Malah Bapak ya ndangu aku, apa ora ngabari ana ngendi dheweke, marga biyen runtang-runtung wong loro. Terus terang aku ya matur, yen aku ora mbokpamiti, lan saploke pisah, awakmu babar pisan ora nate ngubungi aku. Lan ngabari ana ngendi dunungmu.”

“Sepurane, Mbak. Aku luput. Saupama aku ndhisik manut sampeyan, aku ora bakal kaya ngene. Aku nggugu karepku dhewe. Dakrasa kebebasan iku nyenengake. Nanging malah nyiksa. Aku dadi wong dosa, embuh kepriye anggonku arep nebus.”

Yuni nyawang kancane iku, wiwit saka pucuking rambut nganti sikil. Pacakae Lina ora kaya biyen. Rambute sing biyen diingu dawa nganti tekan bokong, saiki dipotong pendhek sak gulu. Nganggo kaos, ngisorane jeans ketat. Awake tambah lemu,

“Iki mau saka ngomah?”

“Ora.!”

“Banjur?”

Aku ora wani mulih Mbak. Iki mau aku sengaja mrengse, sampeyan sing dak jujuk. Sampeyan sing arep taksoki isine atiku.”

“Sasuwene iki awakmu ana ngendi. Yen mergawe, nyambut gawer apa lan ana ngendi?”

“Aku salah dalan Mbak, Sabenere aku wis ora pantes mrengse, ora pantes isih ngaku mitra sampeyan. Aku wis nguja kasenengan, nggolek kebebasan, huru-hara karo kanca lanang wadon, saka kutha siji menyang kutha liyane.”

“Antuk kasenengan? Yen oleh kasenengan, wis kepenak uripmu, yagene saiki mrengse nggawa tangis?”

“Yen uripku wis kepenak, mbojkmene aku ora bakal mrengse. Tekaku, aku kepengin ngesokake isine atiku kaya biyen Mbak. Sampeyan isih gelem nampa?”

“Banjur.”

“Yen aku wis ngesok isine atiku, aku lega Mbak.”

“Apa sing arep mbokkandhakake?”

“Aku kepengin nglalu, Mbak?”

“He. Aja gendheng, Lin. Ketoke awakmu saiki kepenak. Awakmu tambah lemu. Ana apa kok omonganmu nggladrah?”

“Mbak, a... aku...”

Lina ora kawetu omong, kaselak bali nubruk Yuni karo bali nangis magep-magep. Banjur tangane Yuni dicandak, diarahake menyang wetenge, supaya nggrayangi.

“Kowe,... kowe...”

Lina ngerti arah tembung Yuni, dheweke

manthuk karo tangise tambah ndadi.

“Bojomu?”

“Aku durung kawin.”

“He....? Terus, bapake anakmu iki?”

“Iki salahku Mbak. Wohe anggonku golek kebebasan. Bocah lanang sing ngiseni dakjaluk tanggungjawabe ora gelem.”

“Alasane?”

“Jare dudu wijine dheweke?”

“Lha kowe piye sing nglakoni?”

“Ora Mbak, ora. Masiya aku bebas, kanca-kanca lanang demi Allah Mbak aku mung karo dheweke. Aku wis sumpah, sumpah, nanging dheweke tetep selak.”

“Lha saiki bocahe ana ngendi?”

“Yaiku, Mbak. Sawise takdheseg, dheweke terus ngilang, Kanca-kanca tak takoni siji wae ora ana sing ngerti. Pedah apa aku urip, yen nggendhong wirang?”

“Bapak Ibu wis pirsane?”

“Aku ora wani mulih Mbak, aku pilih nglalu.”

“Apa yen wis ngono, kowe wis ora duwe tanggung jawab. Kowe kudu mempertanggungjawabake marang Gusti. Sepisan kowe wis nerak wewalere Gusti, kapindho balimu nyasar ora bakal katampi Gusti.”

“Yen takgugurake piye, Mbak.”

“Apa salahe, janin kang suci arep kokprawasa. Kowe kuwi kudu jentel. Rumaten, sayangen nganti lair, sapa ngerti mbesuk bapake nggoleki. Kowe kudu enggal bali, matur Bapak Ibu.”

“Aku ora wani. Aku tak lunga wae, saparan-paranku.”

“Lunga saparan-paran, ora genah sing mboktuju, wetengmu tambah gedhe. Apa kowe ora tambah wiring. Wis ta kowe ngguguwa aku, muliha, ora-ora yen bapak ibu arep tega karo putrane. Ana unen-unen, sa galak-galake macan, ora bakal nguntal ggogore dhewe. Selehna pikirna, tentremna atimu.”

“Saupama..., saupama Mbak Yun ngeterake aku, piye. Nanging aku isih tidha-tidha. Bapak gek duka, aku malah ditundhung.”

Rada suwe Yuni ora aweh wangsulan. Dheweke nyawang mitrane kang prasasat sinebut mitra sinorohwadi sing lagi nanggung sanggan abot, lair lan batin. Mikir nyaguhi panjaluke Lina ngeterake mulih apa ora. Yen ngelingi anggane kekancan, anggane runtang-runtung kala semana pancen ora tega nyawang mitrane. Mitrane disawang maneh, wiwit saka pucuking rambut nganti sikil. Dheweke mesem, banjur manthuk.

Nyawang manthuke Yuni, Lina bali ora kumecap kajaba bali ngrangkul keket mitrane iku.@

NYIDHAM BANDHOSA

Dening : Nono Warnono

Hartoyo goreh salebeting manah. Dupi sawatawis dangu manggen wonten Perumahan Gunung Asri. Mboten karana kawratan mbayar angsuran. Ananging krana ing lingkungan perumahan dereng sumadya makam. Sejatosisipun wonten, nanging makam Islam kasebut mapan ing nglebet kampung radi tebih.

Raos mboten jenjem kalawau ugi jalaran bapak marasepuhipun ingkang sakit-sakiten ndherek ngempal sagriya. Yen ngantos sawanci-wanci kapundhut tartamtu adamel bingung. Badhe dipunpetak wonten ing pundi?

Kadidene ketua RT ingkang nembe kepilih, Hartoyo lajeng ndamel ada-ada rapat mapan ing griyanipun piyambak. Ingkang diundang warga RT sanga kanthi gunggung tigangndasa sanga kepala keluarga. Salintunipun mbiwarakaken susunan pengurus ingkang sampun karantam gumathok. Ngiras-ngirus damel program kerja. Wonten list program strategis ingkang badhe dados ugeran pengurus nindakaken kegiatan. Datun katalompen ndadosaken program pengadaan bandhosa. Dipunjangkepi srana kanggo nyuceni janazah, terop lan kursi.

"Program kerja Er-Te ingkang mendesak dipunwujudaken inggih menika peralatan kangge ngrumpaka jenazah yen wonten warga ingkang kesripahan," usul kanthi swanten sora makantar.

Sawatawis dangu peserta rapat ing mubeng lesehan mboten wonten ingkang nanduki. Swasana amem kirang greget.

"Kadospundi menggah sedherek-sedherek warga ing Er-Te mriki. Sarujuk menapa mboten?" ngambali kanthi pitaken.

"Nuwun sewe Pak Er-Te!" Wiji Utomo ingkang mapan pojok wetan semanta.

"Mangga paring usul lan saran,"

"Miturut pemanggi kula, program pengadaan bandhosa menika dereng mendesak. Ingkang wigati menggahupun kula perbaikan margi lingkungan perumahan ingkang risak. Program pavingisasi,"

"Kula nggih mathuk kaliyan program pavingisasi kalawau, jalaran sadangunipun perumahan menika dipanggeni warga dereng nate wonten kawigatosan saking pengembang," urun rembug Pak RW Mustaji ingkang dalu menika ugi ngestreni.

"Bilih mekaten, saenipun program kegiatan kita ing taun menika pavingisasi lan pengadaan bandhosa. Pripun?"

Undangan sami rangu-rangu anggenipun badhe wangsulan. Gentosan sawang-sinawang setunggal lan sanesipun.

Ngantos Kasun Iskandar warga asli kelairan dusun Gunungsari, ingkang kapatah ngrawuhi parepatan ndherek ngendikan.

"Program pavingisasi kula kinten sae. Nanging ingkang program pengadaan bandhosa kangge nggotong mayit mangga ditimbang-timbang rumiyin. Jalaran wiwit canggah wareng ing dusun mriki mboten nate damel bandhosa. Yen wonten warga masyarakat kapundhut, amung negor pring langsung diwangun bandhosa. Mboten wonten ingkang wantun ndamel bandhosa permanen. Ajrih yen kepanduk wewaler,"

Warga ingkang ndherek rapat sedaya manthuk mireng katrangan saking kasun Iskandar.

"Pemanggi kula kok benten, Pak Iskandar. Bab bandhosa ingkang njalari wewaler menika namung gugon-tuhon. Jaman sampun owah gingsir, kapitayan ingkang tahayul menika saenipun dupunbrasta. Kula kinten ndamel bandhosa ingkang permanen langkung praktis. Tinimbang ndamel bandhosa pring ingkang rampung lajeng dibucal semprung,"

Rembugan kecandhet malih. Sedaya ketingal sanggarunggi. Mboten terwaca pundi ingkang nampik lan sarujuk program pengadaan bandhosa.

Pancenn adat istiadat ingkang sampun diyakini dening masyarakat kados makaten. Mboten ndamel bandhosa permanen wiwit kuna-makuna. Kapitayan ingkang sampun lumrah dimangertosi. Bilih ndamel bandhosa permanen, warga ingkang kapundhut mboten leren. Jaman rumiyin nut crita lisan kados makaten. Pramila lajeng warga pilih ndamel bandhosa dadakan kanthi gotong-royong.

Undangan rapat kathah ingkang sumelang. Tumlonjonging rembug dereng terwaca. Dereng gilig dudutan rapat. Keputusan mboten gembleng. Kepara kathah ingkang nolak gagasan wau. Nanging ewuh pekewuh badhe urun rembug.

Dipunsarujuki wontenipun rapat lanjutan. Kangge ngawekani asil rapat ingkang dereng ngasilaken keputusan. Hartoyo ingkang dados ketua RT lan dados tuan rumah rumaos kuciwa. Kresah-kresuh salebeting manah. Yagene warga ingkang dipunpimpin wangkot mboten kening diajak majeng mbangun lingkungan. Pemikiran kuno ingkang tasih diugemi, nadyan warga ing perumahan klebet tiyang berpendidikan. Nadyan mboten kapratelakaken,

nanging rasa kuciwa kalawau kawistara ing praupanipun Hartoyo.

Rapat salajengipun kaleksanan diadani kalih minggu sasampunipun rapat sepisanan. Warga ingkang sampun nyarawidekake kapitayan warga asli, sami mboten sarujuk ada-ada program pengadaan bandhosa. Samar menawi crita-crita kawuri ingkang nggegirisi nempuh warga ingkang kathah-kathahipun saking manca. Mboten warga asli kelairan dusun Gunungsari..

"Pripun sedherek sedaya? Menapa program pengadaan bandhosa dipunsarujuki?" Hartoyo mbikak rapat langsung nanging peserta rapat.

"Saenipun program pengadaan bandhosa dipunsumenekaken rumiyin, Pak Er-Te. Kita menika warga pendatang. Inggang mangertos adat kebiasaan nggih warga asli. Kita kedah menghargai kesepakatan para leluhur rumiyin. Kula kinten mboten wonten awonipun ngleluri adat budaya ingkang sampun lumampah sae," panyaruwe Imam Tohari. Salah setunggal warga ingkang sekawit rapat binuka mendel kemawon ing salebeting musyawarah.

"Bilih ngugemi crita ingkang mboten klebet nalar, lingkungan kita badhe ketinggalan jaman. Mboten siyos mbangun lingkungan namung jalaran awrat ninggal gugon tuhon. Ajrih crita-crita tahayul ingkang memalangi program pembangunan lingkungan"

Peserta rapat mboten semanta. Namung pilih mendel. Estunipun badhe nyaruwe katrangan kalawau. Pratelan ingkang klebet kemajon. Kirang unggah-ungguh. Jalaran miturut wawasan ngakathah, mbangun yektosipun mboten namung wujud pembangunan fisik. Nanging ugi nglestantunaken warisan adat istiadat budaya kadidene local genius.

"Mangga dipunvoting. Pinten ingkang nyengkuyung, lan sinten ingkang menolak,"

Tiyang-tiyang diaba ngacung. Mboten wonten ingkang angkat tangan. Diaba sinten ingkang setuju, lan pundi ingkang nolak. Sedaya mboten wonten ingkang nanduki.

Pepuntonipun rapat rampung. Tanpa asil tumlonjong. Senadyan keputusan mboten genah. Nanging Hartoyo meksa ndamel dudutan piyambak. Keputusan ingkang tinulis ing notulen rinekadaya. Pasarujukan wontenipun program pavingisasi lan pengadaan bandhosa abal-abal.

Wusana asil rapat dipunserat wonten edaran. Serat dibagi dhateng sedaya warga lingkungan. Ngengingi kesepakatan program pavingisasi lan pengadaan bandhosa. Saben lawang diwajibake urunan gangsalatus ewu kangge program kalih mau. Bilih dana kirang arsa kalajengaken salebeting program taun ngajeng.

Surat edaran ingkang mambet paksaan kalawau dados rame. Warga umyeg. Nanging paripaksa tetep nyengkuyung program kasebut. Kuwatir bilih kedadosan wau dados dredah ing satengahing warga. Nadyan kathah ingkang kuciwa. Keduwung, milih ketua er-te enggal kok lajeng meksa urunan ingkang mboten sekdhik gunggungipun.

"Niki mboten namung babagan urunan lho, Pak Er-We?! Nanging ugi nyangkut adat istiadat kearifan lokal ingkang dipuntabrak. Kula kuwatos kanyatan menika ndadosaken keresahan sosial," panduwanipun Slamet rikala sapejagong ing wande pojok perumahan.

"Sedaya sampun dipunrembug ing pakempalan warga. Keputusan sesarengan sampun tinulis ing salebeting edaran resmi. Mangga kita dherekaken kadospundi lumampahipun. Sinten ngertos program pengadaan bandhosa menika ndadosaken kesaenan menggah warga dusun Gunungsari. Mirungganipun warga perumahan Gunung Asri"

"Yen ngantos dhanyang ingkang mbaureksa dusun Gunungsari ngriki mboten narimakaken, kadospundi, Pak Er-We. Mumpung dereng kedlarung-dlarung, saenipun dienetaken malih?"

"Mangga pasrah dhumateng Gusti Inggang Maha Kuwaos, mugi sedaya warga sami wilujeng mboten wonten setunggal rubeda,"

Pepuntonipun program lumampah, senadyan warga mboten kendhat anggenipun rerasan. Ing maneka papan. Saben wonten kalodhangan. Mboten sreg salebeting manah. Nanging demi kerukunan lan kebersamaan sedaya tetep nyengkuyung.

Mboten dangu bandhosa sampun dados. Sarana lintunipun wujud mori kain kafan saubarampe, genthong wadhah toya, tendha alit lan kursi sampun sumadya. Disimpen wonten ing bale RT. Sawanci-wanci bilih wonten ingkang kapundhut gampil anggenipun ngginakaken.

Sepeken sasampunipun pengadaan bandhosa rampung, dumadakan wonten kabar lelayu. Hartoyo, ketua RT ing perumahan Gunung Asri tilar ndonya jalaran kencing serangan jantung.

Kabar sumebar. Lumantar wicantenan sesami warga. Tumekeng media sosial. Umyeg rame. Kathah rerasan damel maneka dudutan. Ketua RT ngajal jalaran menggali program ingkang kirang sinengkuyung warga. Wonten ingkang ndumuk, krana kencing pangamuking Dhanyang Gunungsari ingkang mboten ngidini damel bandhosa.

Wusana keranda ingkang nembe dados wau nyedhiyani Hartoyo ingkang kemrungsung anggenipun nyidham bandhosa.

Cuthel

KALIMPOT PEDHUT KIDUNG ASMARANDANA

Dening: St. Sri Emyani

Ki Dhalang Karpo katilar seda sisihanipun ingkang paring asma Sih Sumilir. Kenya sulitya menika kapetik saking tlatah bumi Gunung Sari. Putri Kamituwa menika saderenge badhe ajar sindhen dhumaheng Ki Dhalang mudha dhukuh Purung, inggih Ki Karpo. Witing tresna jalaran saka kulina, menika panci leres. Kados lelampahan jalu westri punika. Wiwitanipun namung ajar sindhen, wekdal Ki Karpo angsal tanggapan, asring ugi dipun ajak. Wusanane Dhalang mudha Karpo kalih Sih Sumilir, kalimput kidung asmarandana. Ngantos nambut silaning akrami. Kapahargya pitung ndinten pitung ndalu, kanthi nanggap; kethoprak, wayang uwong, ludruk mboten kantun wayang purwa sedalu muput.

Dereng jangkep sepaas anggone jejodhowan buyar. Amergi Sih Sumilir tilar keterak Dhokar. Wangsul saking nyindhen malem anggara kasih utawi malem selasa kliwon.

“Inkang sabar inggih Ki.” Sindhen Surti Kanthi nyukani lelipur.

“Iya tak kuwat kuwatake Sur.”

“Inggih wong panjenengan inggih taksih mudha kemawon Ki”

“Ananging...”

“Anaging kados pundi Ki?” Sindhen warandha ingkang sampun peputra sanga menika mitereng.

“Koyok isih gumawang netrane Sih Sumilir.”

“Inggih wong nembe sekawan dinten sedanipun. Mbenjing menawi sampun dangu rak inggih plas ical ta?”

“Sauntara iki aku koyok isih gumawang wewayangane bojoku sing nembe tak palakrama patang ndina Surti.” Dhalang Karpo paningale lurus mirsani peksi Jalak jaler ingkang miber kekiter wonten inggilipun wit Trembesi. Sauntawis, wonten Walang angkup ingkang badhe tilem angler. Amergi kebrebegen njur mak kleper. Miber. Mboten sumerep duginipun pesthi. Mak cuk. Dipun cucuk peksi Jalak jaler sawiji. Njerit sekedhap. Slep dugi madharan. Tumekaning pesthi. Mati. Dhalang Karpo ngulati kedadosan menika.

Ngelus dhaha kalih ngutahaken ukara, lirik “takdir” ngantos mboten kapireng wanita ingkang wonten ngajengipun.

“Kok nglamun lho Ki?”

“Hah..!” Dhalang Karpo supe menawa nembe sapatemon kalih Sindhen Surti.

“Criyosipun panjenengan wonten ngajenge pakeliran. Menawi wonten masalah dipun udhari, mboten pareng mbadheg toko.”

“Mbadheg toko?”

“Limun ta! Ha ha ha ha..! Dhalang menika ngoncalaken wicanten kalih nggugeng radi sora. Ngantos Kodhok Kampret ingkang ngethapel kawin wonten wit Telo Karet, kaget. Ngantus dhawah.. Untungipun dhawah wonten sanginggilipun pasuketan. Kampret setri mlajeng nggendring ndhelik wonten sapinggire belik. Kampret jaler ugi mlajeng pados aman wonten suwalikipun wit salam.

“Limun *kareta basakaken* kalih nglamun.”

“Suwun Surti. Bener wektu ngene iki aku ora oleh nglamun.”

“Inggih kula kinten kados ingkang panjenengan ngendikakaken wekdal ndhalang wonten ngajenganipun pakeliran menika. Inkang naminipun: rejeki, jodho klawan pesthi iku wonten astanipun Gusti. Manungsa namung dipun sukani wewenang usaha dalah ikhtiyar. Ananging, ingkang nggarisaken inggih Gusti. Napa mboten ngoten Ki?”

“Bener. Lek ngene iki awakmu sing menehi pepadhang ya Sur.”

“Mboten ngoten.”

“Lha kepriye Sur?”

“Kita mboten saget ngicali klilip kita kiyambak.”

“Hem, hiya hiya..” Dhalang mudha iku manthuk-manthuk sajak inggih sarujuk kalih menapa ingkang dipun sanjagaken pesindhenipun kiyambak wektu wonten tanggapan wayang purwa.

“Menawi kita klilipen. Tiyang sanes ingkang saget mendhet wonten telenging suco. Lha inggih ngoten ta Ki?”

“Bener. pancen bener kaya mangkono Sur..?”

“Pramila ngapunten kula niki wau kumawanton nyaketi dhumateng panjenengan wonten sangandhapipun grojogan Pelang menika. Amergi?”

“Awit ngapa Sur?”

“Kawula was sumelang”.

“Was sumelang ngapa Sur?”

“Dalu-dalu kok Ki Dhalang Karpo medal kiyambak. Kanthi soca kosong. Menawi wonten napa napanipun kawula rak inggih tumut kecalan.”

“Kok kelangan kepriye”

“Menawi wonten tanggapan, trus panjenengan mboten saget. Kula rak inggih tumut rugi ta?”

“Oh iya Sur!” Mirengake menapa ingkang dipun kandhakaken Surtikanthi iku dhalang Karpo radi kaget.

“Teng napa kok kados?!”

“Wadhuh iya. Malem Selasa Kliwon iki enek tanggapan lho.”

“Lha inggih, niki wau ugi kalih-kalih damel. Sepindhah ngrencangi panjenengan ingkang kados kasepen, ingkang angka kekalih inggih menika paring penget menawi supe kalih wontenipun tanggapan. Amergi, panjenengan sampun mboten supe. Inggih sampun menawi ngoten.”

“Suwun banget Sur. Iki mau lek sampean ora ngomong ngono, aku ya bisa lali tenan lho.”

“Mugi-mugi angsalipun mancak kepyak mbenjing Selasa Kliwon niku saget maremaken ingkang nanggapi ugi saget ngrenakaken para penonton pagelaran wayang purwa inggih ki”

“Muga-muga kaya mangkono. Amerga..?” Ngendikane dhalang mudha iku kandheg. Amergi, wonten peksi Cicir ingkang nyamber Jingklong sangajengipun ki dhalang Karpo.

“Amergi menapa Ki..? Sindhen Surti nguncalaken pitaken, supados Ki Dhalang nglajengaken pangandikanipun ingkang kandheg./

“Amerga, bayaran tanggapane gedhe manggon ana ing pendhapa kecamatan. Sing mirsani uga para nayaga kinurmat. Mula ya kudu tak siapake kang mateng Sur..?”

“Oh ingih, pagelaran mbenjing wonten pendhapa menika ndamel lempahan menapa Ki?”

“Pamundhute camat kang uga katrem marang kabudayan tradhisi nyuwun lelakon Dhalang Sapanjana.”

“Dhalang Sapanjana..?”

“Ngapunten. Ringkesipun lempahan kadospundi Ki?”

Sindhen warandha menika ngangseg. Radi nyaket Ki Dhalang”

“Dhalang Sapanjana ditanggap wong nduwe gawe mantu. E e alah, malah kemanten putrine kasmaran karo Dhalange.”

“Rumiyen ta Ki. Menapa dhalang Sapanjana menika langkang bagus lan nggatheng ketimbang kemantene kakung?” Sindhen menika mitereng sarwi nyaket

“Lha ya embuh Surti. Wong iku ya mung lelakon wayang. Wayang dhewe rak iya saka tembung wewayangan. Utawa lelakon kita ta..?”

Sindhen menika manthuk sarujuk.

Sauntawis menika Ki Dhalang mudha netrane tempuk kalih netranipun sindhen Surtikanthi, kados gawang gawang wewayanganipun keng garwa Sih Sumilir ingkang nembe sekawan dinten seda. Bethari Ratih nyukani pambagya. Ngasta sekar mangambar. Amrik arum. Sang Bethara Kamajaya nampi. Kanthi ngliga warastra. Oh asmara. Asmara.

Dalu menika wonten ngandhapipun grojogan Pelang wonten kidung asmarandana ngumandhang. Mboten kados, endahing kalbu wektu lelumban wonten seganten madu.

Dalu mrambat. Bang wetan sulak kencana. Peksi sajodho nembe wangsul saking mabur dhuwur ngantos dumugi pethit langit biru. Ceciblon seganten madu.

Tigang candra, wonten papan panggenan ingkang sami.

“Ki Dhalang Karpo?”

“Enek apa, ngajak prajanten ana ing kene Sur..?”

“Inggih Ki..”

“Inggih Ki dhalang. Tigang wulan kepenger. Panjenengan klawan kula, ngidungake tembang asmarandana ngantos gagat rahina.”

“Terus Sur..?”

“Samenika rembulan grahana?”

“Tegese piye Surtikanthi?”

“Sampun tigang wulan mlapah menika kula mboten nggarap sari.”

“Nggarbeni?”

Sindhen Surtikanthi niku manthuk.

Dalu menika wonten peksi sajodho mabur kalang bebarengan sasampunipun ngidungake tembang asmarandana.

*** *Panggul- Trenggalek 1202 2021*

BU LIS

Dening: Emi Sudarwati

"Innalilahi wainna ilaihi rojiun...." Sampun tinimbalan dening Gusti Inggang Murbeng Dumadi. Panjenenganipun Ibu Dra. Sri Sulistiani, M.Pd. Mugi husnul khatimah, aamiin...."

Banyu bening ora urung tumetes saka pucuk mripate Kinanthi. Sawise maca pesen saka *WhatsApp* grup Basa Jawa Angkatan '93. HP banjur ditutup. Wanita iku enggal nerusake lakone.

Kinanthi banjur kelingan. Watara rong dina iki, Mas Catur ora bisa sare kepenak. Granane tansah mambu wangi. Ulune kadhangkala mengkorog. Biasane ngeneki arep oleh kabar kurang kepenak.

"Kluargane dhewe ana sing gerah ta, Buk?" pandangune. Nalika iku pajenengane lagi wae mapan sare ing sisihe Kinanthi.

"Mboten, Yah. Wonten napa ta?" jawabe Kinanthi, banjur bali takon.

"Rong dina iki aku kok mambu wangi wae. Awakmu mambu ra?"

"Walah... Mas Catur menika mesthi ngaten loh. Ngeden-ngedeni mawon. Mbok ngaten menika boten sah dicritakake," gremenge Kinanthi.

Wanita iku enggal ngruket guling sing ana ing sisihe. Dene Mas Catur menyat saka amben, langsung pindhah nggon. Priya iku mapan sare ing ruang tegah. Nanging nganti wengi panggah wae ora bisa ngliyer bar pisan.

Sesuke, Kinanthi lagi wae mulih saka adicara pelantikan calon pengurus PGRI masa bhakti 2020--2025. Sing nglantik yaiku pengurus PGRI saka Provinsi Jawa Timur. Kepeneran guru ayu kuwi ketiban sampun nampa jejibahan minangka sekretaris bidhang penelitian lan pengabdian masyarakat.

Amarga isih mangsa kovid, mula adicara ora kadawa-dawa. Pokoke cekak aos. Nanging tetep patuh marang protokol kesehatan. Nganggo masker, wijik tangan lan njaga jarak. Pancene anggota lan pengurus PGRI ing Kabupaten Bojonegoro kuwi wonge manut-manut. Pokoke tansah setya marang organisasi. Dadine watara tabuh rolas awan adicara wis paripurna.

Panitia langsung nganakake pembubaran ing Warung Ayam Ternak. Amarga kang kalebu panitia APKS PGRI Kabupaten Bojonegoro iki rata-rata guru kang akeh banget gaweane. Dadine ora mung mligi guru thok. Nanging ya duwe jejibahan liyane. Ana kang minangka pengawas, kepala sekolah, operator dapodik

lan liya-liyane. Dene Kinanthi dhewe, saliyané dadi guru uga penulis, editor lan pengusaha. Dadine yen arepe ana acara kumpul-kumpul ngono kuwi jadwale kudu bener-bener ditata kanthi tliti. Supaya ora ana sing kepeksa dikurbanake.

Bubar adicara pembubaran panitia langsung tumuju dinas pendidikan. Saperlu njupuk surat rekomendasi kanggo nganakake pelatihan maca Geguritan tumuju Rekor MURI 2021. Saka kantir dinas langsung golek parkirane. Swasana rame banget. Ngendikane Pak Satpam, ana pelantikan CPNS. Ora sabèn wong diparingi idi bisa mlebu ing kono. Untunge Kinanthi nganggawa rukuh ing tangane. Ketara yen arep shalat.

"Bu....," pandangune Pak Satpam. Nalika weruh Kinanthi ngliwati ruang tunggu.

"Inggih Pak?" Kinanthi bali takon. Dheweke mau esuk bar saka kono. Biasane wis ora perlu nulis daftar hadir maneh. Mula Kinanthi ora mampir ing meja satpam.

"Badhe shalat?"

"Inggih Pak," jawabe wanita cekak.

"Nggih pun, mangga," wangsulane Pak Satpam nyumanggakake.

Kinanthi langsung mbarus ing mushala, saperlu nindakake salat dhuhur. Sawise shalat wanita iku mbukak tase, saperlu njupuk HP-ne. Ngecek, apa ana WA saka Mbak Neni. Mbak Neni kuwi sekretaris pribadine Bapak Kepala Dinas Pendidikan Kabupaten Bojonegoro. Alhamdulillah....

"Sampun Bu, niki nembe ditapak asmani Bapak." Mangkono isi WA saka Mbak Neni.

Kinanthi enggal tumuju ing ruang kepala dinas pendidikan. Sawise nothog lawang, enggal ngongkek gagange. Ketara eseme Mbak Neni kang edi, grapyak semanak. Kinanthi enggal nyedhaki meja kerjane wanita ayu kuwi. Mbak Neni enggal ngaturna map kuning marang Kinanthi.

"Boten womten koreksi, Mbak?" pitakone Kinanthi sinambi mbukak map kuning mau.

"Boten Bu, Bapak boten ngendikan napa-napa," wangsulane Mbak Neni.

"Alhamdulillah menawi ngaten. Matur nuwun sanget, Mbak," ature Kinanthi. Sawise iku, dheweke langsung nyuwun pamit.

Sadurunge metu saka kantor dinas pendidikan,

luwih dhisik wanita iku nyuwun stempel ing ruang umum. Kepeneran ana Mas Andik kang lagi dhahar siyang. Nanging krana ana kang uluk salam, panjenengane enggal jumeneng. Saperlu njurukake stempel ing lemari.

“Kersane kula stempel piyambak, Mas. Panjenengan terusake dhahar,” selane Kinanthi. Weruh priya mau arep nyetempelna surat sing digawa.

Sawise metu saka kantor dinas pendidikan, Kinanthi mampir ing potu kopian sangarepe kantor dinas. Saperli potu kopi proposal kang arep diaturake marang kepala kemenag lan kasi cabang dinas Wilayah Bojonegoro lan Tuban.

Beres, Kinanthi enggal njupuk sepedhah montore ing parkiran. Langsung tumuju ing kantor kemenag, kang kepeneran mapan ing sapinggire kantor dinas pendidikan. Ing ruang resepsionis kok sepi. Manawa wae isih padha ngaso. Wanita iku ndeleng, ing ruang njero akeh kang lagi dhahar lan gegojegan. Kinanthi nyepakake proposal sing arep diaturake. Ora suwe banjur ana sing nyedhaki.

“Ada perlu apa Bu?” pandangune wanita ayu kuwi. Yuswane watara rong puluh taunan. Saumuran karo anak lanange Kinanthi.

“Badhe ngatiraken proposal lan serat menika kangge Pak Kepala Kemenag,” ature Kinanthi karo ngelungake map kertas kuning sing ana ing tangane.

“Proposal apaya?” pandangune maneh.

“Saya dari TBM Kinanthi. Mau mengadakan acara Pelatihan Membaca Geguritan dengan peserta terbanyak untuk rekor MURI 2021. Mohon bantuan bapak kepala kemenag untuk menghimbau agar siswa dan guru di lingkungan kemenag turut berpartisipasi,” jlentrehe Kinanthi rada dawa.

Wanita iku senthuk-sentuk. Banjur ngutus Kinanthi ngenteni ing kono. Dene wanita iku mlebu ing ruang umum lan ruang kepala kemenag. Watara limolas menitan, wanita enom tur ayu mau wis methuki Kinanthi maneh. Dheweke wis ora nggawa map warna kuning mau.

“Proposal sudah diterima oleh Kepala Kemenag. Juga sudah didisposisi ke bagian umum, agar segera ditindak lanjuti. Ibu cukup menyerahkan itu saja, atau mau bertemu langsung dengan Bapak?”

“Kalau bisa, saya mau bertemu langsung dengan beliau. Agar bisa menjelaskan kerja sama apa saja yang mungkin bisa kita lakukan bersama,” ature Kinanthi.

Wanita iku banjur ngeterake Kinanthi tumuju ing ruang kepala kemenag. Asmane Pak Suhaji. Panjenengane pranyata uga seneng banget mring budaya Jawa. Umume tembang macapat. Dadine ya kadya tumbu oleh tutup. Panjenengane ndhukung

banget adicara kang digagas dening TBM Kinanthi.

Sawise saka kantor kemenag, Kinanthi langsung mbarus ing kantor cabang dinas Wilayah Bojonegoro-Tuban. Kepeneran dheweke wis janjian karo Bu Lena, kabad-e. Sepedhah montor digas rada banter. Ing dalan wanita iku isih kelingan Bu Lis. Dosene kang nembe wae kapundhut.

“Bu Lis...,” gresahe.

Bola-bali wanita iku ngusapi luh kang dleweran saka netrane. Kelingan jaman kuliah putu likur taun kapungkur. Bu Lis kuwi minangka dosen mata kuliah nulis lan maca aksara jawa, lan uga materi-materi kuliah liyane. Saliyane apikan, panjenegane uga sabar banget. Ora nate duka marang mahasiswane. Praupan ayu kebak esem edi tansah nabet atine para mahasiswa.

Sanajan wis ora dadi mahasiswane. Manawa ana prakara apa wae babagan Basa Jawa kang kudu diatasi, Kinanthi mesthi matur lan nyuwun panyaruwe marang dosene kuwi. Kaya nalika ing taun 2016 kapungkur. Kinanthi oleh undhangan minangka peserta konggres Basa Jawa. Ing dina kang padha, dheweke uga oleh undangan saka kemendikbud minangka finalis lomba *INOBELNAS (Inovasi Pembelajaran tingkat Nasional)*.

Konggres Basa Jawa kuwi anane mung limang taun sepisan. Dene lomba Inobel iku saben taun mesthi anane. Mula wanita iku bingung banget arep nemtokna pilihan. Naning miturut Bu Lis, Kinanthi kudu tetep nekani final lomba inobel mau. Amarga yen dheweke juara, bisa nggawa aruming jurusan Basa Jawa UNESA. Kanthi maos bismillah, Kinanthi manut lan mituhu marang dosene kuwi. Puji sukur, dheweke isa ngrengkuh juara siji. Saeba bungahe atine. Wanita iku langsung ngabari Bu Lis.

“Bu... kula juara setunggal,” tulise lumantar WA.

“Alhamdulillah... selamat ya Mbak. Kula dherek bingah,” wangsulane Bu Lis.

“Kula nggih badhe dikirim ing Walandi Bu, Alhamdulillah....Saged sinau ing Universital Leiden , Bu.” Tulise Kinanthi ing WA kanthi bungah.

“Puji sukur, Mbak. Kula ndherek mbrebes mili, sangking bungahe.” Mangkono ature Bu Lis.

Satekane saka Walondo, Bu Lis siji-sijine dosene sing diaturi oleh-oleh ornamen kincir angin. Wektu iku dheweke ora bisa ngaturna langsung. Nanging ditipake marang Ayu, sepupune Kinanthi sing kepeneran kuliah ing UNESA.

“Bu Lis...,” bola-bali Kinanthi nggresah. Kok cepet banget Gusti Allah nimbali dhosene kuwi. Kamngaka dheweke isih durung bisa males apa-apa. Amung bisa ndedonga, mugya Bu Lis tinampi ing swarga jati. Pikantuk panggonan kang paling apik. Aamiin.

DOLAN

MENYANG CANDHI PENAMPIHAN

Dening : Zuly Kristanto

Wis suwe Aji kepengin dolan menyang cemara sewu, Karanganyar. Nanging pepenginane durung bisa kaleksanan jalaran sekolahe durung libur. Aji kepengin dolan mrono merga jarene kancane papan kono hawane tansah seger lan ora panas kaya omahe.

Kebeneran awan kuwi Rendra, sedulur misanane Aji dolan menyang omahe. Amarga sedulur misanane kuwi nate dolan menyang Cemara Sewu. Aji banjur takon, “Mas, apa bener hawane Cemara Sewu kuwi seger banget?”

“Bener, Ji. Ana apa?” takone Rendra ganti.

“Ora apa-apa kok, Mas. Mung kepengin wae. Mendah senenge atiku saupama aku bisa mrana saiki. Aku bakale bisa ngrasakake hawa sing seger-seger.”

Rendra tanggap ing swasana. Dheweke ngerti apa sing dipenginake ponakane sing kawit mau nggresah merga panase mangsa ketiga ing desane.

“Yen kowe mung kepengin sing seger-seger. Kowe ora kudu menyang Cemara Sewu. Amarga ing Tulungagung uga ana papan sing segere ora kalah karo Cemara Sewu.”

Aji kaget karo sing dikandhakne sedulure. Jalaran sasuwene iki dheweke durung nate ngerti babagan kuwi.

“Sing tenan, Mas?”

“Tenan. Yen kowe ora percaya ayo melu aku!”

Ditawani kaya ngene mesthi wae Aji ora nulak.

“Gelem, Mas. Aku gelem.”

“Yen kowe gelem. Saiki cepak-cepaka dhisik.”

“Cepak-cepak apa, Mas?”

“Ya cepak-cepak sandhangan sing kandel. Soale papan sing bakal awake dhewe tekani iki hawane adhem banget. Apa maneh ing wayah wengi.”

“Walah, awake dhewe bakale nginep kana ta Mas?”

Rendra mung manthuk kanthi alon.

Sawise kuwi Aji banjur njupuk tase lan nglebokake sandhangan menyang tas kasebut. Aji uga ora klalen pamitan menyang wong tuwane sakloron.

“Ayo, Mas. Aku wis siyap. Awake dhewe budhal saiki ta?”

“Iya, tapi sedhela maneh ya! Soale aku isih nglebokne kamera dhisik. Soale saliyane dolan. Aku pengin njupuk gambar Candhi Penampihan kanggo tugas kuliyaiku.”

Sakawit Aji ngrasa gela.

“Kok menyang candhi ta Mas? Jarene kemah?”

“Awake dhewe pancene arepe kemah. Nanging uga mesisan nonton candhi kang endah.”

Sakawit Aji ora pati ngreken apa kang dikandhakake Rendra. Dheweke mung pengin

ngrasakake hawa seger sing jare sedulur misanane mirip kaya segere dhaerah Cemara Sewu.

Sawise kuwi Aji lan Rendra banjur budhal menyang papan sing dikarepake. Papan sing dituju kuwi kapetung adoh. Yen ditempuh kanthi migunakake sepedhah motor saka omahe Aji. Kira-kira butuh wektu sajam.

Nalika motor sing ditumpaki mlebu dhaerah Sendang. Hawa seger lan kapetung adhem wiwit dirasakake Aji. Bebarengan dirasakakene hawa adhem kuwi. Rasa sumelang kang sempet mampir ing atine Aji ilang sanalika.

Apa maneh bareng ngerti sesawangan ijo royo-royo kang ana ing sakiwa-tengene. Atine Aji tansaya seneng. Nalika mlebu dhaerah kang dadi perkebunan teh. Aji banjur masker sing dienggo nutupi irunge.

“Hmmm, hawane seger tenan ya, Mas?”

“Iya, lah. Papan kene iki pancen istimewa kok.”

“Kae kuwi tanduran apa ta, Mas?”

“Sing endi, Ji?”

“Sing manggon ing kiwa-tengen kuwi, Mas?”

“Oalah kuwi ngono jenenge tanduran teh.”

“Teh sing biyasane diombe kae, Mas?”

“Iya bener.”

“Kok bisa, Mas? Carane piye?”

Rendra banjur njelasakake kepriye carane godhong teh diproses wiwit saka dipethil saka wite nganti bisa didadekake wedang sing siyap diombe. Apa kang dijelasakake sedulur misanane kuwi mujudake kawruh anyar kanggone Aji.

Kira-kira limang menit candhake Rendra lan Aji wis tekan ing papan kang dikarepake. Satekane papan tujuwan. Rendra lan Aji kapapag dening sawijining wanita sing ngaku dadi juru pelihara Candhi Penampihan. Wanita sing mapag iku pinaringan asma Bu Winartin.

Sawise kenalan. Bu Winartin ngajak Rendra lan Aji mlebu menyang kompleks Candhi Penampihan. Ing kalodhangan kuwi Bu Winartin njelasake sejarah ngenani Candhi Penampihan kang dianggep mujudake siji-sijine candhi tinggalan Mataram Kuna sing isih kasisa ing kabupaten Tulungagung.

Saka crita sing disampekake Bu Winartin. Ana rasa mongkog lan kuciwa kang dirasakake dening Aji. Sabubare mireng critane Bu Winartin. Aji ngrasa

mongkog merga ngerti yen leluhure mujudake bangsa kang pinter. Buktine bisa gawe candhi sing bisa duwe umur luwih saka sewu taun, nanging ing sisih liya Aji kuciwa merga akeh wong sing ora bisa ngrumat lan kepara ngrusak tinggalane leluhure.

“Dibandhingake candhi-candhi liyane kang nate ditemokake lan kasisa ing wewengkon Kabupaten Tulungagung. Candhi Penampihan iki kapetung istimewa. Jalaran candhi iki mujudake siji-sijine candhi kang duwe reca Bhima,” ngendikane Bu Winartin.

“Bhima ingkang pandhawa nika, Bu?” takone.

“Bener, Nak. Candhi kang duwe reca Bhima sinebut istimewa jalaran ing jaman kawuri Bhima iku bisa nglambangake akeh perangan. Wiwit saka kaprawiran nganti tekan kancane kaum tani. Saka anane reca bhima ing candhi iki. Ana saweneh panduga yen candhi iki dibangun ora mung kanggo ngormati para dewa tumraping pangrasuk agama Hindu, nanging uga kanggo ngregani sumbangsihe kaum tani marang negara,” wangsulane Bu Winartin.

“Dados ing jaman kawuri pakaryan tetanen menika sanget dihormati nggih, Bu?” genten Rendra sing takon.

“Iya, Mas. Jalaran ing jaman biyen ana pangerten majune sawijining negara iku bisa diukur saka sepira mulyane kaum tani. Mulane kanggo ndadekake uripe kadang tani luwih mulya. Akeh para raja ing jaman kawuri kang mbebasake pajek lemah-lemah prodhuktif. Pamrihe supaya para kadang tani luwih tengen anggene olah tetanen lan ora mikirake pajek. Saengga asil panenane dadi luwih apik,” wangsulane Bu Winartin.

Andharan saka Bu Winartin iki ora mung disemak. Nanging uga ditulis dening Rendra lan Aji. Iki ditindakake jalaran Rendra lan Aji ora ngira yen ing jaman kawuri pakaryan tetanen ngono banget dimulyakake. Beda banget karo jaman saiki.

“Bu menawi mangke kula kemah ing celak mriki pareng?” takone Rendra.

“Oleh wae. Nanging pesene Ibu yen nggawe geni aja lali dipateni. Jalaran ing mangsa ketiga kaya saiki geni cilik sing lali dipateni bisa dadi gedhe lan klira-klirune bisa ndadekake alas kobong.

SASI SURA

J.F.X. Hoery

GURIT PITU LIMA

Sasi sura sasi kebak makna
Laku batin nggeterake rasa
Adat budaya warisan leluhur
Dayane pindha ubenging jantra
Nyathet mobah mosiking mangsa

Sasi sura mangsa ngasah manah
Nderes wirid mantra kaslametan
Ngungkal landheping cipta lan karsa
Mulat sarira angrukti budi
Andum lubere sih wilasa
Dadiya jejangkepe nugraha

Sasi sura mangsa ulah brata
Kapitayane kulawangsa Jawa
Nahan ngorong ngelih nendra
Ngedohi tembung saru siku
Tingkah polah den arah

Sasi sura dadiya sarana
Nggayuh kamulyaning sukma
Munggah arga manungku puja
Uga kungkum ing tempuring kali
Kabeh ngudi nugrahaning Gusti
Nglaras lungiting pangawikan.
Mati raga mati rasa

1 Sura-Jimakir-1954 Jw.
(20 Agustus 2020)

Pitu lima
Dudu tharik-thariking angka
Tak-tik , tak –tik
Pandom telu ngetung wektu
Nggeregi dina – minggu –sasi - -taun
Kang tinemu mlebu metuning nafas

Pitu lima
Pitu,
pitulungan Gusti dakwengku
Sabab jangkah lakuning umurku
Lima,
Keblat papat lima pancer
Pandoming urip lan panguripan

Wektu wektu kang tansah lumintu
Dakpecaki laku-laku kang lumaku
Panuwun ing ngarsa Paduka kang amengku
Raga-jiwa umur kang ginayuh
Bapa ibu kang angukir raga
Gusti kang angreks jiwa
Tumapak pitu lima warsa
Berkah Dalem.

Bojonegoro 07-08-2020

BALI SUMRIWING

Daksawang dalam kae
Menggak-menggok kaya ula
Ing kiwa tengen wit pengayom,
Pang-pange tumiyung manglung
Kanggo penclokkan pencokan sato iber-iberan
Ngrengga regenging swasana

Dalan iku biyen kerep dakliwati
Banjur mripat natap omah limasan
Nalika sikil mancik tlundhakan pendhapa
Pabagya edhum ngranuhi ati ewuh
“Sugeng rawuh”

Lumakune wektu dadi cathetan
Ati kudu ngempet tukung rasa
Jangkah iki ora kacongah mlangkah
Pepalang sumendhe tepasing kadang

Kang gumawang menggak-menggoking dalam
Pambagya saka omah limasan
Sumimpen ing telenging ati
Kalamangsa bali sumriwing
“Sugeng rawuh.”

Padangan-Bojonegoro
5 Juli 2020

Nono Warnono

SWARA JUMAWA

Swara-swara lekoh memisuh unggah ungguh dadi ulegan. Ngrubuhake wit-wit godhong ngrembuyung manglung kekadangan. Dalan-dalan pasuduluran kebak sangkrah kamurkan pathing slegrang. Swara-swara adzan lan panjerit pathing bilulung tanpa ginape Pangeran.

Udan es nalika godhong-godhong jati mranggas kudune dadi berkah ing bumi bengkah. Banyu bandhang ngeleb dalan lan wirama kemricik slokan kutha malerab. Samesthine dadi esem kang nyirep panas kemranyas nundhung ketiga ngerak. Yagene malah kongsi dadi tukung panggresah gelis dadi titikan manungsa srakah.

Gludhug magenturan antaraning thathit kirim pakabaran ngenani tekane tirta asung panduwa. Marang kekitrang angin lesus pinusus mbentus wuwung-wuwung kumleyang semburat kadidene panyaruwe bebrayan konkatan pranatan. Lelewa festival bengawan ngleluri warisan aji mung api-api paekan trekah bancaan anggaran.

Tendha-tendha jumawa kumleyang ing antaraning panggung jejogedan mabur saparan-paran. Abure udanegara unggah-ungguhing seniman budayawan nganggo topeng semangkeyan. Rumangsa dadi pahlawan kanthi laku gembelengan. Yagene Gusti Allah ginawe dolanan nganggo tembung-tembung lelamisan.

Bojonegoro, Nopember 2020

TEPIS WIRING PENGANGEN

Tepis wiring pengangen keblasuk grumbul pangimpen hanelasak panjangka. Teteken dimen jangkah-jangkah kang dengagapi jro ulegan datan kasembur pambeng bilahi. Nyawang pethiting ari kedhungsangan nututi wewayangan. Lumaris pindha lonjong mimis ngoyak pangimpen kang mrucut ing gendhongan jaman.

Tepis wiring laladan ginaib manjing jro sukma ngulandara marang playu susah angin. Mahanani ngaurip mlajar wewayangan genti-genten mobah mosik sru kadya gabah den interi. Tumekeng manyuk kapranggul kahanan sajuga meneb eninging batin wus kakanthi lila lamun nampi pesthi

parandene ing tepis wiring poncot panglenggana isih kareridhu sewu samar. Aradan panggodha leksan setan kang tan kendhat ngglandhang marang dalan kekufuran. Pradhondhi kang terus dumadi tumekeng pungkasan jaman.

Bojonegoro, 13 Januari 2021

SANGU

Menawa laku lakon
ana madyaning jagad pramudita
wis ndhungkap rahina
apa kang kita asta?
minangka sangu
marak ngarsa-Mu
****Panggul –Trenggalek,08022021*

Sri Emyani

NYIDRA

Sawise janur mlengkung rinengga
ana tembang srokal ngumandhang
ngger, wis ora ana pepalang
jagad padhang gumlawang
kangge langen kalbu ana telenging segara madu
miber dhuwur kupeng pethit langit biru
aman wis ora ana tangga kang nyenggu

Sawiyare awang-awang
kita kaya wis emoh ginggang
ngisep sarining kembang
njur bebarengan kita tandur wiji suci
saka sang Maha Luhur

KEPANTRANG

Cumondhok ana ing sedya impen
ndak sedhakepake tangan kanthi lathi lan ati nyawiji
sagung nafas sajiwa telenging rasa
nyatane gesang kaya amung nyesepi sepi
kridhaning jiwa
pindha kapas kesebul maruta
madhul-madhul sandhuwure bumi gundhul
nelangsa keseret mangsa
ambrok ana lemah nela
ngluru boga tekan bumi paran
tanpa kamerdikan

Ponang babar tumangkar
Sawise tapa sangang candra
ana ing teleng guwa garba

Gage tangiya thole
ngadeg jejeg minangka adeg-adeg
pangruktine budaya

Aja lena
akeh duratmuka saka manca
kang sedya nyidra budaya

****Panggul –Trenggalek,08022021*

PITUWAS

Byar kelir kabar
sang dhalang mbuka laku lakon
wayang minangka paraga
wewayangane ngagesang
bala kiwa ngrungkepi budi candhala
buta sabrang rambut abang
salang tunjang
perang kejeng kang
bali mbathang

Bala tengen laku tememen
makarya temen
bali ayem tentrem

Sigeg madya ratri panakawan sowan
nglipur satriya trahing kusuma
ngupaya sedya utama
mungah kahyangan
ngupadi sarining ngagesang

Dewa Ismaya nuding langit biru
uwahing laku bathok bolu isi madu
raseksa ngrayah ora keconggaah
amerga nugraha saka dewa
kagayuh mawa pituwas lara lapa
****Panggul –Trenggalek,08022021*

Apa aku kudu nrima
sauntara
laku lakonku
mecaki dalan lunyu
obor kang ndak gawa
ora kuwawa
nyoloki petenge marga
malah mbloloki netra

Sumitra
tulung jarwakna werdining sumarah
pasrah ngluru panguripan kang mapa.
keplantrang ana ing bumi paran
****Panggul –Trenggalek,08022021*

KONTAL

Grimis gogrog saka saring langit
nyiram ukara-ukara rengka
tunggak tradhisi isih durung semi
senajan kali banjir imajinasi
para taruna isih kayungyun
kidung tembang asmarandana manca
kanthi kalbu kobar panasing nafsu
sinambi ngundha bapangan ana ing langit biru

Sejatine para winasis ora uwis-uwis
anggone nyawuri rabuk pitutur
nganti tekan pereng dalah lungur
dhimen budaya ngrembaka
ananging kaya ngrantu udan
ana mangsa ketiga
nglengkara

Tunggak tradhisi malah kintir ketrejang banyu kali
banjir bandhang mung ditambahi merang
kontal keli tekan bumi sabrang
ora kuwagang
****Panggul –Trenggalek,08022021*

Ringin Kembar

Keliek SW

Juru Sungging

Ringin kembar
Pinggir alun-alun
Ngregunuk anteng
Mataun-taun

Sulur-sulur pating klewer
Nggegeti urip
Kethewer-thewer

Angin sore tansah sapa aruh
Marang manuk emprit
Sing pijer nyusuh

Jantrane wektu
Tebane mangsakala
Nggelar sasmita saka langit
Luput karanggeh
Senajan jinjit

Nganjuk, Juli 2019

Durung rampung
Anggonmu nglukis
Sketsa wayah awan
Sumawur grimis

Cakrawala samun
Sajak ngawe-awe
Banjur nglempruk
Karepe dhewe

Aku ngerti,
Sliramu banget kuciwa

Urip lan panguripan sulayah
Njilma tatu dhowah-dhowah

Lukisan sketsamu
Durung sampurna
Nyatane saguh micara
Cetha-trawaca

Nganjuk, Juni 2019

S e s u c i

Tengah wengi
Dak niyati sesuci
Kanggo ngawekani
Lamun slira-Mu nimbali

Apa maneh sing kudu ditunggu
Apa maneh sing kudu diranti

Kabeh wis dak rasa lan dak nikmati
Pait-getir lan pedhes-asine ngaurip
Tajem ginaris ing lumahe kulit

Tengah wengi
Dak niyati sesuci
Jantrane lelakon wis saya cetha
Tekane timbalan ngenteni mangsakala

Nganjuk, Juni 2019

Nuwun Sewu

Nuwun sewu,
Lumantar serat punika
Keparenga kula matur prasaja
Bilih kalawarti Titis Basa
Murakabi tumrap bebrayan

Sakehing pawartos lan andharan
Saged nambahi seserepan
Lan cariyos-cariyos ingkang kapacak
Dados panglipuring manah
Nalika batos nembe sayah

Nuwun sewu,
Ing kalodhangan punika
Keparenga kula gladhen nyerat
Senajan grothal-grathul lan kraos awrat
Awit budaya lesan taksih kiyat
Awit budaya nyerat mboten karimat

Nuwun sewu,
Mbok-bilih atur kula mboten nujuprana
Mbok-bilih rerangkening ukara kirang netepi subasita

Nganjuk, Januari 2020

Wonokomo Wanci Enjing

Menapa ingkang saged kula cathet
Nalika wanci enjing repet-repet?
Lampu-lampu mercuri pancen taksih gumebyar
Kawontenan dereng sepintena bingar
Nanging batos kula tansah tab-taban
Tumapak ing tlatah Wonokromo
Surabaya Klitha Pahlawan

Jembatan layang Mayangkara
Ketingal mlengkung kados gunung alit
Kendharaan sami mlajar lan jerit-jerit
Tumuju punjering kitha
Utawi ngarah dhateng Sidoarjo

Ing ngadhap jembatan layang
Kendharaan sami mandheg sawetawis
Awit katutup palang blonthang
Minangka pratandha kreta KRD saking Kertosono
Badhe mlebet Stasiun Wonokromo

Surabaya, 23 Januari 2020

Eksi Sekarini

Wilujeng Enjing, Surabaya

Wilujeng enjing, Surabaya
Kula lare dhusun badhe sanja

Saking terminal Bungurasih
Tiyang-tiyang sami nitih
Bis kota, angkot, utawi taksi
Tumuju salebeting kitha
Saperlu nglari impen lan panjangka

Wilujeng enjing, Kitha Pahlawan
Kula lare ndesa ingkang sowan
Saperlu nepangaken dhiri
Lan mangun pasedherekan
Mugi-mugi katampi tanpa tetimbangan

Wilujeng enjing, Surabaya
Wilujeng enjing, Kitha Pahlawan
Kula tiyang ndesa, ampun disiya-siya
Ampun disingkang-singkang

Surabaya, 2 Januari 2020

Nini-nini Nyalawadi

Wanci surup,
Angin mboten tumiyup

Satunggaling wanita sepuh
Jumangkah alon, gruyah-gruyuh
Sakedhap-sakedhap kendel
Sajak sampun mboten kiyat mlampah
Utawa bingung arah lan peprenah

Awit saking rasa welas,
Kula nyaketi sarwi pitaken:
“Mbah, sampeyan badhe tindak pundi?”

Wanita sepuh mboten wangsulan
Kula namung dipunsawang saklebatan
Pitakenan lajeng kula ambali malih
Piyambakipun kepara jumangkah nyisih

Dumadakan laappp....!
Wanita sepuh musna ing pandulu
Nyarengi wanci surup gumantos dalu
Kula namung saged njegreg kadosdene tugu!

Nganjuk, 7 Januari 2020

ANGIN PESISIR

Panimin Sastrodikoro

SAYONARA

Angin pesisir isih setya
Kirim lagu langgam tresna
Senajan gilir-gumantine wektu
Ngronce dina-dina kang dawa
Dadi sasi lan memba warsa

Aku nyekseni
Ing sumribite angin pesisir
Ana kitir rinengga gurit
Lan aku bisa nintingi
Jroning gurit ana lintang alit
Sing ceblok saka langit

Mula saka kuwi
Tansah dak-anti sumribite angin pesisir
Jalaran lagu langgam tresna sing digawa
Lan lintang alit jroning kitir, jroning gurit
Dadi usada tumrap sakehe pangigit-igit

Trenggalek, 12 Januari 2020

Sayonara, nimas
Sayonara, kekasihku

Abot rasaning atiku
Kudu ngucapake tembung iku marang sliramu
Wujude tembung endah dirungokake
Nanging nggegeteri teges lan maknane

Mesthine sliramu isih kelingan
Sepira dawane kenangan kang kadhung rinakit
Ing dina-dina kepungkur
Sliramu mesthine iya nyadari
Sepira jerone katresnan kang ginurit
Sineksen bumi lan langit

Nimas, kekasihku
Sayonara iku pait ngungkuli batrawali
Sayonara iku ngrerujit ati

Trenggalek, 4 Februari 2020

TRENGGALEK

Trenggalek,
Bumi mendhak-mendhukul
Gumuk padhas pating prenthul

Ing kene, aku lair ceprot
Wujud bayi abang
Banjur ajar mbrangkang lan mlaku ngesot

Ing kene, sepisanan aku weruh
Segere hawa, padhange cahya
Banjur ajar ngucap lan ajar kandha

Banyumu sing bening, dak-ombe saben dina
Wulu-wetuning bumimu sing dak-pangan
Njalari aku gedhe lan diwasa

Trenggalek,
Tresnamu marang aku ora bakal pupus
Tresnaku marang sliramu ora bakal lampus

Trenggalek, 10 Januari 2020

NGENTENI TEKAMU

Tansah dak-enteni tekamu
Senajan dina-dina gegandhengan dawa
Kaya sepur truthuk dhek jaman penjajahan Landa
Senajan mangsakala teka-lunga
Senajan penanggalan wis saya tuwa

Tansah dak-enteni tekamu
Jalaran sliramu lunga krana palilahku
Aku peraya,
Lamun sliramu manggih basuki
Ing tembe mesthi bali

Tansah tak-enteni tekamu
Kanthi katresnan wutuh
Tansah dak-enteni tekamu
Tanpa tebusan, tanpa pituwas
Nganti mbesuk pedhoting napas

Trenggalek, 9 Februari 2020

NGUNGAK PESISIR PANGASAN INGKANG TAKSIH PRAWAN

Dening: Sri Ismini Istuningsih, S.Pd.

Ing tlatah Pacitan kathah papan wisata ingkang ngelam-elami manah. Pesisir-pesisir punapa dene guwa-guwa enggal ingkang nemben jedhul utawi boten sengaja kapanggih aken pranyata ndudut manah saengga saged ngrenggani kitha Pacitan. Pramila saking kathahipun guwa ingkang wonten Pacitan, kitha Pacitan kawentar kaliyan sebatan Pacitan Kutha 1001 Guwa. Saksanesipun punika Pacitan ugi katelah *Pacitan Paradise of Java*. Sinaosa kitha ing kang menciling tlatah Jawa Timur ananging kasaenan sesawanganing papan wisata kalawau ndadosaken kitha Pacitan tansaya kuncara ing babagan pariwisata. Pramila boten nggumunaken bilih PAD ingkang paling ageng saking asil pengelolaan pariwisata.

Pesisir Pangasan mujudaken salah satunggaling pesisir ing tlatah sisih kidul wetan Pacitan ingkang taksih prawan, ingkang dereng kecenthok punapa-punapa. Pesisir Pangasan mapan ing Desa Kalipelus, Kecamatan Kebonagung, Kabupaten Pacitan. Kawontenanipun Pesisir Pangasan taksih asri lan asli. Pesisir ingkang taksih kados prawan desa ingkang lugu, kaapitsabin-sabin ingkang tansah ijo royo-royo ing wanci tanem pantun. Sela karang ingkang mblebag-mblebaging sapinggiring pesisir saged kagem lelenggahan sok sintena ingkang kepengin ngraosaken semiliring angin pesisir sineling swanteni pun ombak ingkang anteng boten ngantos nuwuhaken swanten nggegirisi. Nedahaken menawi papanipun adhem, ayem, sahatentrem.

Menawi nedheng-nedhenging toya pasang, gubug-gubug ing sanginggiling sela karang ingkang mblebag-mblebag saged kangge tiyang-tiyang ingkang mancing. Para warga sakupenging pesisir wira-wiri pados rumput laut ingkang sumebaring sapinggiring pesisir nalika alun nyempyoki pasir pesisir. Lumayan



saged dipun sade dhateng peken utawi dipunolah piyambak dados jinising sayuran utawi urap, dene menawi sampun garing saged kangge campuran es campur.

Margi tumuju papan punika saged mawi kendharaan rodha sekawan ananging ingkang dereng kulina nggih ajrih. Sinaos amargi aspalan ananging aspal ndesa ingkang sok-sok wonten cluwekanipun utawi bolong-bolong. Menawi rendheng sok wonten endhut ingkang damel regeding kendharaan. Papanipun radi nylempit, sapinggiring margi wontenipun namung jurang kaliyan perengan.

Sacelakipun papan parkir sampun wonten wardenipun nadyan nembesetunggal. Papan parkir punika namung sawontenipun taksih wujud siti sawontenipun. Sinaosa kawontenan kados makaten sampun kathah wisatawan saking sanjabaning kitha Pacitan. Wonten saking Rembang, Wonogiri, Solo, Jogja, Ponorogo, Magetan, Bogor, lan sapanunggalanipun. Sinaosa dereng dibikak kanthi resmi ananging sampun kathah ingkang sami kepecut kepengin mirsani langsung kaendahan alam Pangasan, Wontenipun medsos sanget mbiyantu promosinipun papan punika, malah salah satunggaling acara TV





Ingang sami tindak papan niki sami pengin foto kanthi background pantai Pangasan..

swasta inggih sampun wonten ingkang shooting wonten Pangasan.

Pihak pamarentah dhaerah liwat Dinas PUPR dereng nggarap kanthi saestu obyek wisata Pantai Pangasan punika amargi ketungka kawontenan pandhemi ingkang kados makaten. Dene Bapak Eko Waluya saking Disparda ngendika bilih pemerintah paring dhorongan dhumateng pemerintah desa lumantar Bumdes kangge ngolah potensi desa ingkang wonten. Pemerintah desa saged manggihaken *strategi jitu* kadospundi tacaranipun amrih saged narik kawigatosan wisatawan saengga dados destinasi wisata enggal. Bab punika kedah dipungalih kanthi saestu saengga usaha punika majeng. Tamtunipun badhe ngasilaken dana ingkang lumayan kangge kemajenganipun desa lan saged maringi lapangan usaha kangge masyarakat sakupengipun.

Ngendikanipun Ibu ingkang kagungan wande ing sacelaking papan parkir janipun marginipun sampun badhe dipun garap nanging dereng tamtu sareng wonten kahanan kados ngaten niki/masa

pandemi. Kawistara saking kathahing pasir, sela, saha material sanesipun ingkang sampun njenggrug ing papan-papan tinamtu, sajake pancen leres ngendikanipun Ibu ingkang kagungan wande kalawau. Dumugining corona ndadosaken sedaya ingkang sampun tinatam lanthing kepeksanipun dereng saged dipunlaksanakaken. Mlebetipun dhateng pantai inggih dereng mawi tiket mlebet, ananging sacelakipun papan parkir

kasiyagakaken kothak amal ingkang kasdung isi kasumanggakaken saikhlasiipun.

Papan parkir sauntawis wekdal punika biasanipun kangge papan pungkasan mandhapipun para wisatawan saking kendharaanipun piyambak-piyambak. Salajengipun sedaya kedah mlampah nurut margi ingkang dereng rata taksih wujud siti ingkang pating prenyuyul. Menawi usum ketiga boten dados pepalang lampahing wisatawan nyelak pantai, ananging menawi usum rendheng tamtu kemawon lunyu, ban kendharaan ugi saged selip.

Menawi tindak Pangasan kedah ngasta sopir ingkang sampun trampil ingkang sampun kulina medan ekstrim. Boten wonten bejane awak saged kepleset dhawah utawi keclurut. Lajeng sok miyos galengan sabin-sabin saha pinggir kalenan ingkang toyanipun taksih bening nyarong. Wonten papan pasholatan ingkang prasaja sanget ingkang dipuncapaki rukuh saha sarung lan sajadah kangge sujud. Ing sisihipun wonten pancuran saged kangge wudhu.

Watawis setengah kilo anggenipun mlampah sampun saged dumugi papan ingkang dipuntuju kanthi sesawangan ingkang langkung sae, ingkang boten rumaos keduwung sinaosa dipunrencangi kanthi adus kringet paribasanipun. Kados-kados sedaya reribeting lampah kabayar lunas malah kepara punjul. Saestu marem sanget saged mirsani sesawanganing kang ngelam-elami manah. Sesawanganing kang taksih alami saestu, kados dene prawan sunthi ingkang dereng kambon wedhak gincu.

Nuwun



GUWA NGERIT

INGKANG TAKSIH NGREGEM MISTERI

St. Sri Emyani (SMP Negeri 1 Panggul-Trenggalek)



Menurut *administratif geografis* gua Ngerit manggen wonten papan panggenan desa Senden tumut kecamatan Kampak kabupaten Trenggalek jawi wetan. Saking kitha kabupaten Trenggalek arahipun ngidul mengilen watawis 17 km. Menawi penjenengan mboten ngasta titihan piyambak, saking *terminal* kitha kabupaten Sopel Trenggalek, inggih sampun kathah *angkutan umum* ingkang tumuju dumateng kecamatan Kampak. Dene saking terminal Trenggalek dumugi kecamatan Kampak ongkosipun watawis RP 10.000,- ngantos Rp 20.000,-. Saking kecamatan Kampak tumuju lokasi wisata gua Ngerit watawis kanton 7,5 km. Saking kecamatan Kampak, saget nitih angkutan Ojeg. Ongkosipun inggih menika watawis RP 15.000,-.

Lha meniwi lare-lare Pramuka, Pecinta Alam utawi ingkang remen kalih kemping, biasanipun malah katrem-mlampah. Dampyak-dampyak kalih gegojegan sesarengan. Kejawi kenging damel jantung sehat, ugi milang-miling pados tandhing. Menawa para remaja priya. Kathah-kathahipun inggih mesisan kalih ningali, sinten ngertos wontan kembang desa ingkang sajakipun nuju prana. Menawi wonten perawan manis, biasanipun inggih banjur dipun sambranani kalih kanca-kanca nipun. Guyon parikena. Syukur bage, wonten putri ayu ingkang nglangati sinambi geguyonan. Dhasaripun inggih para remaja ingkang criyosipun para winasis endah mbenjingipun menawi dipun damel pangiling-iling. Napa inggih ngoten...? Sumangga.

Margi pegunungan ingkang nuju papan panggenan wisata, minggah mudhun paredan, malah nambah ngresepaken manah. Napa malih, margi tumuju dhumateng panggenan lokasi wisata gua Ngerit inggih sampun kathah warung-warung jajanan saha warung kopi. Kathah-kathahipun bakulipun warung inggah ramah-ramah, mboten pelit esem. Nambahi nuju pranapipun para pengunjung ngresepipun papan wisata gua Ngerit ngriku.

Papan wisata menika kamekaraken minangka papan panggenan wisata dening dinas Pariwisata kabupatenn Trenggalek. Mlebet papan wisata gua Ngerit

menawi dinten-dinten biasa katarik karcis Rp 6.000,- Dene menawi dinten-dinten *khusus* kados minggu biasanipun, katarik Rp. 8.000,-. Papan panggenan wisata gua Ngerit, kabuka watawis pukul 08.00 katutup ngantos pukul 14.00 WIB.

Menawi panjenengan tindak nglencer dhumateng papan wisata gua Ngerit. *Pasilitas umum* inggih sampun cumawis kanthi jangkep. Tuladhanipun. kados: *toilet*, *mushola*, bangku-bangku taman, warung unjukan dalah dedhaharan ngantos dugi *gazebo-gazebo* ingkang kabangun kanthi endah mranani ati/

TAMAN SELA

Panggenan wisata gua Ngerit menika dipun sukani *jargon Stone park ingkang artosipun inggih menika taman sela*. Nami mligi *jargon* Taman Sela menika sampun trep. Amergi, wonten gua menika kathah sanget tumpukan-tumpukan sela alam. Ingkang endah nuju prana Wonten sekitaripun papan panggenan wisata gua Ngerit menika, ugi kathah gua-gua lintu-lintunipun. Antawispun, inggih menika wonten gua Pertapaan. Dipun wastani gua pertapaan amergi, masyarakat gadhah kapitayan menawi gua menika natos dipun damel tapa dening putri Ngerit. Gua Landak. Winastan gua Landhak, amergi wekdal dipun panggihaken wonten gua punika kathah sato mawi wulu eri. Utawi kaparapan nami sato Landhak. Wonten melih gua Agung. Winastan gua



papan wisata

agung, amergi guwa menika ingkang paling wiyar. Masyarakat ugi pitados menawi putri Ngerit kepanggih kalih ingkang sinedya inggih wonten guwa Agung menika.

Kajawi kita saget mirsani guwa, wontan papan wisata ngriku inggih saget mirsani tumpukan sela-sela alam ingkang *estetis*(endah) ugi *artistis*(seni) maha karya alam ingkang ngelam-elam. Tindak ngresepi dhumateng papan panggenan wisata guwa Ngerit, kita kados-kados kaajak wangsul supados mboten ginggang ngagungkaken dhumateng kekiyatanipun Sang Maha Agung ingkang sampun nyipta alam saisinipun. Titah namung alit, mboten wonten menapa-napanipun kabandhingaken kalih Gusti. Kejawi arupi taman sela dalah maneka werni guwa, wonten papan wisata menika inggih wonten papan panggenan ingkang nuju prana, kados ta : JPN (*Jembatan Putri Ngerit*), lepen tembus bumi. Masyarakat sekitar ipun ngriku gadhah kapitayan, Lepen menika ngantos tembus samodra kidul ingkang kabawah wewebfkonipun kanjeng putri Roro Kidul. Kejawi menika wonten melih, ados: Griya Sela. Griya ingkang sedaya dipun damel saking sela. Wonten malih ingkang nggadhahi daya pikatipun para wisata. Inggih menika Bangsal Agung Sela kencana. Winastan Sela kencana, amergi menawi sonten wekdal sang Bagaskara badhe angslup wonten suwalikipun kilen redi Ngerit. Sela-sela wonten bangsal menika kenging sunaripun sang Bagaskara, ketawis kencana. Endah maya-maya, sanget nuju prana.

MISTERI PUTRI NGERIT

Kacritakaken wonten sikitaripun papan panggonan ngriku wonten kademangan ingkang winastan kademangan Tangaran. Ki Demang sekti menika tindak-tanduk ngantus dhumugi pareden Sepikul. Lampahipun ki Demang kandheg. Amergi, mirengaken kados wonten suwantenipun tiyang putri ingkang nembe nembang. Suwantenipun endah, ngelus manah.

Ki Demang Tangaran nelingaken karna, manglungaken jangga wonten ingkang pundi papan panggenanipun suwanten ingkang endah menika. Mboten mredulekaken, minggah mudhunipun pereng ugi jurang. Ingkang baken kedah manggihaken papan panggenan suwanten tembang ingkang endah mranani ati menika.

Prasetyaning manahipun ki Demang dereng kandheng menawi dereng manggihaken ingkang gadhah suwanten menika. Kedah kapanggih!. Sasampunipun tigang dinten, tigang ndalu, nembe saget kapanggihaken putri ingkang nggadhahi suwanten emas meniku.

Sesarengan punjeripun suwanten tembang menika saget kapanggihaken, lha dalah ingkang kagungan suwanten punika salah satunggalipun putri ingkang sulistya ing warna. Dyah putri punika kiyambakan, manggen wonten gubug satengahe redi. Ki Demang nyelaki putri ayu menika. Kathi walaka, Ki Demang Tangaran kepingin malakrama putri ayu menika. Menawi kersa badhe kaboyong dhumateng kademangan Tangaran. Dumateng ki Demang, putri sulistya ingkang nggadhahi suwanten endah menika purun kagarwa. Ananging, nggadhah panyuwun. Purun kapalakrama Demang, menawi ki Demang saget minangkani panyuwunipun si putri. Dene, panyuwunipun sang putri, inggih menika nyuwun dipun damelaken guwa ingkang nggadhahi ganda arum, Kados arumanipun saleksa mekaripun sekar melathi. Guwa punika kedah cinipta namung sedalu.

Ki Demang Tangaran ingkang remen ulah tapa menika, minangka salah satunggaling tiyang ingkang sekti mandraguna. Mboten tedhas tapak paluning pandhe, sisaning gurenda. Jinara menter. Tinatah mendat paribasaniipun. Amergi sekti mandraguna, guwa ingkang sinuwun sang putri sedalu saget cinipta. Semanten ugi sesekaran maneka warni ugi sami mekar wonten sekitaripun guwa menika. Ngantos, gandanipun mangambar arum. Amergi gandanipun sumerit, guwa niku winastan guwa Ngerit dumugi samenika.

Dene putrinipun kapalakrama ki Demang Tangaran menika ugi kaparingan tetengar asma, putri Ngerit. Percados utawi mboten, inggih namung nyumanggakaken. Amergi, menika wau inggih namung dedongengan. Liripun, menawi dipun paido inggih boten mengeng.

Amergi saking endahipun papan wisata alam ingkang alami menika, menawi panjenengan tindak dhumateng bumi Menak Sopal Trenggalek, kados dereng jangkep raosipun, menawi dereng nglencer dhateng papan wisata guwa Ngerit.***

Nu wun.



EMPAN-MAPANING TEMBUNG

dening: Imam Riyadi

Ingkang dipunwastani empan mapaning tembung inggih punika cak-cakanipun tembung wonten ing salebeting ukara. Tembung-tembung ingkang badhe karembang wonten ing ngriki inggih punika tembung-tembung ingkang nggadhahi teges sami utawi meh sami ananging cak-cakanipun ing salebeting ukara benten-benten. Bab empan mapaning tembung punika perlu kaandharaken wonten ing ngriki, awit bab punika wigatos sanget supados kita saget mbenten-mbentenaken kados pundi pengetrapaning saben-saben tembung ing salebeting ukara.



Merga wis bengi Budi **dikon** turu, isih durung gelem. (Kangge kepreluwanipun Budi piyambak, supados benjingipun boten ngantuk).

Kula **dipun-ken** nyambi ajar nembang macapat. (Kangge kapreluwan kula piyambak, supados kula saget nyekar macapat).

Kula **dipun-dhawuhi**, sinau dados pranatacara, supados benjingipun saget dados pranatacara ingkang kondhang.

- b. Tembung “**dikongkon**” karmanipun “**dipun-kengken**” dene kra inggilipun “**dipun-utus**”, kangge (kapreluwan) tiyang ingkang dipunkengken utawi dipunprentah.

1. Tembung “marang” kaliyan “menyang”

- a. Tembung “**marang**” dipuncakaken tumraping tiyang utawi bab (prekawis).
Tuladhanipun:
Aku arep kandha **marang** dhik Handoko menawa aku sesuk ora sida melu menyang Surabaya.
Esuk mau Hadi wis matur **marang** gurune ngenani kedadeyan sing dumadi ing kelas.
Aku dhewe ya ora bisa nyalahne **marang** anane kedadeyan sing wis padha dilakoni dening keluargane Mas Handoyo.
- b. Tembung “**menyang**” dipuncakaken tumraping papan panggenan.
Tuladhanipun:
Bocah-bocah nalika prei semesteran iki padha nganakake plesir **menyang** tlaga Sarangan.
Bapak sesuk sore arep tindak **menyang** Jakarta nitih sepur Arga Lawu.

Tuladhanipun:

Aku **dikongkon** njupukne buku (dening) Handoko ing njero lemari. (Kangge kapreluwanipun Handoko).

Adhik **dipun-kengken** kancanipun, mamitaken dhateng bu Guru. (Kangge kapreluwanipun kancanipun adhik).

Hartono **dipun-utus** Pak Joko, ngaturaken serat dhateng Kepala Sekolah. (Kangge kapreluwanipun Pak Joko).

4. Tembung “bengok-bengok” kaliyan “bengak-bengok”

- a. Tembung “**bengok-bengok**” mujudaken tembung dwilinga wantah saking tembung lingga “**bengok**” ingkang ngemu suaros nyuwun tulung, amargi ajrih utawi wonten satunggaling bebaya.
Tuladhanipun:
Esuk mau dhik Nardi ing jedhing bengok-bengok, merga keweden ana ula.
Mau bengi bareng weruh ana glibeding wong kang seja ala, aku banjur bengok-bengok alok ana maling.
- b. Tembung “**bengak-bengok**” mujudaken tembung dwilingga salin swara ngarep saking tembung lingga “**bengok**” ingkang nunggil suaros kaliyan “**broak-broak**”, kalebet tindak ingkang kirang trapsila.
Tuladhanipun:
Geneya kowe mau kok **bengak-bengok** ing njero kelas, ngono iku ngganggu kelas liyane sing lagi diwulang.
Bengi-bengi aja **bengak-bengok** urut dalan, mundhak ngeget-egeti wong-wong sing wis padha turu.

5. Tembung “ngriki” kaliyan “mriki”

- a. Tembung “**ngriki**” mujudaken tembung krama saking tembung ngoko “**ing kene**”, kangge nyilahaken papan penggenan.
Tuladhanipun:
Ngriki boten wonten tiyang sadayan bakso, ingkang wonten ngriku kaliyan ngrika.
Supados boten kejawahan daganganipun sampeyan pundhah **ngriki** kemawon, supados langkung aman.
- b. Tembung “**mriki**” mujudaken tembung krama saking tembung ngoko “**mrane**” tegesipun ngener wonten ing mriki.
Tuladhanipun:

2. Tembung “mung” kaliyan “nanging”

- a. Tembung “**mung**” tegesipun mligi, boten langkung, boten wonten sanesipun.
Tuladhanipun:
Bocah 15 calon peserta lomba nembang macapat sing dipilih dening Bu Anita **mung** Wahono thok, jalaran **mung** dheweke sing swarane jumbuh karo titi larase.
Soal-soal ulangan mau aku ra kangelan olehku nggarap, jalaran **mung** diterangake sepisan dening Bu Guru.
- b. Tembung “**nanging**” mujudaken tembung pangiket ingkang ngemu suraos kosok-balen.
Tuladhanipun:
Aku mau sakjane ya wis sarapan, **nanging** olehku sarapan mung sethithik.
Kowe takwenahi dhuwit, **nanging** aja nganti kandha marang adhimu ya.

3. Tembung “dikon” kaliyan “dikongkon”

- a. Tembung “**dikon**” kramanipun “**dipun-ken**” dene krama inggilipun “**dipun-dhawuhi**”, saget ugi kangge (kapreluwan) tiyang ingkang dipunkengken utawi dipunprentah.
Tuladhanipun:

Mbakyu bakul, sampeyan **mriki** mawon kula badhe tumbas!
Kanca kula sampun tigang dinten boten **mriki**, kinten-kinten taksih sakit.

6. Tembung “arep” kaliyan “bakal”

- a. Tembung “**arep**” nerangaken wekdal ingkang boten dangu malih (tumrap samukawis ingkang badhe kelampahan). Tembung “**arep**” ugi nggadhahi tegese “**purun**” utawi “**doyan**” kosok wangsulipun “emoh”.
Tuladhanipun:
Aku saiki **arep** mangan dhisik, entenana neng njaba kono wae ya.
Adhimu isih **arep** salin klambi ing njero kamarmu kono, kowe ngaliha dhisik!
Yen kowe **arep**, panganan iki pangananene, nanging yen emoh aja kokbuwang lo!
Aku mau masak bobor, tibake bocah-bocah ora ana sing **arep**.
- b. Tembung “**bakal**” nerangaken wekdal ingkang sampun dangu kelampahanipun.
Tembung “**bakal**” ugi nggadhahi tegese “**calon**” utawi “**bahan**”.
Tuladhanipun:
Suk taun ngarep iki adhikmu **bakal** njaluk sekolah ing kutha.
Besuk sasi Besar iki kancaku **bakal** ningkahan oleh tanggane dhewe.
Mas Handoko kuwi jebul **bakal lurah** desa kene. (calon lurah)
Aku pengen tuku **bakal klambi** sing kaine luwih alus. (bahan klambi)

7. Tembung “ngloropake” kaliyan “njlomprongake”

- a. Tembung “**ngloropake**” tegesipun paring rembag, nanging yen diturut, tiyang ingkang nampi rembag wusanipun ngalami kasengsaran.
Tuladhanipun:
Dar, tinimbangane kowe sekolah mbuwang-mbuwang ragad akeh, ayo melu aku wae dadi brandhal menyang kutha gedhe, mengko kowe mesthi bisa oleh dhuwit akeh.
- b. Tembung “**njlomprongake**” tegesipun mblasukaken utawi nyasaraken
Tuladhanipun:
Saking Surabaya menawi badhe tindak Jember nitih sepur kedah nitih sepur ingkang jurusan Banyuwangi. Nanging menawi badhe njlomprongaken, diken nitih sepur ingkang jurusan Yogyakarta.

8. Tembung “suwe” kaliyan “lawas”

- a. Tembung “**suwe**” (kramanipun dangu) tegesipun ing wekdal ingkang boten panjang, panjang-panjangipun namung ukuran sasen.
Tuladhanipun:
Apa wis suwe rawuhe Bapakmu saka Surabaya?
Sampun dangu anggen kula ngrantos kintunan arta saking Bapak, nanging ngantos sapunika kok dereng dugi.
- b. Tembung “**lawas**” (kramanipun lami) tegesipun ing wekdal ingkang panjang, ngantos mataun-tauh, puluhan taun utawi langkung.
Tuladhanipun:
Aku ya wis lawas banget ora mulih menyang tanah Jawa.

Panjenengan sampun lami nggih dedalem wonten ing kitha Surabaya ngriki?

9. Tembung “jaman biyen” kaliyan “jaman kuna”

- a. Tembung “**jaman biyen**” kramanipun jaman rumiyin, krama inggilinipun ing wekdal ingkang sampun kapengker lami ngantos atusan taun, kosok-wangsulipun “besuk” utawi “benjing”.
Tuladhanipun:
Ing jaman rumiyin tiyang boten kencing lumebet ing pendhapa agung ngriki kejawi namung para abdi dalem kemawon.
- b. Tembung “**jaman kuna**” kramanipun jaman kina, krama inggilipun ing wekdal ingkang sapun kapengker lami sanget ngantos ewon taun.
Tuladhanipun:
Ing jaman kina, saderengipun tiyang ngertos dhateng tosan, dedamelipun tiyang saking sela utawi kajeng.

10. Tembung “ngiring” kaliyan “ngirid”

- a. Tembung “**ngiring**” tegesipun mlampah tut-wingkinging kewan (ngeteraken) dhateng satunggaling panggenan, kadosta: Toni nggiring menda dhateng ara-ara = mlampahipun Toni wonten ing wingking, mendanipun wonten ing ngajeng.
- b. Tembung “**ngirid**” tegesipun ngetutaken (ngeteraken) dhateng satunggaling panggenan, mlampahipun tarkadhang wonten ing ngajeng, tarkadhang wonten ing tengah utawi wonten ing wingking. Tuladhanipun: Guru ngirid murid. Senopati ngirid wadyabala.

11. Tembung “bali” kaliyan “mulih”

- a. Tembung “**bali**” (kramanipun **wangsul**, krama inggilipun **kondur**), tegesipun dhateng panggenan sakawit.
Tuladhanipun:
Mengko kowe apa sida **bali** maneh menyang panggonan olehmu kemah?
Kala wingi bibar sekolah, sadumuginipun ing griya, kula kepeksa **wangsul** dhateng sekolahan malih, amargi payung kula kentun wonten ing lebet kelas.
- b. Tembung “**mulih**” (kramanipun **mantuk**, krama inggilipun **kondur**), tegesipun dhateng ing griyanipun piyambak.
Tuladhanipun:
Aku mambengi sidane nekat **mulih**, merga adhikku neng ngomah ora ana kancane.
Kalawingenipun, jalaran jawah, **mantuk** kula saking sekolahan ngantos jam 14.00, dumugi ing griya jam 14.30.

12. Tembung “ngandel”, “pitaya”, kaliyan “pracaya”

- a. Tembung “**ngandel**” nggadhahi teges pangandeling ati dhumateng katemenan.
Tuladhanipun:
Aku **ngandel** marang tumemening watake Handoko, jalaran sangertiku dheweke ora tau ngapusi, tansah jujur.
- b. Tembung “**pitaya**” nggadhahi teges pangandeling ati dhumateng kawekelan, kaprigelan, lan kacakepan.
Tuladhanipun:
Aku **pitaya** prentah momong bocah marang Juwariyah, jalaran dheweke pancen mitayani yen dikon momong.
- c. Tembung “**pracaya**” nggadhahi teges pangandeling ati dhumateng samukawis ingkang gegayutan kaliyan

tetembungan

keyakinan utawi agami.

Tuladhanipun:

Aku **pracaya** banget menawa gusti Allah iku ana, lan **pracaya** menawa para Nabi iku utusane Allah.

13. Tembung “uni”, “swara” kaliyan “sabawa”

- a. Tembung “**uni**” mapanipun wonten ing barang ingkang mawi nyawa kadosta: Krungu **unine** manuk ngoceh atiku seneng. Tembung “**uni**” ugi asring kaampil tumrap barang ingkang tanpa nyawa.
Tuladhanipun:
Aku mau kaya krungu **unine** rebab ing njero ruwangan kono, sapa sing ngunekne?
- b. Tembung “**uni**” menawi dipuntrapaken dhateng manungsa, kalebet tembung kasar.
Tuladhanipun:
Ayo, kowe mau **muni** kepriye? Wis ta sakarepmu, **sauni-unimu** aku ora bakal ngreken.
- c. Tembung “**swara**” mapanipun wonten ing barang, kadosta: **Swaraning** gamelan, **swaraning** angin, lan **swaraning** alune segara.
Tembung “**swara**” asring kaampil tumrap ing tiyang (manungsa), kadosta: Rungokna, kae **swarane** bocah nangis apa **swarane** bocah nembang.
- d. Tembung “**sabawa**” mapanipun wonten ing barang ingkang mawi nyawa, kadosta: Bengi iki awake dhewe kudu betah melek, merga ana **sabawane** wong kang duwe sedya ala.

14. Tembung “ana dene”, “apa dene” kaliyan “apa maneh”

- a. Tembung “**ana dene**” sami kaliyan tembung “**wondene**” (wacahanipun tembung wonten dene), dipuntrapaken kangge murwakani gatrane ukara ingkang wingking.
Tuladhanipun:
Aku bisa mrelokake teka ing omahmu, **ana dene** embahmu ora, wong wis tuwa, rekasa lakune.
- b. Tembung “**apa dene**” pangetrapanipun wonten ing sangajengipun tembung (barang) ingkang dipunsebataken kentun piyambak.
Tuladhanipun:
Kowe lan adhimu **apa dene** mbakyumu mengko bengi arep takajak nonton bal-balan ing stadhion.
- c. Tembung “**apa maneh**” kaginakaken kangge muwuhi katrangan ingkang suraosipun langkung sereng (langkung sanget).

15. Tembung “tuku”, “kulak”, “mborong”, kaliyan “nebas”

- a. Tembung “**tuku**” (kramanipun tumbas) tegesipun ngalap barang sarana nglintoni yatra.
Tuladhanipun:
Aku mau **tuku** gula rong kilo regane Rp 21.000,00.
Kula mangke inggih badhe **tumbas** buku tulis amargi buku tulis kula sampun telas.
- b. Tembung “**kulak**” (kramanipun **kilak**) tegesipun tumbas barang-barang ingkang badhe kasade malih.
Tuladhanipun:
Daganganku lombok saiki wis entek, wingi arep **kulak** durung kober.
Anggen kula **kilak** klengkeng niki wau sekilo kalih dasa ewu badhe kula sade malin selangkung ewu.
- c. Tembung “**mborong**” tegesipun tumbas barang kathah,

utawi sawontenipun barang dipun-tumbas sedaya.

Tuladhanipun:

Sinten ta ingkang **mborong** duren ingkang kasade wonten ngriki kala wau, kok sapunika sampun telas?

- d. Tembung “**nebas**” tegesipun numbas sedaya woh-wohan (upaminipun pantun, taneman palawija, lsp) ingkang taksih wonten uwit.
Tuladhanipun:
Kula purun **nebas** taneman kacang ingkang wonten sabin sisih kidul punika.
Menawi badhe dipunsade, kula purun **nebas** rambutan lanjenengan.

16. Tembung “ngalem”, “nggunggung”, kaliyan “ngonggrong utawi ngumpak”

- a. Tembung “**ngalem**” tegesipun ngandharaken kabecikanipun, kalangkunganipun, kaprigelanipun, lan sapanunggilipun, wonten tiyangipun ingkang dipun-alem utawi boten, lan tiyangipun ingkang ngalem tanpa pamrih.
- b. Tembung “**nggunggung**” tegesipun ngalem ingkang ngantos keladuk.
- c. Tembung “**ngonggrong** utawi **ngumpak**” tegesipun ngalembana ingkang ngantus keladuk, wonten tiyangipun ingkang dipun-alembana, tiyangipun ingkang ngalembana nggadahi pamrih.

17. Tembung “cendhak”, “cendhek”, “cedhak”, kaliyan “cekak”

- a. Tembung “**cendhak**” tegesipun boten panjang tumrap barang ingkang sumeleh.
Tuladhanipun:
Tukua garisan sing **cendhak** wae, sing dawane kurang saka 30 cm.
- b. Tembung “**cendhek**” (kramanipun **andhap**) tegesipun boten inggil tumrap barang-barang ingkang ngadeg.
Tuladhanipun:
Mbakyunipun dedegipun radi **andhap**, kawon kaliyan adhinipun.
Kowe mau dikongkon ngethok kayu sing dhuwur-dhuwur thok, sing **cendhek** kok ya katut kokkethoki.
- c. Tembung “**cedhak**” (kramanipun **celak**) tegesipun boten tebih tumrap antawisipun panggenan kalih.
Tuladhanipun:
Kowe goleka kos-kosan sing **cedhak** saka terminal wae!
Griya kula sapunika **celak** kaliyan dalemipun Pak Hadi.
- d. Tembung “**cekak**” tegesipun boten landhung tumrap barang (pengangge) ingkang mayuk mangandhap.
Tuladhanipun:
Wulenipun pantun **cekak-cekak**, boten landhung tur isinipun kirang mentes.
Kowe yen metu mbok ya aja nganggo rok **cekak** kaya ngono kuwi, nggawea sing rada landhung.

18. Tembung “ngiling”, “ngecuri”, “ngesok”, “nyuntak”, kaliyan “numplak”

- a. Tembung “**ngiling**”, tegesipun ngiling saking wadhah ingkang tanpa cucuk, kadosta: ngiling wedang saking cangkir dhateng lepek (supados cepet asrep).
- b. Tembung “**ngecuri**”, tegesipun ngecuri saking wadhah ingkang mawi cucuk, kadosta: saking ceret dhateng gelas.
- c. Tembung “**ngesok**”, tegesipun ngesok saking wadhah dhateng barang ingkang langkung ageng (wiyar), kadosta:

ngesokaken santen saking layah dhateng kwali,
ngesokaken lisah saking cidhukupun dhateng wajan.

- d. Tembung “**nyuntak**”, tegesipun nyuntak saking wadhah dhateng wadhah ingkan langkung wiyar, kadosta: nyuntak kacang saking tenggok alit dhateng tampah,
- e. Tembung “**numplak**”, tegesipun nyuntak saking wadhah dhateng wadhah sanesipun ingkan panyuntakipun kados meh kumureb, kadosta: numplak sekul dang-dangan saking kukusan.

19. Tembung “terang”, “cetha”, “tetela”, “genah”, kaliyan “gamblang”

- a. Tembung “**terang**” tegesipun cetha tumrap pangertosan. Tembung “**terang**” ugi nggadhahi teges sampun kendel jawah.
Tuladhanipun:
Menawi sampun **terang** dhateng sedaya dhawuhipun, sumangga enggal kula aturi tindak.
Sapunika jawahipun sampun **terang**, mangga tumunten bidhal.
- b. Tembung “**cetha**” tegesipun terang menggahing pamireng lan paningal.
Tuladhanipun:
Ngendikanipun kirang **cetha**, sebab panjenenganipun saweg gerok.
Yen dipun-tingali saking kiwa langkung **cetha** tinimbang saking tengen.
- c. Tembung “**tetela**” tegesipun kacetha yen, terang yen, cetha sanget, terang sanget.
Tuladhanipun:
Sasampunipun **tetela** piyambakipun boten jujur, lajeng kepareng panjenengan kadospundi?
- d. Tembung “**genah**” tegesipun terang tumrap kawontenaning barang. Tembung “**genah**” ugi nggadhahi teges runtut sarta tumata.
Tuladhanipun:
Wis **genah** wis tanah = sampu terang yen piyambakipun tiyang sae.
Kalawau atus sampeyan dhateng Bapak Kepala boten **genah**, milanipun panjenenganipun duka.
- e. Tembung “**gamblang**” tegesipun cetha lan terang tumrap pangretosan.
Tuladhanipun:
Katranganipun Bapak Kepala Sekolah njalari **gamblang** manah kula.

20. Watak “jail”, “drengki”, “ndableg”, “muthakil”, “murka”, kaliyan “melikan”

- a. Watak “**jail**” tegesipun remen namakaken piala murih cilakaning tiyang sanes.
- b. Watak “**drengki**” tegesipun meri dhumateng kabegjaning tiyang sanes, namakaken sandi-upaya murih cilakanipun.
- c. Watak “**ndableg**” tegesipun, boten ngrewes dhateng prentah, boten mraduli yen dipuntimbali.
- d. Watak “**muthakil**” tegesipun sugih akal ingkan kangge untungipun piyambak, adamel kapitunaning tiyang sanes.
- e. Watak “**murka (angkara murka)**” tegesipun kumedah-kedah nampi panduman kathah piyambak, sanadyan sampun nampi panduman kathah nanging meksa taksih dereng narimah.
- f. Watak “**melikan**” tegesipun gampil ketuwuhan raos kepengin ndarbeni baranging tiyang sanes.

21. Tembung “aneh”, “nyleneh”, “elok”, “langka”, “nglengkara”, “mokal”, kaliyan “aeng”

- a. Tembung “**aneh**” dipuntrapaken tumrap barang ingkan arang wontenipun, kadosta: **Aneh** yen ana pitik kok sirahe loro.
- b. Tembung “**nyleneh**” dipuntrapaken wonten ing bab igkan kaduk boten limrah utawi boten kaprah, kadosta: Bocah kok **nyleneh** temen ta kowe kuwi, mosok dadi manten arep ditemokne kok ora gelem dipacaki, malah mung nganggo suwal cekak.
- c. Tembung “**elok**” dipuntrapaken tumrap kedadosan ingkan boten kening dipunkinten-kinten, kadosta: **Elok** banget ana lintang tiba ing Prambanan kok dienggo pamoring keris.
- d. Tembung “**langka**” ngemu suraos tangkeh kelampahanipun, kadosta: **Langka** yen kowe arep dijdohokne karo Endang Sulastri, hla wong Endang Sulastri kuwi bintang film wis duwe pacar tur ya bintang film, dene kowe mung tukang ngarit.
- e. Tembung “**nglengkara**” ngemu suaros maiben, kadosta: Apa sing kokkandhakne kuwi **nglengkara**, aku babar pisan ora percaya.
- f. Tembung “**mokal**” nerangaken samukawis ingkan boten tinemu ing nalar, kadosta: Kok **mokal** temen, endi ana wong mati yen ora krasan kok terus bisa mulih maneh.
- g. Tembung “**aeng**” dipuncakaken tumrap samukawis ingkan awis-awis sanget pinanggihipun: Ing Mojokerto ana wong macul nemu barang kuna kang wujud **aeng** banget, banjur diaturake marang pemerintah.

22. Tembung “alon”, “rindhik”, “kendho”, “lirih”, “sareh”, kaliyan sapanunggilipun

- a. Tembung “**alon**” tumraping pratingkah utawi tindak-tanduk, kosok wangsulipun “**cukat**”
- b. Tembung “**rindhik**” tumraping lampah, kosok wangsulipun “**rikat**”
- c. Tembung “**kendho**” tumraping tali, nanging asring sinilih tumraping ati, dados tembung entar.
- d. Tembung “**lirih**” tumraping swanten, kosok wangsulipun “**seru**”.
- e. Tembung “**sareh**” tumraping ati utawi napas, upamane: Sarehna atimu (sabara). Matura, yen wis sareh napasmu.
- f. Tembung “**tamban**” alon tumrap iramaning gendhing, kosok wangsulipun “**sesegeg**”.
- g. Tembung “**remben**” tegesipun dangu tumraping tiyang dandan (macak).
- h. Tembung “**tlendho**” tegesipun dangu rampungipun tumrap tiyang ingkan nyambut damel.
- i. Tembung “**sendhet**” tegesipun boten lancar tumrap ilining toya.
- j. Tembung “**rendhet**” tegesipun boten rikat tumrap panggaraping prakawis.

PITUTUR LUHUR

J.F.X. Hoery

SABEN dina kita ajeg ngresiki awak sarana adus lan ganti penganggo resik, kang mangkono iku kajaba amrih bagas kuwarasan yèn sinawang katon resik ngresepaké. Mangkéné iki pakulinan kang becik, nanging bakal luwih prayoga manèh yèn ing ati banjur kethukulan osik, ing saben dina kita iya kudu ngresiki lan ngupakara batin lan jiwa amrih sangsaya apik lan sangsaya resik saka sakèhing rereged saka anané cacat lan panggodha. Sebab yèn badan wadhag kang kena rusak iku tansah kita gematèni, ya géné jiwa kang asifat langgeng malah dilirwaaké.

KALAMUN kowé kanthi bandaniah lan rokhaniah tetep kepengin bagas kuwarasan, tansah élinga rong prakara. Kang sapisan jaganen sakèhing samubarang kang nedya koklebokaké ing tutuk, dititingi luwih dhisik apa bakal gawé sehaté raga apa malah suwaliké ngrusak badan. Kang kapindho, kulinakna mikir luwih dhisik samubarang kang bakal mbokwetokaké saka tutuk. Liré pikiren luwih dhisik kanthi mateng apa kang bakal mbokucapaké mengko ora malah gawé kucemé jenengmu dhéwé, bakal nglarani atining liyan apa ora. Déné yèn ora ana paédahé ucapmu, aja kojah amrih ora nandhang keduwung.

ORA béda karo rob lan suruting banyu segara, kahanan uripé manungsa iku uga ora bisa uwal saka bungah lan susah, beja lan cilaka. Kang perlu tansah diélingi yaiku : aja kasusu kebacut kèrem kalimput ing kabungahan rikalané lagi nampa kabegjan, lan aja kaselak gampang angles yèn lagi nandhang apes. Awit kasusahan mono sok malah bisa ngentas saka kaluputan lan kabodhohan , sauger insyaf marang dhiriné lan ora mupus sarta tansah percaya marang Kang Murbèng Dumadi.

SALAH sijining pakaryan kang adaté isih arang wong bisa nglakoni, yaiku meksa awaké dhéwé utawa nindakaké laku disiplin. Sanajan wis ngerti apa kang katindakaké kanggo keperluané dhéwé sarta kauntungané dhéwé. Tuladhané sinau lan nyingkiri urip mbeboros. rèhning wis cetha sepira mungguh gédhéning piguna lan manfaaté wong nyèlèngi, saiba becikè yèn bisa nglakoni. Meksa awaké dhéwé yèn kawitan pancèn aboting abot , nanging yèn wis kita tindakaké apamanèh yèn wis manjing dadi pakulinan rasa abot mau mbaka sethithik bakal sirna.

AJA kaselak kesusu nacat mrang samubarang

kang durung mbokweruhi dhéwé utawa malah ora ngerti dhodhok sèlèhé kang samesthiné. Awit ing pamburiné yèn tetéla panacatmu mau ora mapan, kowé dhéwé kang banjur dadi cacadan. Suwaliké iya aja gumampang lan énggal-énggal ngalembana utawa percaya marang samubarang kang kowé durung genah gedhéne ora nyipati dhéwé mungguh lelakoné. Sebab luput-luput ing pamburiné kowé bisa koncatan kapercayan , dianggep wong kang angèl dipercaya.

MANUNGSA wenang ngrekadaya lan mbudidaya sakatogé tenaga lan pikirané, sok mangkonoa prayogané aja kaselak kusus ndhisiki mesthèkaké kabèh bisa kelakon sadurungé kaleksanan. Mundhak ing tembé dadi gela lan kuciwa samangsa ora kaleksanan panggayuhé. Luwih dosa manèh yèn cuwaning ati nukulaké sifat gampang muring-muring senjata mung barang sepélé. Sing kaya mangkono mau prasasat nyiksa awak lan jiwane dhéwé . Awit kahanan ora bakal owah dadi becik mung sarana pamuring muring baé., kepara ngedohaké ati lan pamikir kang wening kang mesthiné dadi sarana utama kanggo nalesih généya gegayuhane nganti gagal.

MANEMBAH marang Pangeran iku manéka warna wujud lan tata gelaré. Salah sijiné panembah kang ora abot katindakaké yaiku memuji kaluhuraning Pangéran lan nyenyuwun karaharjaning bebrayan. Wondéné sapa kang gandrung marang karaharjaning donya lan akhérat iya ora bakal nggresah samangsa nemahi lelakon sedih lan ora wegah tansah nindakaké saréngating agamané , ora aras-arasen nindakaké kabecikan tanpa ngarah pamrih pribadhi. Parandéné wong kang élingé marang Pangéran mung yen kapinujon nandhang susah iku tandha yekti yèn penembahé durung mantep lan imané isih miyar-miyur.

MUNGSUH kang mungging cangkakan tumrapping wong kang lagi ngudi marang laku karahayon iku lumrahé tinemu ora adoh saka anggané dhéwé. Yaiku arupa pepenginan kang nyenengaké lan bisa nekakaké kanikamataning raga. Nanging kanggoné wong mursid tangèh bisa kèlu marang samubarang kang sarwa méncutaké, nanging kang sayektiné malah mung bakal dadi memala resiking jiwane.

SING sapa ésuk-ésuk wis sambat ngaruara, ngresula lan nggresah bab cupeting pangupajiwané, padatané banjur lali marang kuwajibané kang kudu

diayahi, kemma ing sadhengah pakaryan, marga lumuh ngadhepi pakéwuh. Pangresula mono sawijining memala tumrapping manungsa kang makarya, déné panggresah iku genah nggawé bubrahé langkah. Mula wong sing wis kpatuh gampang ngresula lan nggresah iku padatané wis kelangan rong proteloné kapercayan lan keyakinané marang dhiri pribadhi.

YÈN kepéngin awakmu tansah dadi wong kang bisa dipercaya, kulinakna yèn caturan sing bener. Nanging kalamun ana bab lan parigawé kang tinamtu, omong sanyatané kanthi blaka iku malah bisa nekakaké bilahi. Mula yèn micara luwih becik, delengen sapa kang mbok ajak caturan, udinen supaya angon mangsa lan bisa milih empan lan papan.. Wusanané mung rembug kang dora sembada baé kang luwih prayoga.

YÈN kepéngin ora mung dadi uwuh utawa sangkrahing jagad, kang mung tansah kompal-kampul dadi dolanané ombaking bebrayan, mula kudu bisa mbudidaya ngulati lan nyetitèkaké glagat sasmitaning jaman kang tansah owah gingsir. Wasis lan waskitha ngrangkani kridhaning mangsa, aran bisa mbangun jaman kang cumawisake kanggo panguripané anak turun ing tembéne.

WIS dadi kanyatan lan pepestèn, yèn ati budining manungsa iku ora ana maremé. Pikirané ora ajeg, kerep molah-malih, nggléwang ngiwa nggléwang nengen, bosenan, kemma marang kang wis ana lan daya-daya kepengin ngrangsang marang barang kang dadi pangarep-arepé. Mula akèh wong kang nemahi bilahi marga saka tingkah polahé dhéwé, ninggal kaprayitnan lan kawaspadan.

DALAN kang tumuju ing karahayon iku, ngliwati padesan rekasa lan padhukuhan sengsara. Sarwa rumpil, megah-megahaké lan sok nggawé ceklèking semangat. Mula ora aran nggumunaké yèn pancèn ora banget-banget pangudiné arang kang bisa nggayuh karahayon. Suwaliké dalan kang tumuju kasangsaran iku ngliwati kesenangan lan kanikmatan.. Ora béda karo dalan marang kemlaratan, ngliwati panggawé ngebrèh, royal lan sapanunggalané. Marga kurang wewéka lan kawaspadaning ati, akèh wong kang nyingkiri dalan kang ngrekasa banjur padha milih kang sarwa gampang nanging kebak bendhuning Pangéran.

ING samubarang gawé, aja gumampang mesthèkake bakal kelakoné. Awit kaweruhana menawa sakèhing lelakon iku akèh banget sambekalané kang durung kinaweruhan malah ora memper banget lamun anekani. Iku awit cubriya ngumbar hawa nafsu. Semono uga ngumbar hawa tumrapping sapa kang lagi kebener nepsu. Mumpung bilahiné durung nekani, prayoga mbudi nglarèhi dhiri. Sumingkira saka suwasana kang bebrangasan lan patemonan karo sapa baé. Nyebut

asmané Gusti, nekuk lan ngegarake driji, milang wiwit siji nganti sepuluh, padatané mberkahi.

MENANGI jaman opyaké wong kang rebutan semat lan drajat, panguwasa lan luhuring pangkat, akèh kang banjur padha lali, padha kalimput katut mèlu tumindak nistha.; Gedhéné tekan pitenah, kontul diunèkaké dhandhang, dhandhang diunèkaké kontul. Ngadhepi kahanan sing kaya mangkono mau prayogané aja pisan-pisan ninggalaké kawaspadaning batin. Awit urip ing tengahing coba, sapa kang tetep santosa lan resik budiné, bakal tetep pinayungan ing pangayomaning Pangéran.

SOK sapaa kang kuwasa lan kuwawa nindakaké kabecikan, nanging ora nindakaké, pepindhané wit-witan kang ora awoh. Déne sapa kang ngendhé-endhé anggoné nindakaké kabecikan, prasasat ngadeg sapinggiré kali saperlu ngentèni mandheging iliné banyu. Lan sapa lagi nyekel panguwasa, nanging kadunungan watak asor, iku padha baé karo wit-witan kang wohé katon ndhemenaké, nanging ngandhut wisa kang bisa gawé cilakané wong akèh.

SAMANGSA kowé kepéngin nyuda utawa mbuwang kasusahan, sabeneré gampang banget saranané. Sudanen krenteg iutawa grenengé atimu. Awit uwong iku saya gedhé pepenginané adaté iya mesthi akèh kasusahané. Sangsaya sethithik pepenginané mahanani kurang utawa ènthèng kasusahané. Apamanéh mengini barang kang nglengkara lan ora saukur karo kekuwatané, mangkono iku kajaba mung nekakaké kasusahan uga kepara malah gawé sarwa luput lan kang diarah sarwa mrucut. Bakal nandhang dosa, yèn sing kaya mangkono mau banjur nyalahaké liyan. Kamangka luputé saka awaké dhéwé.

SAMPURNANÉ urip iku yèn sethithiké wis bisa mepaki kawruh nem perkara. Sepisan kaweruh keimanan kanggo njejegake kepercayaan marang Pangéran. Kapindho kaweruh tasawuf, kanggo ngalusaké budi kelakuan. Katelu kaweruh pekih, kanggo ngruntutaké tindak tanduk amrih laras karo angger-angering tatakrama, nggedhèkaké rasa tepa salira. Kapapat kaweruh kasarasan saperlu kanggo ngrekasa sarasing raga kang bisa numusi sarasing jiwa. Kalima kaweruh alam, saperlu kanggo mbeciki lan njaga lestarine alam lan lingkungan kang kita alap pametuné. Kaenem njaga wetuning ucap amrih ora gawé serik apadéné larané atining liyan.

SOK SAPAA kang bisa nyandhet lan nelukaké hawa nafsu iku wis dadi pancadan kang anjog marang urip kang kebak kautaman. Suwaliké sing sapa kulina nuruti lan nguja hawa nafsuné, iku cadhangan bakal dadi sèkèng kamulyané. Kéntir ing uleganing panguripan kang bakal anjog ing kedhunging kanisthan.

Tekaning titimangsa tinimbangan Gusti, tangèh bisa oncat saka kukuming kodrat. Mula saka iku sing bisa mbundheli kendhaliné tékad, narik kendhaliné nafsu samangsa ana babahan nekani kang ajak-ajak tumindak asor lan mlèncèng. Mandhega dadi abdi lan pangayom kang bisa njaga jejeging adil, aja nganti dadi baturung hawa nafsu, sing manut adiling kodrat bakal gawé bilahi.

URIP bebrayan utawa jejodhohan yèn siji lan sijiné bisa nduwèni rasa emong-ingemong, tertamtu bakal bisa sempulur, nemu tentrem rahayu. Pethalé mung karo pisah pati. Nanging yèn siji bisa ngemong, sijiné ora, rukuné kurang, iya bakal diedohi rejeki. Déné yèn siji lan sijiné ora gelem ngemong, tansah bèncèng cuwèng, wekasané dadi bubrah, pethal isih padha uripé. Kang mangkono mau pancèn ora dadi larangan, nanging banget ora dikersakaké Gusti Allah. Kosèking bebrayan marga kebak pakarti-pakarti culika, ninggal tata susila nerak rasa kamanungsan kang wekasané binalenggu ing nafsu angkara.

SAMANGSA sawayah-wayah kowé kathukulan cipta kang becik, ora mitunani awakmu dhéwé, kepara malah gawé senenging liyan, prayoga énggal-énggal tandangana lan lakonana. Awit kalamun mbok endhé-endhé sedhéla manèh bakal kasusul gagasan manéka warna kang yèn ora gawé sangga runggitu sok malah mbokjugaraké babar pisan. Yèn gagasan becik mau bali ngendhang sangaté wis mungkur. Yèn wis mangkono getune tiba mburi. Kang cetha manèh, rasa keduwung iki bakal dadi lelaraning ati, awit tansah mbebeda ing sapari polahé pikirmu.

SAWERNANING isèn-isèning jagat iki ora ana kang ora kena kapurba manungsa. Ya isèn-isèn kang urip apadéné kang mati. Isèn-isèn urip kayadéné kéwan, sapi, kebo, gajah kepara kewan galak bisa dipréntah manungsa senjata ora kabèh manungsa bisa nindakaké. Barang-barang ora urip, thethukulan, wesi, watu lan sawernané uga bisa kawangun anut karo karepé manungsa, ginawé apa baé. Saka kabèh mau, ana sawiji maungsa kang ora gampang ngerèh senjata lèngkèt karo awaké ndhéwé, yaiku ilat. Sapa kang bisa ngerèh barang siji iki, istingarah bakal nemu kamulyan lan slamet uripé.

SEPIRA ta ampuhé uteg' manungsa kang sok ngegul-gulaké kasudibyané marga bisa nyipta barang kang ngédab-édabi. Sabeneré ora ana saamput-ampouté yèn katandhing karo jembaring jagad rat iki. Ibarat mung kaya banyu satètès kang tumiba ing tengahé samodra kang jembaré tanpa wangenan. Pituduhi iki ngelikaké marang sok sapaa kang gampang ketaman rasa anggep, bisa ngendhalèni watak adigang adigung adiguna dalasan solah tingkah kang nuduhaké menawa

mung dhèwèké dhéwé kang kasinungan kaluwihan.

SAPA baé kang kulina nyritakaké kathik nganggo supata, iku sawijining pratandha yèn wong kang mangkono iku dhemen goroh utawa lagi goroh. Lamun ta ora goroha, apa kang diucapaké mau umume mesthi wis ditambah-tambahi, dibumboni amrih dadi gumuné wong akèh. Kalamun krungu crita kang kaya mangkono mau, apamanèh ora mèlu nyipati dhéwé, luwih becik ora percaya. Iki kanggo ngawékani amrih ora katut dadi latah, nularake crita kang akèh luputé tinimbang beneré, marang wong-wong kang ora mèlu ngrungokaké kojahé.

TEMBUNG tirakat lan kesrakat pancèn adoh sungsaté maknané. Liré tembung tirakat iku ngedohaké, ngengurangi utawa nyingkiri kepara mbuwang sakèhing nafsu pepénginan kang sejatiné dhèwèké bisa minangkani, amrih bisa ngrasakaké sepira aboté wong kang urip kesrakat iku. Kesrakat yaiku panandhangé wong kang papa cintraka. Klawan mangkono wong saya gedhé rasa tepa slirané sarta kebak rasa welas asihé. Pakarti kang mangkono iku bisa sarana kalatih.

YÈN kowé préntah marang wong liya. tepakna awakamu dhéwé kang nglakoni préntah mau. Déné yèn kowé pinuju nglakoni pegawéyan saka pakoné wong liya, tindakna kanthi becik, tampanen kayadéné yèn kowé dhéwé sing ngakon. Yèn bisa mangkono, mengko rak gampang anggonmu mrantasi sakèhing jejibahanmu, marga saktandang grayangmu bakal rinasa luwih ènthèng.

KOWÉ mesthi serik yèn panemumu kang mbokanggep bener iku dicacat liyan, semono uga kosok baliné, mesthiné wong liya iya ora gelem disalahaké. Saben uwong pancèn nduwèni panemu béda-béda. Ana unèn-unèn, séjé silit séjé anggit. Mula saka iku aja sok gampang maoni penemuné liyan, apamanèh nganti nyacat keyakinané liyan. Kautamaning urip iku yèn bisa ngedohi wewatakan drengki, srèi, sing tundoné bisa ngrusak kerukunan. Drengki bisa nukulaké hawa nafsu, yèn ngantiya kinanthèn panguwasa, genah gampang nukulaké kawengisan sing ngluiwihi kawengisané sato kéwan.

SAPA kang lagi sengsem lan katrem marga antuk kabegjan, iku sabeneré malah dadi sumber dununging wong lali. Gampang lirwa ing kawaspadan lan kaprayitnan sing tudhoné gampang kena pangojok-ojoking sétan, nindakaké pakarti kang luwih déning nistha. Wusanané mung bakal dadi slangkrahé masyarakat lan leletheking jagad. Mula prayogané sakèhing kang dumadi iku anggepen kayadéné pandadaran ing atasé awaké dhéwé saiki lagi ngayahi tugas luhur nggayuh kaharjaning bebrayan. (H.R. }

ASEM - ASEM BANDENG

(KHAS LAMONGAN)

Resep Istirah

Masakan khas Lamongan ingkang saget dipun damel ing griya inggih menika asem-asem bandeng. Raos asem-asem bandeng menika asem seger amargi migunaaken tomat lan blimbing wuluh.

Bahan-bahanipun :

- 1 ulam bandeng seger ingkang ageng, dipun resiki lan dipunpotong dados 5 utawi miturut selera
- 2 tahu ingkang sampun dipun kukus dipunpotong utawi selera
- 5 blimbing wuluh, dipunpotong dados 4
- 5 lombok alit wutuh
- 1 lombok ageng dipunpotong serong
- 1 tomat dipunpotong 6
- Ron brambang dipunpotong, kemangi
- Sarem, gendhis
- Toya 1 liter

Bumbu rajang lan geprek :

- 4 siyung brambang
- 2 siyung bawang
- 2cm jahe digeprek
- 1cm kunir, bakar geprek

Caranipun masak asem-asem bandeng khas Lamongan :

- Ulam bandeng rendem kalian sarem kinten-kinten 5 menit, kangge bucal abu lemah lan amis.
- Godhog toya ngantos umob,
- Lebetaken bumbu rajang lan geprek, bandeng, tahu, ngantos umob
- Dipuntambahaken blimbing wuluh, tomat, lombok rawit lan ageng, sarem, gendhis
- Menawi dipun raos sampun eco, tambahaken ron brambang lan kemangi, Asem-asem bandeng sampun siap dipun sajiaken



FINALIS GURU INSPIRATIF NASIONAL NGGAGAS PELATIHAN MAOS GEGURITAN TUMUJU REKOR MURI 2021

Punapa tasik kemutan kalihan Ibu Emi Sudarwati, S.Pd? Guru Basa Jawi saking Bojonegoro ingkang kala taun 2015 nate nampi pangaji-aji saking Balai Bahasa Jawa Timur kategori *Guru Bahasa Daerah Berdedikasi atas Aktivitas dan Kreativitasnya dalam Membina dan Mengembangkan Sastra Daerah di Sekolah*.

Ing kalodhangan punika redhaktur kepingin sanget ngawontenaken wawanrembug kalihan salah satunggaling guru Basa Jawi punika. Amargi kepireng bilih ing taun 2020 panjenengane nampi pangaji-aji minangka *Finalis Guru Inspiratif Nasional* ugi sampun nggagas Pelatihan Maos Geguritan tumuju Rekor MURI 2021. Adicara punika makarya sareng kalihan Balai Bahasa Jawa Timur lan Dinas Pendidikan Kabupaten Bojonegoro. Disengkuyung dhening Yayasan Tiga Srikandhi Sejati (Y3SS), Penerbit Majas Bojonegoro, Sanggar Sumilak Balen, Kami Belajar Menulis (KBM) Bojonegoro, Kemenag Bojonegoro, Cabang Dinas Cabang Bojonegoro lan Tuban.

Mula ing dinten Sabtu Kliwon, 13 Februari 2021. Redhaktur karaya-rayu sowan dhateng Baureno-Bojonegoro, inggih punika tumuju dalemipun Ibu Emi Sudarwati. Salah satunggaling Guru Basa Jawi kang ugi nate nampi pangalembana saged tindak dhateng Walandi rikala taun 2016. Krana sampun mimpang lomba *Inovasi Pembelajaran Tingkat Nasional*.

Boten namung punika. Saking medhia sosial redhaktur ugi mangertos. Bilih Bu Emi Sudarwati kagungan *Tempat Belajar Milenial* (TBM) Kinanthi. TBM kang mapan wonten dalemipun ngemot koleksi buku ingkang cacahipun langkung saking sewu eksemplar.

Lumantar *Whats App* (WA) redhaktur sumadosan badhe sowan dalemipun. Nanging krana Bu Emi ing wekdal punika taksih mucal lan piket, mila sepisanan katampi ing Perpustakaan SMPN 1 Baureno. Redhaktur kepranan ugi kalih buku-buku koleksi perpustakaan sekolah punika. Pranyata kathah sanget buku-buku karyanipun siswa lan gurunipun piyambak.

Kanthi ulat kang grapyak lan sumanak Bu Emi ndampingi redhaktur kliling ing perpustakaan sekolah punika. Perpustakaanipun wiyar sanget. Mapan wonten ing lantai kalih gedhung ngajeng piyambak.

Watara tabuh sedasa, redhaksi nembhe diaturi ing dalemipun. Saperlu pados pawarta sakathah-kathahipun ngenani TBM Kinanthi lan adicara pelatihan maos geguritan tumuju rekor MURI. Ibu Emi punika pidalem wonten ing dhusun Talun, RT. 14, RW. 7, Desa Blongsong, Kecamatan Baureno, Kabupaten Bojonegoro.

Ing ngandhap punika mujudaken pirembagan (wawanrembug) redhaktur Titis Basa (TB) kalihan Ibu



Emi Sudarwati (ES).

TB : *Wiwit kapan madegipun TBM Kinanthi punika?*

ES : Sejatosisipun TBM Kinanthi sampun madeg wiwit taun 2017. Wanci menika kula daptar kanthi *on line* ing *link* ipun perpustnas. Singkatanipun Taman Bacaan Masyarakat. Nanging nembe dipunkenalaken ing masyarakat kanthi resmi wedal 22 September 2019.

TB : *Lha kenging menapa sapunika TBM singkatanipun dados Tempat Belajar Milenial? Napa kersanipun saged tinampi dening generas milenial?*

ES : Saged mawon mekaten. He he he.... Nanging sejatosipun boten menika alesan utaminipun. Naning mergi idi saking Forum Taman Bacaan Masyarakat (FTBM) Kabupaten Bojonegoro punika awrat sanget, mila wiwit 8 Oktober 2020 naminipun kagantos dados Tempat Belajar Milenial (TBM).

TB : *Kegiatanipun napa mawon ingkang sampun katindakaken ing TBM Kinanthi punika?*

ES : Adicara ingkang sampun lumampah rutin ing TBM Kinanthi ingih punika: pelatihan lan lomba nyerat gurit, puisi, cerpen, cerkak lan esai. Ugi pelatihan kanthi cara virtual salebetipun mangsa pageblug Covid 19. Dene adicara lomba nyerat sampun katindakake kaping gangsal (5). Lomba ing TBM Kinanthi menika benten kalih ing panggenan lintunipun. Amergi namung ing mriki, sedaya peserta lomba nampi pangaji-aji minangka juara. Sedaya asil seratan peserta ugi dipun terbitaken dados buku mawi ISBN.

TB : *Maksudipun kados pundi, kok sedaya peserta lomba angsal juara? Kula nyuwun dipunjelasaken bab menika supados para pamaos mangke saged gamblang ngenani bab punika?*

ES : Lomba ing TBM Kinanthi punika gadhah

wawancara

pangangkah, saged paring panjurung kangge sedaya kemawon kersanipun kersa nyerat. Utaminipun para dwija lan siswa. Nanging boten katalumpen ingkang kagungan pakaryan salintunipun ugi saged ndherek nyerat. Dados sedaya ingkang ndherek lomba nyerat ing TBM Kinanthi badhe pikantuk piala utawi medhali, piagam penulis, piagam juwara lan buku.

TB : *Oalah, mekaten ta. Ngeneni program Pelatihan Maos Geguritan menika kapan nggih?*

ES : Pelatihan maos geguritan menika kawontenaken nalika dinten Sabtu Paing, 20 Februari 2021, kanthi virtual utawi daring. Terget peserta menika 1.000. Nanging ingkang ndherek namung 824 peserta. Boten namung saking Indonesia, nanging ugi saking manca negari. Adicara menika makarya sesarengan kalihan Balai Bahasa Jawa Timur (BBJT) lan Dhinas Pendhidhikan Kabupaten Bojonegoro. Dipunsengkuyung dening Kalawarti *Jaya Baya*, *Exxon Mobil Cepu Limited* (EMCL), Kemenag Bojonegoro, PGRI lan APKS, Cabang Dhinas Pendhidhikan Wilayah Bojonegoro-Tuban, Perkumpulan Rumah Seni Asnur (PERRUAS), Madu Jonegoroan-SE Taour lan Travel, Yayasan Tiga Srikandhi Sejati (Y3SS), Penerbit Majas, Sanggar SUMILAK Balen, lan Kami Belajar Menulis (KBM) Bojonegoro.

TB : *Sinten nara sumber ing adicara kasebut?*

ES : Nara sumber dhateng adicara Pelatihan Maos Geguritan ingih punika Widodo Basuki, salah setunggaling redhaktur Kalawarti *Jaya Baya*. Dene kangge njurung para peserta, panitia ugi ngruwuhaken pamaos geguritan saking Universitas Atmajaya Yogyakarta (Yohanes Siyamto), saking Australia (Prof. Dr. George Quinn) lan saking Den Haag Walandi (Dr. Revi Sukatno).

TB : *Sejatosipun, napa tujuanipun panjengan ngawontenaken Pelatihan Maos Geguritan punika?*

ES : Tujuan dipunwontenaken pelatihan Maos Geguritan inggih menika: (1) supados geguritan langkung manjila lan dipuntresnani dening para siswa; (2) geguritan langkung celak kalihan Masyarakat Indonesia lan manca negari; (3) geguritan tetep dados warisan Budaya Jawi utawa masyarakat Indonesia, boten namung dikenal dening panggurit utawa sastrawan piyambak. Nanging napa kang kaserat dening panggurit saged dipunwaos dening tiyang kathah; (4) kaangkah saged ngrengkuh Rekor MURI Dunia minangka Peserta Webinar Maos Geguritan paling kathah lan Pamaos Geguritan paling kathah.

TB : *Napa mawon ingkang dipunrembag ing adicara Pelatiha Maos Geguritan?*

ES : Bapa Widodo Basuki njlentrehaken caranipun maos geguritan ingkang sae, bener tur pener kanthi gamblang terang truwaca. Narasumber uga janji bakal ngemot karya tulis siswa arupi geguritan lan criyos ing kalawarti *Jaya Baya*. Nanging nalikanipun kintun naskah kedah nyebutaken asma lan alamat sekolahipun.

TB : *Sasampunipun pelatihan punapa wonten*

tagihanipun?

ES : Sasampunipun ndherek pelatihan, sedaya kapurih kintun video maos geguritan. Saben peserta angsal ngintun langkung sakong setunggal video. Geguritan ingkang dipunwaos angsal karanganipun piyambak utawi karanganipun tiyang sanes. Menawi peserta dereng kagungan naskah geguritan, saged pados dhateng kalawarti *Jaya Baya*. Panitia ugi nyepakaken kathah sanget naskah geguritan ingkang kapethik saking kalawarti *Jaya Baya*.

TB : *Salintunipun kangge pengajuan Rekor MURI, kangge napa malih ngempalaken video geguritan punika?*

ES : Sedaya video maos geguritan menika badhe dipununggah dhateng chanel *you tube* TBM Kinanthi. Peserta saged *subscribe*, njempol lan mbagekake link *you tube* kala wau marang sinten mawon. Video ingkang angsal jempol paling kathah sasampunipun gangsal dinten dipununggah badhe pikantuk bebana kaos saking EMCL. Dene peserta ingkang paling cepet ngirim video badhe angsal bebana arupi madu Jonegoroan saking SE lan Travel Bojonegoro.

TB : *Punapa namung peserta ingkang kedah ngintun video maos geguritan?*

ES : Boten namung peserta loh ingkang kedah ngintun video maos geguritan. Nanging ugi narasumber lan panitia dikeparengaken kintun video maos geguritan. Amargi adicara menika boten lomba, nanging namung ngempalaken video pamaos geguritan paling kathah. Mila saben peserta boten namung ngintun setunggal video, nanging angsal langkung saking setunggal video.

TB : *Wah... mugi-mugi sukses nggih Bu acaranipun. Geguritan sanget manjila ngantos manca negari. Aamiin. Sawetara, mekaten kemawon ingkang kula tangkletaken. Mugi-mugi ing lintu wekdal saged sowan malih ing Baureno Bojonegoro. Kula nyuwun pamit rumiyin. Nuwun.*





